

**SIKAP HIDUP PRIYAYI WONTEN ING NOVEL KIRTI NJUNJUNG
DRAJAT ANGGITANIPUN R. TG. JASAWIDAGDA MINANGKA
KAJIAN STRUKTURAL SEMIOTIK**

SKRIPSI

Kaaturaken Dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Pendadaran Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



Dening:

Waliy Asluki

NIM 10205244009

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2014

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan "*Sikap Hidup Priyayi Wonten Ing Novel Kirti Njunjung
Drajat Anggitanipun R. Tg. Jasawidagda Minangka Kajian Struktural Semiotik*"
menika sampun pikantuk palilah dening dosen pembimbing kangge dipunuji
wonten ing salebeting pendadaran.



Yogyakarta, 23 Juni 2014

Pembimbing



Dr. Suwardi, M. Hum

NIP 19640403 199001 1 004

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan "*Sikap Hidup Priyayi Wonten Ing Novel Kirti Njunjung
Drajat Anggitanipun R. Tg. Jasawidagda Minangka Kajian Struktural Semiotik*"
menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging Dewan
Penguji ing tanggal 10 Juli 2014 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Nama	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M. Hum.	Ketua Penguji		17 Juli 2014
Sri Hertanti Wulan, M. Hum.	Sekretaris Penguji		18 Juli 2014
Drs. Afendy Widayat, M. Phil.	Penguji I		16 Juli 2014
Dr. Suwardi, M. Hum.	Penguji Pendamping		17 Juli 2014

Yogyakarta, 18 Juli 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Waliy Asluki**

NIM : 10205244009

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing skripsi menika beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanes, kejawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratanipun.

Seratan wonten ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, prekawis menika dados tanggeljawab kula piyambak.

Yogyakarta, 23 Juni 2014

Panyerat



Waliy Asluki

SESANTI

Aja wedi salah wedia marang bebener

Mulat sarira hangrasa wani

PISUNGSUNG

Alhamdulillah kula aturaken dhumateng Gusti Allah SWT ingkang Maha Welas saha Maha Asih, skripsi menika panyerat damel minangka pisungsung dhumateng bapak Purwanto saha ibu Mujianti minangka tiyang sepuh ingkang sampun kanthi ikhlas paring tresna, donga, panjurung, panyengkuyung saha pambiyantu wiwit purwa dumugi wasana.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayahipun, satemah panyerat saged mujudaken skripsi kanthi irah-irahan “*Sikap Hidup Priyayi Wonten Ing Novel Kirti Njunjung Drajat Anggitanipun R. Tg. Jasawidagda Minangka Kajian Struktural Semiotik*” kanthi rancag boten wonten pepalang setunggal menapa. Skripsi menika kaserat kanggen jangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar Sarjana Pendidikan*.

Seratan skripsi menika saged kawujud awit saking panyengkuyungipun sedaya pihak wiwit purwa dumugi wasana. Kanthi raos bombonging manah, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Prof. Dr. Zamzani, M. Pd., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan kangge damel skripsi menika.
2. Dr. Suwardi, M. Hum., minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi palilah kangge nglampahaken panaliten.
3. Dr. Suwardi, M. Hum., minangka dosen pembimbing ingkang sampun paring bimbingan, wewarah, ngelmu, saha panjurung kanthi wicaksana.
4. Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum., minangka dosen Penasehat Akademik ingkang sampun paring wewarah ingkang sadangunipun panyerat kuliah.
5. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ngelmu ingkang mupangat.
6. Staf administrasi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit saking pambiyantunipun.
7. Bapak Purwanto, Ibu Mujiанти minangka tiyang sepuh ingkang boten nate kendhat anggenipun paring tresna, donga, wewarah, panyengkuyung saha panjurungipun.
8. Mas Afik, Mbak Matien, Mbak Lina, Awwalu saha kulawarga ageng panyerat ingkang tansah paring pambiyantu lan panjurung.

9. Kanca-kanca Dhian, Nofi, Wiji, Leni, Ana, awit saking sedaya pambiyantu lan panjurungipun.
10. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2010, mliginipun Kelas G 2010 awit saking sedayanipun ing sedangunipun kuliah.
11. Kanca-kanca KKN-PPL SMP Negeri 4 Wonosari awit saking pambiyantunipun.
12. Sedaya pihak ingkang sampun paring pambiyantu satemah skripsi menika saged paripurna ingkang boten saged dipunsebataken sedaya.

Panyerat rumaos bilih skripsi menika taksih tebih saking kasampurnan, pramila panyaruwe saha pamrayogi saking sedayanipun tansah katampi kanthi suka renaning penggalih. Ing wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap sedayanipun.

Yogyakarta, 23 Juni 2014

Panyerat



Waliy Asluki

PRATELAN ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
PRATELAN ISI	ix
PRATELAN TABEL	xii
PRATELAN LAMPIRAN	xiii
PRATELAN CEKAKAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
 BAB I. PURWAKA	 1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prekawis	4
C. Watesaning Prekawis	5
D. Wosing Prekawis	5
E. Ancasing Panaliten	6
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangertosan	7
 BAB II. GEGARAN TEORI	 8
A. Deskripsi Teoritis	8
1. Novel Minangka Karya Sastra	8
2. Pendekatan Struktural Semiotik	9
a. Pendekatan Struktural	9
b. Pendekatan Struktural Semiotik	21
c. Teori Semiotik Pierce	24
3. Sikap Hidup Priyayi	26

B. Panaliten ingkang Jumbuh	30
BAB III. CARA PANALITEN	32
A. Jinising Panaliten	32
B. Data saha Sumbering Data	32
C. Caranipun Ngempalaken Data	33
D. Pirantining Panaliten	33
E. Caranipun Nganalisis Data	35
F. Caranipun Ngesahaken Data	36
BAB IV. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	38
A. Asiling Panaliten	38
1. Sinopsis Cariyos Kirti Njunjung Drajat	38
2. Wujud-Wujud Sikap Hidup Priyayi wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	41
3. Unsur-Unsur Struktural ingkang wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	42
4. Wujud Gayutanipun Antawis Tandha kaliyan Acuanipun (Ikon, Indeks, Simbol) wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	45
B. Pirembagan	51
1. Wujud-Wujud Sikap Hidup Priyayi wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	51
1. Bebuden Luhur	52
2. Tanggeljawab	56
3. Tanggap Ing Sasmita	57
4. Wicaksana	58
5. Lebda Ing Pamawas	60
6. Remen Anggegulang Ngelmi	62
7. Kaprihatosan	63
8. Lampah Prihatos	65
9. Enget dhateng Panguwaosing Gusti Allah	65

10. Mbangun Miturut dhateng Tiyang Sepuh	68
2. Unsur-Unsur Struktural ingkang wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	69
3. Wujud Gayutanipun Antawis Tandha kaliyan Acuanipun (Ikon, Indeks, Simbol) wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	79
BAB V. PANUTUP	93
A. Dudutan	93
B. Impikasi	94
C. Pamrayogi	94
KAPUSTAKAN	96
LAMPIRAN	98

PRATELAN TABEL

Kaca

Tabel 1	: Deskripsi Wujud-Wujud Sikap Hidup Priyayi wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	41
Tabel 2	: Deskripsi Wujud Ikon Topologis, Ikon Diagramatik, saha Ikon Metaforis wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	45
Tabel 3	: Deskripsi Wujud Indeks wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	48
Tabel 4	: Deskripsi Wujud Simbol wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	50

PRATELAN LAMPIRAN

Kaca

Lampiran 1	:	Sinopsis Kirti Njunjung Drajat	98
Lampiran 2	:	Wujud-Wujud Sikap Hidup Priyayi wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	101
Lampiran 3	:	Wujud Ikon Topologis, Ikon Diagramatik, saha Ikon Metaforis wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat	110
Lampiran 4	:	Wujud Indeks wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat ...	117
Lampiran 5	:	Wujud Simbol wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat ..	120

DAFTAR CEKAKAN

KND : Kirti Njunjung Drajat

**SIKAP HIDUP PRIYAYI WONTEN ING NOVEL KIRTI NJUNJUNG
DRAJAT ANGGITANIPUN R. TG. JASAWIDAGDA MINANGKA
KAJIAN STRUKTURAL SEMIOTIK**

**Dening
Waliy Asluki
NIM 10205244009**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken Sikap Hidup Priyayi Wonten Ing Novel Kirti Njunjung Drajat Anggitanipun R. Tg. Jasawidagda Minangka Kajian Struktural Semiotik. Panganggenipun kajian struktural semiotik menika saged dipundadosaken tuladha panganggenipun kajian struktural semiotik wonten ing karya sastra sanesipun.

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *deskriptif*. Data panaliten menika awujud wujud-wujud *sikap hidup priyayi*, *unsur-unsur struktural*, saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)*. Sumbering data panaliten menika ngginakaken salah satunggaling *novel* abasa Jawi kanthi irah-irahan *Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R. Tg. Jasawidagda*. Pirantining panaliten menika ngginakaken *human instrument* utawi panaliti piyambak ingkang dipunbiyantu kanthi *kartu data*. *Data* dipunkempalaken kanthi cara maos lan nyerat (nyathet). Caranipun nganalisis *data* menika ngginakaken *teknik deskriptif interpretative* mawi langkah *heuristik* saha *hermeneutik*. Wondene cara anggenipun ngesahaken *data* menika kanthi ngginakaken *validitas semantik* saha reliabilitas intrarater saha interrater.

Asiling panaliten inggih menika: (1) Wujud sikap hidup priyayi ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* wonten sedasa jinis, inggih menika, bebuden luhur, tanggungjawab, tanggap ing sasmita, wicaksana, lebda ing pamawas, remen anggegulang ngelmi, kaprihatosan, lampah prihatos, enget dhateng panguwaosipun Gusti Allah, saha mbangun miturut dhateng tiyang sepuh; (2) *Unsur-unsur struktural* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda angliputi, tema, alur, paraga, latar, sudut pandang, saha basa; (3) Wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *ikon* wonten tiga jinis inggih menika, *ikon topologis*, *ikon diagramatik*, saha *ikon metaforis*. Wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *indeks* wonten tiga jinis inggih menika, tumindakipun paraga ingkang damel kaget, tumindakipun paraga ingkang ngobahaken manah, saha tumindakipun paraga ingkang damel duka. Wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *simbol* wonten tiga jinis inggih menika, gegayutan kaliyan kapriyayan, gegayutan kaliyan gelar nama, saha gegayutan kaliyan *masa penjajahan Belanda*.

Pamijining tembung: *kajian struktural semiotik, sikap hidup priyayi, novel Kirti*

Njunjung Drajat

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Novel minangka salah satunggaling karya sastra ingkang wosipun ngandharaken *model* pagesangan dhateng pamaos kanthi wujud cariyos. Wonten ing *novel* wonten karya *kreatif imajinatif* saking panganggit, menapa kemawon ingkang dipunpenggalih kaliyan panganggit dipunandharaken mawi cariyos. Cariyos ingkang dipunandharaken dening panganggit menika maneka warna wujudipun gumantung kaliyan tema utawi wosipun cariyos. Pagesangan ingkang wonten ing *novel* boten sami kaliyan ingkang wonten ing pagesangan sejatosipun, sinaosa karya sastra menika wujud *refleksi* utawi *pencerminan* saking *realitas sosial*.

Pagesangan ingkang wonten ing *novel* menika maneka warna wujudipun. Wonten ingkang ngandharaken babagan sosial, budaya, politik, ekonomi, lan sapanunggalanipun. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda, panganggit ngandharaken cariyos babagan sosial budaya mliginipun budaya Jawi inggih menika babagan pagesangan priyayi. Perkawis pagesangan priyayi sampun boten nate dipunandharaken wonten ing karya sastra mliginipun *novel*. Mawi *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda menika, panaliti gadhah pangajab supados perkawis pagesangan priyayi menika saged kangge sinau tiyang kathah, amargi wonten ing jaman sakmenika sampun boten ketinggal tetiyang nyinau babagan pagesangan priyayi. Kamangka wonten ing pagesangan priyayi menika wonten ingkang saged dipundadosaken tuladha kangge tiyang kathah wonten ing pagesangan padintenan.

Kapriyayan menika minangka salah satunggaling wujud bilih taksih wontenipun kabudayan mliginipun kabudayan Jawi. Kathah perkawis-perkawis ingkang ngandharaken babagan kapriyayan, tuladhanipun inggih menika *sikap priyayi*, *pola hidup priyayi*, *pandangan dunia priyayi*, jinising priyayi, lan taksih kathah malih perkawis-perkawis ingkang nedahaken bilih tiyang kasebut minangka priyayi. Sedaya menika wau dipuntliti mawi ilmu sastra.

Sastra menika anggenipun nliti utawi nganalisis salah satunggaling objek panaliten ngginakaken salah satunggaling *pendekatan*. Wonten mapinten-pinten jinising *pendekatan* wonten ing *lingkup* sastra kangge nganalisis karya sastra, miturut Abrams (wonten ing Endraswara, 2013 : 9) jinising *pendekatan* wonten 4, inggih menika (1) *pendekatan ekspresif*, ingkang gayutanipun kaliyan panganggit, (2) *pendekatan objektif*, inggih menika *menitikberatkan* teks sastra ingkang saklajengipun dipunsebat *strukturalisme* utawi *instrinsik*, (3) *pendekatan mimetik*, inggih menika panaliten sastra ingkang gayutanipun kaliyan *kesemestaan* (*universe*), saha (4) *pendekatan pragmatik*, inggih menika panaliten sastra ingkang gayutanipun kaliyan *resepsi* pamaos dhateng teks sastra. Saking 4 jinising *pendekatan* kala wau lajeng dipunperang malih ngantos wonten *pendekatan struktural*, *semiotik*, *sosiologi sastra*, *resepsi sastra*, *psikologi sastra* saha moral. *Pendekatan-pendekatan* ingkang sampun dipunsebataken wonten ing nginggil menika gadhah titikanipun piyambak-piyambak miturut jinising *pendekatan*. Wonten ing panaliten menika, panaliti ngginakaken *pendekatan struktural semiotik*, amargi dipuntingali saking wosipun novel, panaliti *tertarik* kangge nliti novel kasebut kanthi ngginakaken *pendekatan struktural semiotik*.

Pendekatan struktural semiotik anggenipun nлити inggih menika dipunpadosi *unsur-unsur intrinsik* ingkang wonten ing *novel* lajeng gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun mliginipun ikon, indeks, lan simbol*. Panaliten menika ugi ngandharaken menapa kemawon wujud-wujud *sikap hidup* priyayi ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun Tg. Jasawidagda menika supados masarakat mliginipun pamaos *novel* kasebut saged mangertos babagan pagesangan priyayi saha saged dados pasinaon dhateng tiyang kathah. Salah satunggal tuladha ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda wonten ing ukara ing ngandhap menika.

“Nayapada mangsuli taklim, amargi kejawi wicanten dhateng inggil-inggilanipun, pancen dhasaripun andhap-asor. Tanganipun kagathukaken satengah ngapurancang, sarta mawi mendhak sawatawis, tembungipun, “Nun badhe njagong dhateng Dlanggu.”

Saking ukara ing nginggil lajeng dipunanalisis, dipunpadosi ingkang nedahaken *sikap hidup* priyayi. Saged dipunanalisis bilih ukara ing nginggil nedahaken salah satunggaling *sikap hidup* priyayi. Wujud saking *sikap hidup* priyayi wonten ing ukara kasebut titikanipun inggih menika bilih ukara kasebut ngandharaken salah satunggaling priyayi ingkang andhap-asor, katingal saking caranipun mangsuli pitakenan saking tiyang sanes saha caranipun ngendika ugi mawi cara ingkang alus, sopan. Saklajengipun bilih dipuntingali saking jinising priyayi, paraga ingkang dipunandharaken saking ukara menika paraga kasebut kalebet priyayi alit, amargi paraga ingkang dipunmaksud minangka abdidalem, saged katingal saking ukara ing ngandhap menika.

“....Kejawi punika tiyang wau ngangge kuluk pethak, kenging dipungrayangi bilih abdidalem apangkat drajat.”

Dados saking tuladha kalawau, saking panaliten menika samangke saged dipunpanggihaken wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, menapa saking ukaranipun, wicantenipun, lan sanes-sanesipun. Kejawi menika ugi saged manggihaken unsur-unsur *struktural*ipun inggih menika unsur *instruksik* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda menika, *peranan antarunsur struktural* ugi saged ndayani sedaya wosing cariyos wonten ing *novel* kasebut, saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda, *fungsi* panganggenipun simbol wonten ing *novel* menika ugi saged dipunandharaken mawi *pendekatan struktural semiotik* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika. Kanthi makaten panaliten menika dipunajab saged kangge piwucal tumrap tiyang kathah babagan priyayi mliginipun *sikap hidup* priyayi.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten wonten ing nginggil, saged dipunpanggihaken mapinten-pinten perkawis ingkang saged dipunrembag. Perkawis-perkawis ingkang dipunmaksud inggih menika :

1. Wujud-wujud *sikap hidup* priyayi ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
2. *Unsur-unsur struktural* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

3. Wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
4. Jinising priyayi ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
5. *Fungsi* panganggenipun *simbol* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar perkawis-perkawis ingkang wonten ing underaning perkawis, panaliten menika boten badhe ngrembag sedaya perkawis ananging dipunfokusaken dados tiga perkawis, inggih menika :

1. Wujud-wujud *sikap hidup* priyayi ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
2. *Unsur-unsur struktural* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
3. Wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten, underaning perkawis saha watesaning perkawis wonten ing nginggil, wosing perkawis wonten ing panaliten menika, inggih menika :

1. Kadospundi wujud-wujud *sikap hidup* priyayi ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda?
2. Kadospundi *unsur-unsur struktural* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda?
3. Kadospundi wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas inggih menika :

1. Ngandharaken wujud-wujud *sikap hidup* priyayi ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
2. Ngandharaken *unsur-unsur struktural* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.
3. Ngandharaken wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

F. Paedahing Panaliten

1. Paedah Teoritis

Dipuntingali mawi cara teoritis asil saking panaliten menika dipunajab saged suka kawruh babagan *sikap hidup* priyayi wonten ing jaman rumiyin saha saged dipungayutaken wonten ing jaman sakmenika.

2. Paedah Praktis

- a. Tumrap mahasiswa, panaliten menika kaajab saged kangge pasinaon mliginipun babagan *sikap hidup* priyayi.
- b. Tumrap bebrayan ageng, panaliten menika saged suka kawruh babagan *sikap hidup* priyayi wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda, kajawi menika panaliti gadhah ancas supados menapa ingkang dipunkajengaken panganggit menika saged dipunmangertosi dening para pamaos *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda.

G. Pangertosan

1. Sikap Hidup

Sikap hidup inggih menika salah satunggaling kawontenanipun manah utawi tumindakipun kangge ngadhepi gesang ingkang dipunlampahi.

2. Priyayi

Miturut etimologi tembung priyayi saking tembung para yayi ingkang ateges *para adik raja* (Kartodirdjo, 1987: 3). Priyayi dipunginakaken dening tiyang-tiyang ingkang kinurmatan kalebet pegawai negeri (Atmodjo, 1981: 115).

3. Kajian Struktural Semiotik

Kajian struktural semiotik inggih menika cara nganalisis ingkang mliginipun gegayutan kaliyan tandha ingkang wonten ing karya sastra lajeng gayutanipun saben unsur intrinsik.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Deskripsi Teoritis

1. *Novel minangka Karya Sastra*

Miturut Kramer (wonten ing Jassin, 1965: 71) *novel* inggih menika cariyos ingkang nyariyosaken babagan prastawa ingkang *luar biasa* saking pagesangan tiyang sanes, dipunwastani *luar biasa* amargi saking prastawa-prastawa menika kala wau wonten salah satunggaling *konflik* utawi perkawis-perkawis ingkang ngrubah nasib tetiyang. Dawanipun *novel* boten saged dipuntemtokaken, ananging biyasanipun langkung dawa tinimbang cekak utawi cerita cekak, ingkang dipuntegesaken menapa wonten perkawis utawi *pergolakan* jiwa wonten ing salebeting cariyos ingkang saged ngewah-ewahi nasib tetiyang.

Miturut Abrams (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 11-12) tembung *novel* saking basa *Italia novella* (ingkang wonten ing basa *Jerman: novelle*). Kanthi cara harfiah *novella* ateges salah satunggaling *barang* ingkang enggal ingkang alit, lajeng dipuntegesaken minangka cariyos cekak wonten ing wujud prosa. Wonten ing jaman sakmenika *istilah novella* saha *novelle* ngemu pangertosan ingkang sami kaliyan *istilah* Indonesia ‘*novelet*’ (wonten ing basa *Inggris novelette*), ingkang ateges salah satunggaling karya prosa fiksi ingkang dawanipun cekapan, boten langkung dawa, ananging ugi boten langkung cekak.

Novel minangka totalitas ingkang asipat *artistik*. Minangka karya sastra ingkang totalitas, *novel* gadhah perangan-perangan, *unsur-unsur* ingkang gadhah gayutanipun satunggal kaliyan sanesipun ingkang raket. Maneka warni *unsur* kasebut dipunperang dados kalih, inggih menika *unsur intrinsik* saha *unsur*

ekstrinsik. Wonten ing panaliten menika ingkang badhe dipunandharaken inggih menika babagan *unsur intrinsik*.

Unsur intrinsik (intrinsic) (Nurgiyantoro, 2013: 30) inggih menika *unsur-unsur* ingkang ambangun karya sastra kasebut. *Unsur intrinsik* salah satunggaling *novel* inggih menika *unsur-unsur* ingkang tumut ambangun cariyos wonten ing *novel* kasebut. *Unsur* ingkang dipunmaksud inggih menika kadosta, prastawa, cariyos, *plot*, *penokohan*, *tema*, *latar*, *sudut pandang*, basa utawi *gaya bahasa*.

2. Pendekatan Struktural Semiotik

a. Pendekatan Struktural

Struktur inggih menika *kaitan-kaitan tetap* antawis *kelompok-kelompok gejala*. *Kaitan-kaitan* kasebut dipunwontenaken dening salah satunggaling panaliti adhedhasar anggenipun ngawontenaken *observasi*. Tuladhanipun: paraga-paraga wonten ing salah satunggaling *novel* saged dipunperang miturut kelompok-kelompokipun piyambak-piyambak kados makaten: paraga utama, paraga ingkang nglawan, paraga ingkang biyantu lan sapanunggalanipun. Anggenipun nyacah miturut kelompok-kelompokipun adhedhasar gayutanipun. Antawis paraga utama kaliyan para paraga *pendukung* wonten gayutanipun *asosiasi* (pambiyantu, *dukungan*, *kepentingan* sareng-sareng), antawis paraga utama saha para lawan gayutanipun *oposisi*. Gayutan-gayutan kasebut asipat ajeg, tegesipun boten gumantung kaliyan salah satunggaling *novel* tartamtu (Luxemburg dkk, 1984: 36).

Luxemburg dkk (1984: 38) ugi nambahaken bilih utaminipun pangertosan *struktur* inggih menika, bilih salah satunggaling karya utawi prastawa wonten ing masarakat andadosaken salah satunggaling *keseluruhan* amargi wonten

gayutanipun *timbang balik* antawis perangan-peranganipun saha antawis perangan lan sedayanipun. Miturut Ryan saha Tyson (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 58) *struktur* inggih menika sistem aturan ingkang ndadosaken mapinten-pinten *elemen* menika awujud salah satunggaling *kesatuan* ingkang “*bersistem*” satemah ndadosaken *elemen-elemen* menika kalawau kagungan makna.

Kajawi istilah *struktural* ugi wonten istilah *strukturalisme*. *Strukturalisme* miturut Abrams (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 59) saged dipuntingali minangka salah satunggaling pendekatan kasusastran ingkang ngutamekaken *kajian* gayutanipun saben *unsur pembangun* karya ingkang dipunmaksud. *Strukturalisme* inggih minangka cara *berpikir* babagan donya ingkang utaminipun gegayutan kaliyan tanggapan saha gambaran babagan *struktur-struktur* (Endraswara, 2013: 49). Miturut Junus (Endraswara, 2013: 49) *strukturalisme* asring dipunpahami minangka wujud. Karya sastra inggih menika wujud. Miturut Levi-Strauss lan Propp (Endraswara, 2013: 49) *strukturalisme* wonten gayutanipun kaliyan filsafat. *Strukturalisme* saged nggambaraken pikiran saking ingkang gadhah cariyos. Perkawis menika ateges bilih *strukturalisme* sastra modern utawi sastra tradhisional, tetep wonten gayutanipun kaliyan perkawis-perkawis wonten ing njawi *struktur*.

Pendekatan struktural inggih menika salah satunggaling panaliten kasusastran ingkang mliginipun nliti dhateng gayutanipun saben *unsur pembangun* karya ingkang dipuntliti. *Analisis struktural* karya sastra saged dipunlampahi kanthi *mengidentifikasi*, *mengkaji*, saha *mendesripsikan fungsi* saha gayutanipun saben *unsur intrinsik fiksi* ingkang dipunmaksud. Ingkang

sepisan dipun*identifikasi* saha dipun*deskripsikan*, tuladhanipun, kados pundi kawontenan prastawa-prastawa ingkang wonten ing cariyos, *plot*, *tokoh* lan *penokohan*, latar, *sudut pandang* lan sapanunggalanipun. Saklajengipun dipunandharaken kados pundi *fungsi-fungsi* saben *unsur* menika saged mbiyantu makna sedayanipun, saha kadospundi gayutanipun saben *unsur* menika satemah kanthi sesarengan awujud salah satunggaling *totalitas – kemaknaan* ingkang *padu*. Tuladhanipun, kadospundi gayutanipun antawis prastawa ingkang setunggal kaliyan sanesipun, gayutanipun kaliyan *plot* ingkang boten mesthi *kronologis*, gayutanipun kaliyan paraga lan watakipun, gayutanipun kaliyan latar lan sapanunggalanipun (Nurgiyantoro, 2013: 60).

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunserat bilih *pendekatan struktural* inggih menika salah satunggaling pendekatan kasusastran ingkang ngutamekaken kajian gayutanipun saben *unsur pembangun* utawi *unsur intrinsik* salah satunggaling karya sastra ingkang dipuntliti. Caranipun nliti inggih menika mawi *mengidentifikasi*, *mengkaji*, saha *mendesripsikan fungsi* saha gayutanipun saben *unsur pembangun* utawi *unsur intrinsik* karya sastra ingkang dipunmaksud utawi ingkang dipuntliti. Kanthi cara makaten saged dipuntingali makna sedayanipun cariyos ingkang wonten ing karya sastra menika saha *fungsi*ipun saben *unsur pembangun* wonten ing cariyos kasebut. Wonten ing panaliten menika boten ngginakaken *analisis struktural murni*, pramila saking menika panaliten menika boten badhe ngandharaken babagan gayutanipun saben *unsur pembangun* karya sastra.

Wonten ing *pendekatan struktural* menika saged dipuntingali bilih *strukturalisme* menika langkung migatosaken *objek* saha panganggit boten dipunwontenaken, pramila asring *pendekatan* menika dipunwastani minangka *antihumanis*. Supados *pendekatan* menika boten dipunwastani minangka *pendekatan* ingkang *antihumanis*, pramila *analisis struktural* menika langkung sae bilih dipunjangkepi kaliyan analisis sanesipun. Analisis ingkang dipunmaksud inggih menika *semiotik* ingkang wonten gayutanipun kaliyan panaliten menika kajawi menika *analisis struktural* boten saged dipunicali saking *analisis semiotik*. Satemah *analisis* menika dados *analisis struktural-semiotik*, *analisis struktural* ingkang dipungayutaken kaliyan kawontenan sosial-budaya ingkang langkung wiyar saha *kajian intertekstual*. Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken *unsur-unsur struktural* wonten ing karya sastra.

1) Tema

Tema minangka salah satunggaling *unsur* karya sastra. Miturut Stanton (1965: 20) saha Kenny (1966: 88) (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 114) ngandharaken bilih tema (*theme*) inggih menika makna ingkang dipunkandhut dening salah satunggaling cariyos. Nurgiyantoro (2013: 115) damel dudutan bilih tema inggih menika *gagasan* (makna) dhasar umum ingkang *menopang* salah satunggaling karya sastra minangka *struktur semantis* saha asipat *abstrak* ingkang kanthi *berulang-ulang* dipunmedalaken mawi *motif-motif* saha biyasanipun dipunlampahi kanthi *implisit*.

Tema wonten ing karya sastra dipunperang dados kalih, inggih menika tema utama saha tema tambahan. Tema utama utawi ugi dipunsebat *tema mayor*

inggih menika makna pokok cariyos ingkang dados dhasaripun utawi gagasan dhasar umum karya sastra menika. Kangge nemtokaken tema utama cariyos ngginakaken cara ngidentifikasiaken, milih, *mempertimbangkan*, saha mbiji. Tema tambahan utawi ugi dipunsebat tema minor, inggih menika makna ingkang namung wonten ing perangan-perangan tartamtu kemawon wonten ing cariyos ingkang saged dipun*identifikasi* minangka makna tambahan. Makna-makna tambahan menika boten ngadeg piyambak, ananging nyengkuyung wontenipun makna pokok.

2) Plot

Plot minangka unsur ingkang wigati sanget wonten ing karya sastra. Plot utawi alur menika dados unsur ingkang ndadosaken cariyos menika wonten saha saged dipunmangertos dening pamaos. Miturut Stanton (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 167), plot inggih menika cariyos ingkang isinipun urutanipun salah satunggaling prastawa, ananging saben prastawa menika namung dipungayutaken kaliyan *sebab akibat*, prastawa ingkang setunggal dipunsebabaken utawi ndadosaken prastawa sanesipun. Plot miturut Forster (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 167) inggih menika prastawa-prastawa ingkang gadhah *penekanan* wonten ing gayutan *kausalitas*. Dados, plot menika prastawa ingkang gadhah gayutan *sebab akibat* ingkang ndadosaken prastawa setunggal gayut kaliyan prastawa sanesipun.

Miturut Nurgiyantoro (2013: 212-213), plot dipunklompokaken wonten ing pinten-pinten jinis ingkang beda adhedhasar *sudut-sudut tinjauan* utawi *kriteria* ingkang beda ugi. Pambedanipun plot adhedhasar *kriteria* urutanipun

wekdal dipunperang dados kalih kategori inggih menika **kronologis** saha **boten kronologis**. Ingkang kapisan dipunsebat minangka **plot lurus, maju** utawi ugi dipunsebat **progresif**, dene ingkang kaping kalih dipunsebat minangka **regresif flash-back** utawi **sorot balik**. Plot saged dipunsebat **plot lurus, progresif** bilih prastawa-prastawa ingkang dipuncariyosaken asipat *kronologis*, prastawa ingkang kapisan dipunlajengaken prastawa ingkang saklajengipun, utawi kanthi urutan cariyos dipunwiwiti saking *tahap awal (penyituasan, pengenalan, pemunculan konflik)*, ing ngandhap menika *skema plot progresif* kados makaten.

A ——— B ——— C ——— D ——— E

Katrangan:

A = nglambangaken tahap awal cariyos

B-C-D = nglambangaken prastawa-prastwa saklajengipun, tahap tengah, ingkang ngandharaken inti cariyos

E = nglambangaken tahap penyelesaian cariyos.

Plot sorot balik, flash back, urutanipun prastawa ingkang kadadean boten asipat *kronologis*. Cariyos boten dipunwiwiti saking tahap awal, ananging mbok bilih saking tahap tengah utawi malah tahap akhir, lajeng nembe tahap awal cariyos dipuncariyosaken.

3) Paraga

Paraga ugi kalebet unsur ingkang wigati wonten ing karya sastra sami kaliyan tema saha plot. Paraga cariyos (*character*) miturut Abrams (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 247), inggih menika tiyang-tiyang ingkang wonten ing salah satunggaling karya *naratif*, utawi drama, ingkang dening pamaos dipunta^{afsir}iraken

gadha *kualitas moral* saha *kecenderungan* tartamtu kados dene ingkang dipunekspressiaken wonten ing pocapan saha menapa ingkang dipuntindakaken wonten ing tumindak. Miturut Nurgiyantoro (2013: 258), paraga-paraga wonten ing cariyos *fiksi* dipunbedakaken wonten ing jinising *penamaan* adhedhasar *sudut pandang* pundi *penamaan* menika dipuntindakaken.

a. Paraga Utama saha Paraga Tambahan

Menawi dipuntingali saking *peran* paraga wonten ing *pengembangan plot* saged dipunbedakaken inggih menika paraga utama saha paraga tambahan. Paraga utama (*central character*), inggih menika paraga ingkang ngutameaken cariyosipun wonten ing *novel*. Paraga kasebut minangka paraga ingkang kathah dipuncariyosaken, minangka *pelaku* prastawa utawi ingkang dipunkengingi prastawa. Paraga tambahan utawi paraga perifer (*peripheral character*), biyasanipun boten dipunpreduliaken, utawi kirang dipunwigatosaken wonten ing cariyos kasebut.

b. Paraga Protagonis saha Paraga Antagonis

Menawi dipuntingali saking *fungsi penampilan* paraga saged dipunbedakaken wonten ing paraga protagonis saha paraga antagonis. Miturut Altenbernd & Lewis; Baldic (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 261), paraga protagonis inggih menika paraga ingkang dipunremeni ingkang salah satunggaling jinisipun dipunsebat *hero*---paraga ingkang minangka *pengejawantahan norma-norma nilai-nilai* ingkang *ideal* dhateng kita. Dene paraga antagonis inggih menika paraga ingkang kuwalikanipun kaliyan paraga protagonis, kanthi cara langsung utawi boten langsung, asipat fisik utawi batin. Paraga antagonis menika

ingkang nyebabaken wontenipun perkawis ingkang dipunlampahi dening paraga protagonis, ananging ugi wonten perkawis ingkang dipunlampahi dening paraga protagonis boten saking paraga antagonis utawi paraga-manungsa, ingkang makaten menika dipunsebat minangka kekiyatan antagonistis. Tuladhanipun, *bencana alam*, kacilakan, lingkungan alam saha sosial, kuwaosing ingkang langkung inggil lan sapanunggalanipun.

c. Paraga Sederhana saha Paraga Bulat

Paraga sederhana saha paraga bulat dipunbedakaken adhedhasar watakipun. Paraga sederhana (*simple* utawi *flat character*), inggih menika paraga ingkang namung gadhah setunggal kualitas pribadi tartamtu, setunggal sipat watak tartamtu kemawon. Dene paraga bulat inggih menika paraga ingkang gadhah saha dipunandharaken sisi pagesanganipun, sisi kapribadhen saha jati dirinipun. Piyambakipun gadhah watak ingkang warni-warni, menapa malih ingkang katingal *bertentangan*.

d. Teknik Pelukisan Paraga

Wonten ing cariyos *naratif* anggenipun nggambaraken para paraga ngginakaken satunggaling *teknik*. *Teknik pelukisan* paraga kasebut nggambaraken sipatipun, sikapipun, watakipun, tindak tandukipun, saha sedaya perkawis ingkang gegayutan kaliyan dhiri paraga. *Teknik* menika dipunperang dados kalih, inggih menika ***teknik uraian (telling)*** saha ***teknik ragaan (showing)*** miturut Abrams (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 279), utawi ***teknik penjelasan, ekspositori (expository)*** saha ***teknik dramatik (dramatic)*** miturut Altenbernd & Lewis

(wonten ing Nurgiantoro, 2013: 279), utawi **teknik diskursif (discursive)**, **dramatik**, saha **kontekstual** miturut Kenny (wonten ing Nurgiantoro, 2013: 279).

Teknik ekspositori utawi biyasa dipunsebat **teknik analitis**, inggih menika gambaran paraga cariyos dipunandharaken mawi nyukani *deskripsi*, *uraian*, utawi andharan kanthi cara langsung. Andharan kasebut kados dene sikap, sipat, tindak tanduk, utawi titikan *fisikipun*. Panganggit kanthi rikat saged ngandharaken jati dhiri paraga satemah pamaos ugi saged kanthi rikat mangertos jati dhiri paraga.

Teknik ingkang angka kalih inggih menika *teknik dramatik*. *Teknik dramatik* inggih menika *teknik ingkang sairip kaliyan ingkang dipuntampilaken* wonten ing drama, inggih menika dipuntindakaken kanthi cara boten langsung. Tegesipun panganggit boten ngandharaken kanthi cara *eksplisit* sipat saha sikap paraga. Paraga supados ngandharaken piyambak jati dhirinipun mawi pedamelan ingkang dipuntindakaken.

4) Latar

Latar minangka *unsur karya fiksi* ingkang saklajengipun. Unsur latar dipunperang dados tiga, inggih menika latar papan, latar wekdal, saha latar sosial-budaya. Saking tiga unsur kala wau gadhah gayutan ingkang celak sanget. Latar papan nedahaken papan wontenipun prastawa ingkang dipuncariyosaken wonten ing satunggaling karya *fiksi*. Unsur papan ingkang dipunginakaken mbok bilih awujud papan-papan mawi nama tartamtu, inisial tartamtu, saha papan tartamtu tanpa nama ingkang cetha. Papan-papan mawi nama tartamtu inggih menika papan ingkang dipunpanggihi wonten ing donya nyata, tuladhanipun Yogyakarta, Madiun, Semarang lan sapanunggalanipun.

Latar wekdal gegayutan kaliyan kapan kadadosanipun prastawa ingkang dipuncariyosaken wonten ing salah satunggaling karya *fiksi*. Perkawis “kapan” kasebut biyasanipun dipungayutaken kaliyan wekdal *faktual*, wekdal ingkang wonten gayutanipun utawi saged dipungayutaken kaliyan prastawa sejarah.

Latar sosial-budaya nedahaken wonten ing perkawis-perkawis ingkang gegayutan kaliyan tumindak pagesangan sosial masarakat wonten ing satunggaling papan ingkang dipuncariyosaken wonten ing karya *fiksi*, ingkang kados makaten saged awujud adat istiadat, tradhisi, kapitadosan, sikap, cara *berpikir*, lan sanes-sanesipun ingkang kados makaten dipunsebat latar spiritual. Wonten malih latar sosial-budaya ingkang gegayutan kaliyan status sosial paraga ingkang dipunmaksud, tuladhanipun status sosial alit, tengah, utawi inggil.

5) Sudut Pandang

Miturut Abrams (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 338), *sudut pandang*, *point of view*, nedahaken caranipun satunggaling cariyos dipuncariyosaken. *Sudut pandang* kasebut minangka cara utawi pandangan ingkang dipunginakaken panganggit minangka sarana kangge ngandharaken cariyos wonten ing satunggaling karya *fiksi* dhateng pamaos.

Sudut pandang menika dipunperang dados kalih, inggih menika *persona pertama*, *first-person*, gaya “aku”, saha *persona ketiga*, *third-person*, gaya “dia”. Cariyos ingkang ngginakaken *sudut pandang persona ketiga* “Dia”, narator inggih menika tiyang ingkang wonten ing jawi cariyos ingkang medalaken paraga-paraga cariyos kanthi nyebataken nama, utawi tembung gantipun: *ia*,

dia, mereka. *Sudut pandang “dia”* kagolongaken dados kalih, inggih menika **“Dia” Mahatahu** saha **“Dia” Terbatas**, **“Dia”** minangka **Pengamat**.

Wonten ing *sudut pandang “Dia” Mahatahu* cariyos dipuncariyosaken saking sudut *“dia”*, ananging panganggit, narator, saged nyariyosaken menapa kemawon perkawis-perkawis ingkang gegayutan kaliyan paraga *“dia”*. *Narator* mangertos sedaya perkawis babagan paraga, prastawa, tumindak, pangraos, pikiranipun lan sanes-sanesipun. Wonten ing sudut pandang **“Dia” Terbatas** panganggit ngandharaken menapa ingkang dipuntingali, dipunmirengaken, dipunalami, dipunpikir, saha dipunraosaken dening paraga cariyos, ananging namung ing satunggal paraga kemawon (Stanton wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 350). Dados, menapa kemawon ingkang gegayutan kaliyan paraga gumantung saking *sudut pandang* panganggit, satemah pamaos saged mangertos lampahipun cariyos.

Wonten ing cariyos ingkang ngginakaken *sudut pandang persona pertama “aku”*, *narator* inggih menika tiyang ingkang *terlibat* wonten ing cariyos. Si “aku” paraga ingkang cariyos, nyariyosaken pribadhinipun, nyariyosaken prastawa saha tumindak ingkang dipunmangertosi, dipuntingali, dipunmirengaken, dipunalami, dipunpikir, dipunraosaken, saha sikapipun dhateng paraga sanesipun dhateng pamaos. Pamaos namung saged ngraosaken menapa ingkang dipunraosaken dening paraga.

6) Basa

Basa wonten ing karya sastra wigati sanget kawontenanipun. Mawi basa karya sastra saged ngandharaken *fungsinipun* inggih menika *fungsi komunikatif*.

Tanpa basa karya sastra boten saged ngandharaken pesenipun dhateng pamaos. Basa sastra gadhah titikan minangka basa ingkang gadhah unsur *emotif* saha asipat *konotatif* (Nurgiyantoro, 2013: 365). Basa minangka *unsur struktural novel* ing salebetipun wonten ingkang dipunwastani *stile*. *Stile* (*style, gaya bahasa*) miturut Abrams (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 369) inggih menika cara pangucapan basa wonten ing prosa, utawi kados pundi panganggit ngandharaken satunggaling perkawis ingkang badhe dipunandharaken.

Wonten ing *novel* basa ingkang dipunginakaken ugi kedah ngandhut *estetika* utawi kaendahan. Wujud *Estetika* utawi kaendahan kasebut salah satunggaling inggih menika awujud *pemajasan*. Wonten mapinten-pinten jinising majas utawi tembung entar, ing antawisipun inggih menika ***majas perbandingan***, ingkang dipunperang dados tiga, inggih menika ***simile, metafora, personifikasi***. Saklajengipun ***majas pengontrasan***, ingkang dipunperang dados sekawan, inggih menika ***hiperbola, paradoks, litotes, ironi, sarkasme***. Ingkang pungkasan inggih menika ***majas pertautan***, ingkang dipunperang dados kalih, inggih menika ***metonimi*** saha ***sinekdoke*** (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 400-404). *Majas perbandingan* inggih menika *majas* ingkang bandingaken satunggaling bab kaliyan sanesipun mawi titikanipun *kesamaan* antawis kekalihipun. *Majas pengontrasan* inggih menika *majas* ingkang nedahaken makna ingkang sewalikipun kaliyan ingkang dipunsebataken. Dene *majas pertautan* inggih menika *majas* ingkang ing salebetipun gadhah gayutan ingkang celak antawis makna ingkang sajatosipun dipunmaksud kaliyan menapa ingkang kanthi konkret dipunsebataken dening *penutur*.

b. Pendekatan Struktural Semiotik

Miturut teori Saussure (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 66) basa minangka salah satunggaling *sistem* tandha. Basa minangka salah satunggaling sistem tandha wonten ing teks kasusastran, boten namung *menyaran* ing *sistem* (*tataran*) makna tingkat kaping setunggal (*first-order semiotic system*), ananging mliginipun ing *sistem* makna tingkat kaping kalih (*second-order semiotic system*) (Culler wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 66). Wonten kalih tiyang ingkang nyiptakaken teori *semiotik*, inggih menika Ferdinand de Saussure saha Charles Sanders Peirce. Ferdinand de Saussure ingkang saking Eropa menika ngginakaken *istilah semiologi*, saha Charles Sanders Peirce ngginakaken *istilah semiotik*. Wonten ing panaliten menika panaliti ngginakaken *istilah semiotik*.

Semiotik menika saking tembung Yunani *semeion* ingkang tegesipun tandha. *Semiotik* inggih menika modhel panaliten sastra mawi nggatosaken tandha-tandha (Endraswara, 2013: 64). Karya sastra ingkang dipuntliti ngginakaken *pendekatan semiotik*, mila anggenipun nliti kedah mawi tandha-tandha menapa kemawon ingkang wonten ing karya sastra kasebut. Tandha-tandha menika saged awujud tindak komunikasi manungsa mawi basa, lisan utawi basa isyarat (Endraswara, 2013: 64). Dados, tandha-tandha kasebut saged saking basa ingkang kaserat, lisan ingkang dipunpocapaken, utawi basa isyarat inggih menika basa ingkang mawi *kode* anggenipun micara kaliyan tiyang utawi kelompokipun supados boten dipunmangertosi kaliyan tiyang sanes.

Miturut Preminger (wonten ing Pradopo, 1995: 119) *semiotik* (*semiotika*) inggih menika ilmu babagan tandha. Ilmu menika nyariosaken bilih *fenomena*

sosial/masyarakat saha kabudayan menika minangka tandha-tandha. *Semiotik* menika nyinau babagan *sistem-sistem, aturan-aturan, saha konvensi-konvensi* ingkang saged gadhah teges wonten ing karya sastra kasebut. Preminger (wonten ing Pradopo, 2013: 109) ugi ngandharaken bilih studi semiotik sastra inggih menika upiya kangge nganalisis salah satunggaling sistem tandha-tandha saha kanthi menika nemtokaken *konvensi-konvensi* menapa ingkang *memungkinkan* karya sastra menika gadhah teges.

Miturut Hoed (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 67) *pendekatan semiotik* inggih menika ilmu utawi cara nganalisis kangge *mengkaji* tandha. Tandha inggih menika *sesuatu* ingkang makili *sesuatu* sanesipun, ingkang saged arupi *pengalaman, pikiran, perasaan, gagasan*, lan sapanunggalanipun. Dados, ingkang saged dados tandha ingkang sajatosipun boten namung basa kemawon, ananging ugi sedaya perkawis ingkang *melingkupi* pagesangan menika. Tandha-tandha ingkang dipunmaksud inggih menika arupi obahipun badan, obahipun netra, tutuk, wujud seratan, warna, ageman, karya seni: sastra, lukis, patung lan sapanunggalanipun ingkang wonten ing sakiwa tengenipun pagesangan kita sedaya.

Miturut Zoest (1990: 3) *pendekatan semiotik* ateges bilih teks menika dipunanggep minangka salah satunggaling tandha, dipunbentuk dening *sejumlah* tandha-tandha sanesipun. Tandha-tandha menika nyepeng *peranan* wonten ing *komunikasi*. Saking tandha menika saged dipunpanggihi *penafsiran*, wontenipun kasunyatan (*denotatum*), saklajengipun wonten tandha baru ingkang wonten ing semiotik dipunwastani *Interpretant*.

Saking pangertosan-pangertosan saking para ahli, saged dipunpanggihi dudutan perkawis pangertosan *pendekatan semiotik*. Bilih *pendekatan semiotik* menika minangka salah satunggaling jinising *pendekatan* kangge nganalisis karya sastra. *Pendekatan semiotik* menika dipunginakaken kangge mangertosi sedaya wosing cariyos mawi tandha. Tandha-tandha ingkang dipunmaksud inggih menika arupi obahipun badan, tumindakipun, ageman, karya seni. Tandha-tandha ingkang wonten ing cariyos menika lajeng dipuninterpretasiaken supados saged dipunpanggiaken sedaya makna saking cariyos kasebut.

c. Teori Semiotik Peirce

Salah satunggaling ahli ingkang damel teori babagan tandha inggih menika *filosuf* saking Amerika Charles Sanders Peirce. Teori Peirce ngandharaken bilih *sesuatu* menika saged dipunwastani minangka tandha menawi *sesuatu* menika amakili *sesuatu* ingkang sanesipun (Nurgiyantoro, 2013: 67). Miturut Luxemburg dkk (1984: 45) kita ngawontenaken komunikasi mawi tandha-tandha. Tandha-tandha basa namung awujud salah satunggaling kelompok tandha ingkang dipunginakaken. Tembung-tembung, ugi ukara-ukara saha teks-teks kalebet tandha-tandha basa.

Miturut Nurgiyantoro (2013: 67-68) tandha ingkang dipunwastani minangka *representamen* kedah amakili satunggaling bab ingkang dipunwastani minangka *objek* (*acuan*, ugi dipunwastani minangka *designatum*, *denotatum*, utawi *referent*). Kanthi makaten menawi salah satunggaling tandha amakili *acuanipun*, pramila menika kalawau dipunwastani *fungsi* utama tandha kasebut.

Miturut Peirce (wonten ing Suwardi Endraswara, 2013: 65), wonten 3 jinising tandha adhedhasar gayutanipun antawis tandha kaliyan ingkang dipuntandhaaken, inggih menika (1) *ikon*, inggih menika tandha ingkang *secara inheren* gadhah *kesamaan* kaliyan teges ingkang dipunmaksud. (2) *indeks*, inggih menika tandha ingkang gadhah gayutanipun kaliyan menapa ingkang dipuntedahaken. (3) *simbol*, inggih menika tandha ingkang gadhah gayutan makna kaliyan ingkang dipuntandhaaken asipat arbiter, trep kaliyan *konvensi* salah satunggaling lingkungan sosial tartamtu.

Saking 3 jinising tandha wonten ing nginggil, taksih dipunperang malih dados mapinten-pinten warni (van Zoest wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 69).

(1) *Ikon* dipunperang dados 3 warni, inggih menika *ikon metaforis*, ingkang kalebet wonten ing *ikon metaforis* inggih menika: *kemiripan* kawontenan papan, *kemiripan* dhateng salah satunggal tiyang saha tokoh tartamtu, *kemiripan* dhateng pangraos utawi rasa. Ingkang angka kalih inggih menika *ikon topologis*, ingkang kalebet wonten ing *ikon topologis* inggih menika: nyebataken papan, wewengkon tartamtu saha kawontenanipun, nyebataken paraga cariyos, paraga wayang mawi sikap saha kawontenan *fisik*. Ingkang angka tiga inggih menika *ikon diagramatik*, ingkang kalebet wonten ing *ikon diagramatik* inggih menika: nedahaken papan, palenggahan utawi jabatan mawi *latar belakang*ipun, nyukani asma salah satunggal tiyang ingkang trep kaliyan prastawa tartamtu, saha nyebataken kawontenan lan sikap paraga ingkang gegayutan kaliyan perkawis ingkang dipunlampahi.

(2) *Indeks* dipunperang dados 3 wujud, inggih menika: tumindakipun paraga ingkang damel kaget, tumindakipun paraga ingkang saged damel obahipun manah, tumindakipun paraga ingkang damel duka.

(3) *Simbol*, dipunperang dados 7 wujud, inggih menika: gegayutan kaliyan kapitadosan, gegayutan kaliyan karemenan, gegayutan kaliyan sikap, solah bawa, tata krama, gegayutan kaliyan tradhisi, gegayutan kaliyan aturan saha hokum, gegayutan kaliyan pitedah, ingkang pungkasan inggih menika gegayutan kaliyan *gejala alam*.

3. Sikap Hidup Priyayi

Miturut etimologi tembung priyayi saking tembung para yayi ingkang ateges *para adik raja* (Kartodirdjo dkk, 1987: 3). Priyayi dipunginakaken dening tiyang-tiyang ingkang kinurmatan kalebet pegawai negeri (Atmodjo, 1981: 115). Miturut van Niel (Kartodirdjo dkk, 1987: 4), priyayi inggih menika tiyang ingkang dados pejabat administrasi pemerintahan tartamtu lan amargi jabatanipun tiyang menika dipunsukani hak dening Pemerintah Kolonial kangge ngginakaken gelar Raden utawi Raden Mas. Miturut Palmier (Kartodirdjo dkk, 1987: 7), priyayi inggih menika putra keturunan bupati. Priyayi inggih menika tiyang ingkang nindakaken pedamelan alus, inggih menika tiyang ingkang nyambut damel wonten ing *pemerintahan* (Geertz, 1989: 308). Miturut Soemarsaid Moertono (Kartodirdjo dkk, 1987: 10), priyayi inggih menika lapisan sosial ing antawisipun raja sarta para bendara saha rakyatipun.

Saking pamanggih wonten ing nginggil saged dipunaturaken bilih priyayi menika tiyang ingkang kinurmatan ingkang nyambut damel wonten ing

pemerintahan utawi gadhah gegayutan kaliyan *pemerintahan*. Dipunwastani priyayi menawi sedaya wujud sikap, tumindak, *pandangan*, saha *pola* pagesangan ingkang *melingkupi* priyayi minangka masarakat Jawi wonten ing *strata sosial kelas* ngandhap ingkang nedahaken *kemajuan* satemah dipuntingali kinurmatan wonten ing masarakat.

Salah satunggaling *faktor* ingkang dadosaken pitedah ingkang kaping sepisan babagan *status* inggih menika *gaya hidup*, inggih menika salah satunggaling *totalitas* saking maneka warna tatacara, adat, sikap pagesanganipun wonten ing padintenan. *Gaya hidup* menika ngemot *eksklusivisme*, kanthi gamblang badhe nedahaken menawi wonten beda status. Simbol status minangka biji sajatosipun *esensial* sanget dhateng *gaya hidup* priyayi, satemah wigati sanget kangge nemtokaken maneka warna kagiyatan kulawarga. Pagesangan priyayi menika beda kaliyan pagesangan masarakat biyasa, amargi priyayi menika mliginipun ngutamekaken *prestise* kangge nedahaken kawibawanipun.

Kaum priyayi mliginipun wonten ing kitha. Kathah priyayi ingkang gesang wonten ing kitha. Salah satunggaling sebab kenging menapa priyayi gesang wonten ing kitha inggih menika amargi boten *stabil*ipun politik wonten ing kerajaan jaman *pra-kolonial*, kajaba menika alasan sanesipun inggih menika amargi *filsafat*ipun para priyayi.

Miturut Geertz (1989: 311-312) tiyang ingkang dipunsebat priyayi menika gadhah pandangan dunia ingkang beda kaliyan tiyang biyasa. Wonten kalih konsep ingkang *sentral* dhateng pandangan dunia priyayi, inggih menika alus saha kasar. Alus menika ateges murni, gadhah budi ingkang sae, tindak tandukipun sae,

sopan, gapyak kaliyan sinten kemawon, sedaya ingkang dipuntindakaken tiyang menika sae saha nguaosi tata krama ingkang wonten. Kasar menika ateges boten sopan, boten beradab, sedaya ingkang dipuntindakaken boten jumbuh kaliyan tata krama ingkang wonten. Antawis kalih konsep menika priyayi mapanaken saben tiyang saking petani dumugi raja.

Dados saking andharan wonten ing nginggil saged dipuntemtokaken bilih pandangan dunia para priyayi menika gumantung saking kalih konsep kala wau, inggih menika konsep alus saha konsep kasar. Kalih konsep kala wau dipunginakaken dening para priyayi kangge nemtokaken saben tiyang miturut tindak tandukipun, menapa tiyang menika petani, dhokter, dumugi raja.

Priyayi menika dipunperang dados 3, inggih menika abangan, santri, saha priyayi menika piyambak. Antawis abangan, santri, saha priyayi kasebut gadhah titikanipun piyambak-piyambak. Priyayi boten sami kaliyan abangan saha santri, utawi sakosokwangsulipun. Bedanipun antawis priyayi, abangan, saha santri kasebut saged dipuntingali saking *gaya hidup*ipun, *pandangan hidup*, ageman, tindak tandukipun utawi sikap, lan sapanunggalanipun.

Miturut Palmier (Kartodirdjo dkk, 1987: 7) wonten kalih warni priyayi, inggih menika priyayi luhur saha priyayi alit. Priyayi luhur inggih menika priyayi ingkang sajatosipun priyayi, saged dipuntingali saking jabatan bapakipun, asal keturunan ibunipun, saha asal keturunan garwanipun. Priyayi alit inggih menika priyayi ingkang adhedhasar jabatan wonten ing administrasi pemerintahan.

Miturut Savitri Scherer (Kartodirdjo dkk, 1987: 8), wonten kalih warni golongan priyayi, inggih menika priyayi *birokrasi* saha priyayi *profesional*.

Priyayi *birokrasi* inggih menika golongan priyayi ingkang gadhah jabatan-jabatan pangrehpraja saha nglajengaken tradhisi priyayi ingkang sakderengipun. Golongan priyayi profesional, inggih menika golongan priyayi ingkang gadhah jabatan-jabatan pemerintahan ingkang merlokaken pangertosan saha kaprigelan tartamtu.

Miturut Kuntjaraningrat (Kartodirdjo, 1987: 9) priyayi dipunperang dados kalih, inggih menika priyayi pangrehpraja saha priyayi sanes pangrehpraja. Priyayi golongan pangrehpraja inggih menika pejabat-pejabat *Pemerintah Daerah*, inggih menika tiyang-tiyang ingkang wigati saha paling inggil gesangipun antawis priyayi sanesipun. Golongan priyayi ingkang angka kalih inggih menika golongan tiyang-tiyang *terpelajar*, ingkang asalipun saking dhaerah padhusunan utawi dhaerah golongan tiyang alit wonten ing kitha ingkang sampun kasil anggenipun nggayuh *kedudukan* pegawai negeri mawi pendhidhikan.

Minangka salah satunggaling kelompok sosial ingkang beda kaliyan rakyat biyasa, priyayi gadhah titikan tartamtu ingkang bedakaken piyambakipun kaliyan rakyat biyasa. Titikan kasebut boten namung awujud tata krama, sopan santun, basanipun, ananging ugi titikan ingkang asipat nyata. Nalika jaman rumiyin, saking wujud dalemipun priyayi kemawon saged dipuntingali derajat kapriyayanipun priyayi kasebut. Kanthi makaten tingkat kapriyayan tetiyang menika saged dipuntingali saking dalemipun.

Faktor ingkang saklajengipun inggih menika saking unsur sikap. Sikap ugi saged nedahaken mingka salah satunggaling lambang kepriyayan salah

satunggaling priyayi (Geertz, 1983: 327). Perkawis menika dipundhasari saking pamanggih bilih wonten ing pagesangan padintenan salah satunggaling priyayi biyasanipun wonten cara-cara formal ingkang kaku wonten ing nindakaken salah satunggaling pakaryan. Cara formal kasebut ingkang dipunwastani etiket. Etiket menika ngatur solah bawa diri pribadi saha tiyang sanes kanthi pangajab supados boten andadosaken tindakan ingkang boten sae.

Etiket priyayi menika gadhah ancas kangge damel pribadi ingkang alus. Priyayi dipuntingali gadhah sikap ingkang alus saha saged nahan pangraosipun ingkang ndadosaken priyayi menika gadhah solah bawa ingkang sae ugi (Geertz, 1983: 311). Miturut Magnis-Suseno (wonten ing Endraswara, 2010: 13) etika inggih menika sedaya norma saha *penilaian* ingkang dipunginakaken dening masarakat ingkang *bersangkutan* kangge mangertosi kados pundi manungsa kedahipun nglampahaken gesangipun: dados wonten pundi piyambakipun manggihaken wangsulun pitakenan: kados pundi kula kedah mbeta dhiri, sikap-sikap, saha tumindak-tumindak pundi ingkang kedah kula ngrembakaaken supados gesang kula minangka manungsa saged kasil.

B. Panaliten ingkang jumbuh

Wonten saperangan panaliten ingkang wonten gayutanipun kaliyan panaliten menika. Panaliten ingkang sepisan inggih menika panaliten kanthi irah-irahan “*Kepriyayan Dalam Novel Para Priyayi Karya Umar Kayam Sebuah Kajian Struktural Semiotik*” ingkang kagunganipun Siti Barina (1995) saking program studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia. Ingkang mbedakaken panaliten kagunganipun Siti Barina kaliyan panaliten menika inggih menika

wonten ing Bab III babagan cara panaliten kagunganipun Siti Barina boten ngginakaken validitas saha reliabilitas. Panaliten menika ngandharaken babagan wujud-wujud kapriyayan, sumbangan saking wujud kapriyayan dhateng unsur intrinsik karya sastra, unsur-unsur intrinsik/ struktural karya sastra, peranan antarunsur struktural dhateng sedaya cariyos, saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan acuanipun.

Panaliten ingkang angka kalih ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika panaliten kanthi irah-irahan “*Gaya Ironi Dalam Novel Byarpet Karya Putu Wijaya (Sebuah Kajian Struktural Semiotik)*” ingkang dipunserat dening Suparman (1998) saking program studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia. Panaliten menika ngandharaken babagan ukara-ukara ingkang gadhah makna *sindiran* alus wonten ing novel, lajeng ngandharaken unsur-unsur struktural novel. Ingkang mbedakaken kaliyan panaliten menika inggih menika caranipun nganalisis *data*. Menawi kagunganipun Suparman caranipun nganalisis *data* ngginakaken analisis konten (content analysis) ingkang asipat deskriptif kualitatif, menawi panaliten menika caranipun nganalisis *data* ngginakaken teknik deskriptif interpretatif.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *deskriptif* kanthi *pendekatan interpretatif*. Panaliten *deskriptif* dipunginakaken wonten ing panaliten menika amargi *data* babagan wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural novel* saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* menika kedah dipunandharaken. Miturut Endraswara (2013: 180) *pendekatan interpretatif* anggenipun mundhut *data* katindakaken kanthi *heuristic*. *Heuristic* inggih menika maos karya sastra kanthi tliti, kanthi dipunbolan-baleni, dipunbiyantu mawi *kartu data*. *Data* ingkang dipunpanggihaken dipunkagolongaken, lajeng dipuntafsiraken jumbuh kaliyan *konstruk* ingkang dipundamel.

B. Data saha Sumbering Data

Wonten ing panaliten menika ingkang dipundadosaken *data* inggih menika wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural*, saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)*. Ingkang dipundadosaken sumbering *data* inggih menika salah satunggaling *novel* abasa Jawi kanthi irah-irahan *Kirti Njunjung Drajat* taun 2012 cithakan kaping kalih anggitanipun R. Tg. Jasawidagda, ingkang kawedalaken dening PT Kiblat Buku Utama. *Novel* menika wonten 106 kaca, saking kaca 11 dumugi kaca 106. *Novel Kirti Njunjung Drajat* kaperang saking sewelas sub bab kanthi irah-irahan ingkang beda-beda. *Sistem* ejaan wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika

ngginakaken *sistem ejaan* ingkang sampun dipunsampurnakaken. Katingal saking ukara-ukara ingkang sampun kaserat jumbuh kaliyan *sistem ejaan*, tuladhanipun panyeratan ukara “dhateng” wonten ing *novel* menika inggih kaserat kanthi leres inggih menika “dhateng”.

C. Caranipun Ngempalaken *Data*

Caranipun ngempalaken *data* ingkang dipunlampahi inggih menika kanthi *teknik* kapustakan ingkang awujud maos saha nyathet. *Teknik* maos dipunlampahi kanthi nggatosaken saha mahami saben ukara, *frasa* saha tembung kanthi tliti saha *kritis* dhateng *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Wonten ing Endraswara (2013: 66) *sistem kerja* panaliten semiotik saged ngginakaken kalih model pamaosan, inggih menika heuristik saha hermeneutik.

Pamaosan heuristik inggih menika *telaah* saking ukara-ukara, menawi pamaosan hermeneutik inggih menika *penafsiran* saking *totalitas* karya sastra. Langkah saklajengipun inggih menika *identifikasi* wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural novel* saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)*. *Teknik* nyathet dipunlampahi kanthi nyathet *data* wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural novel* saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)*.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten wonten ing panaliten menika ngginakaken *human instrument* utawi panaliti piyambak, kanthi pangertosan ingkang dipungadhahi babagan wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural*, saha wujud

gayutanipun antawis tandha kaliyan acuanipun (*ikon, indeks, simbol*) ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda, panaliti nemtokaken *data* ingkang dipunbetahaken saha saklajengipun dipuninterpretasiaken.

Piranti pambiyantu ingkang dipunginakaken inggih menika *kartu data* kangge nyathet *data* saking asiling maos *novel*. *Kartu data* kaisi ukara-ukara ingkang awujud pethikan-pethikan *novel*, utawi cathetan-cathetan ingkang dipunkinten-kinten gegayutan kaliyan pirembagan wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural*, saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan acuanipun (*ikon, indeks, simbol*) ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Ing ngandhap menika tuladhanipun *tabel kartu data*.

1. *Deskripsi Wujud-Wujud Sikap Hidup Priyayi wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat.*

No. <i>Data</i>	Paraga	Pethikan <i>Data</i>	Wujud Sikap <i>Hidup</i> Priyayi	Kaca

2. *Deskripsi Wujud Ikon wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat.*

Wujud <i>Ikon</i>	<i>Indikator</i>	Pethikan <i>Data</i>	No. <i>Data</i>

3. *Deskripsi Wujud Indeks wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat.*

Wujud <i>Indeks</i>	<i>Sebab</i>	<i>Akibat</i>	No. <i>Data</i>	Kaca

4. Deskripsi Wujud Simbol wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat.

No.	Wujud Simbol	Pethikan Data	Kaca	No. Data

E. Caranipun Nganalisis Data

Wonten ing panaliten menika, caranipun nganalisis *data* inggih menika ngginakaken cara *deskriptif interpretatif*. Teknik *deskriptif interpretatif* menika dipunginakaken amargi *data-data* panaliten awujud *data verbal* asipat *interpretatif* ingkang merlokaken andharan kanthi *deskriptif*. Miturut Endraswara (2013: 67) analisis struktural semiotik ngginakaken langkah *heuristik* saha *hermeneutik*. Analisis struktural semiotik saged mawi tahap-tahap ingkang kados ing ngandhap inggih menika.

- 1) Pamaosan *heuristik* inggih menika maos adhedhasar *struktur* basa utawi adhedhasar semiotik tingkat kapisan. Mawi pamaosan *heuristik*, ingkang dipunlampahi ing antawisipun nerjemahaken utawi ngandharaken makna tembung-tembung kanthi semantik, lajeng dipungayutaken kaliyan ukara saha paragraf sanesipun.
- 2) Pamaosan *hermeneutik*, inggih menika maos karya sastra adhedhasar sistem semiotik tingkat kaping kalih utawi adhedhasar konvensi sastra.
- 3) Tabulasi inggih menika proses analisis data ingkang dipunparingaken wonten ing tabel adhedhasar identifikasi unsur-unsur ingkang trep kaliyan ancasing panaliten.

- 4) Interpretasi dipunginakaken minangka teknik analisis wonten ing panaliten kaancas kangge nafsiraken wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural*, saha wujud gayutanipun antawis tandha *kaliyan acuanipun (ikon, indeks, simbol)*.
- 5) Inferensi inggih menika nyukani dudutan saking asiling analisis. Inferensi dipunlampahi mawi nggayutaken gegaran teori saha referensi saking pangertosan sanesipun. Inferensi panaliten menika anglimputi wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural*, saha wujud gayutanipun antawis tandha *kaliyan acuanipun (ikon, indeks, simbol)*.

F. Caranipun Ngesahaken Data

Panaliten menika anggenipun ngesahaken *data* ngginakaken cara *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *validitas semantik*. Ingkang dipunlampahi inggih menika mawi observasi kanthi *berulang-ulang* dhateng *novel Kirti Njunjung Drajat*. *Validitas semantic* dipunginakaken kangge ningali sepinten *data* ingkang ngandhut wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural*, saha wujud gayutanipun antawis tandha *kaliyan acuanipun (ikon, indeks, simbol)* saged dipunmaknai trep kaliyan *konteksipun*.

Reliabilitas *data* dipunpanggihaken mawi cara reliabilitas *intrarater*, inggih menika dipunlampahi kanthi ningali kanthi cara wongsal-wangsul kangge manggihaken *data* ingkang ajeg. Kejawi ngginakaken reliabilitas *intrarater* panaliten menika ugi ngginakaken reliabilitas *interrater*, inggih menika kanthi nindakaken diskusi asiling *data* kaliyan dosen pembimbing saha kanca ingkang

gadhah pangertosan babagan wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural*, saha wujud gayutanipun antawis tandha *kaliyan acuanipun (ikon, indeks, simbol)*.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Wonten ing bab menika dipunandharaken asiling panaliten saha pirembaganipun ingkang dipunpanggihaken adhedhasar wosing perkawis awujud wujud-wujud *sikap hidup* priyayi wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda, *unsur-unsur struktural* wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda, saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda. Asiling panaliten menika saklajengipun dipunanalisis jumbuh kaliyan *teori* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten. Asiling *analisis* menika dipunandharaken mawi wujud *deskripsi verbal* saha *tabel*. Sakderengipun dipunandharaken asiling panaliten badhe dipuncariyosaken sinopsis saking cariyos Kirti Njunjung Drajat.

1. Sinopsis Cariyos Kirti Njunjung Drajat

Wonten satunggaling kulawarga ingkang badhe kekesahan ngginakaken sepur jurusan Semarang-Yogyakarta. Kulawarga kasebut wonten ing gerbong kelas 3, kangge tiyang Jawi. Kulawarga kasebut bilih dipuntingali saking cara agemanipun kalebet tiyang cekapan. Kulawarga ingkang menika wau anama Darba (paragatama) saha tiyang sepuhipun anama Ki Mas Nayapada saha Mbok Nayapada. Dene ing sangajengipun, wonten penumpang kakung kaliyan abdinipun jaler setunggal, bilih dipuntingali saking ageman saha patrapipun, nedahaken bilih tiyang kasebut satunggaling priyantun anama Mas Bei

Mangunripta. Wonten ing bab 1 nggambaraken kadadosan ingkang damel kaget Darba babagan Mas Bei Mangunripta ingkang kaliyan patrapipun ketinggal ngremehaken dhateng sasaminipun, klebet dhateng bapakipun Darba inggih menika Ki Mas Nayapada, menapa malih kaliyan tiyang alit. Darba mangertosi piyambak nalika Mas Bei Mangunripta, priyantun ingkang umuk wibawa wau, dipunpeksa “mandhap” wibawane dening kondhektur Landa kanthi dipunlenggahaken jejer kaliyan tiyang alit. Tumrap Darba, kadadosan menika nedahaken bilih wibawa priyantun menika namung winates ing sasaminipun, boten tumrap pedamelanipun. Mas Bei, ingkang waunipun umuk sakmenika boten gadhah daya, amargi piyambakipun ngremehaken aturan numpak sepur. Makaten ugi ing bab 2, Mas Bei ingkang gumedhe saha remen umuk menika ugi dipunlorod malih wibawanipun dening Mantri Ondher Dhistrik, ingkang ing pasamuwan dipunsepelekaken dening Mas Bei Mangunripta.

Saking prastawa ingkang bibar dipunlampahi dening Darba, damel keraos-raosipun Darba, utaminipun babagan pangaji-ajining ingkang dipundarbeni priyantun. Miturut pamanggihipun Darba, ajining tiyang menika dumunung tumrap pedamelanipun saha kapinteranipun ingkang saklajengipun ndunungaken pakerti. Menawi para sudagar, tani, saha tukang purun ngangsu kawruh, saha purun sawung kanthi wiyar, ugi bakal inggil ajinipun (gadhah *arti*) saha kathah artanipun (*arta*). Wiwit sakmenika, Darba lajeng langkung sregep maos serat kabar saha kalawarti basa Jawi minangka sarana miyaraken kawruh. Piyambakipun malah lajeng ndarbeni krenteg badhe nyobi nyerat pawartos, utawi urun rembag ing serat kabar, kanthi nama singlon Jaka Wiyadi. Anggenipun

nyerat wonten ing serat kabar ndadosaken Darba gadhah pepenginan badhe nilaraken kapriyantunanipun. Pamanggih menika ndadosaken kuciwaning manahipun Mbok Nayapada, amargi mbokipun gadhah pangajab bilih Darba menika kedah dados priyantun. Ananging, kanthi nalaring pikir ingkang sae saking Darba, biyungipun saged nampi pamanggihipun Darba anggenipun nilar kapriyantunan lan badhe ngangsu kawruh saha pados pedamelan ingkang mardika.

Anggenipun Darba badhe ngangsu kawruh saha pados pedamelan saged kaijabah. Darba sakmenika gadhah pedamelan inggih menika sade pit saha ndadosi pit wonten ing Semarang. Anggenipun nyambut damel Darba ndadosaken bingah manahipun Darba. Cekakipun Darba rumiyin kaliyan sakmenika sampun beda. Darba dados tiyang ingkang dipunkenal kaliyan tiyang kathah, pedamelanipun ugi sansaya dangu sansaya majeng. Ngelmunipun Darba ugi sansaya wiyar, menapa malih ing pasrawungan Budi Utomo Darba ugi kathah rembagipun. Perkawis menika ingkang ndadosaken Ki Mas Nayapada saha Mbok Nayapada bingah gadhah putra ingkang saged dipunajeni tumrap tiyang kathah sanajan Darba boten dados priyantun. Pungkasan cariyos nalika saweg rame-ramenipun wonten *penyakit* ingkang nama *influenza*, kathah tiyang ingkang nandhang gerah kasebut. Marasepuhipun Darba ugi kalebet ingkang kenging *penyakit* kasebut. Let sawetawis dinten lajeng Darba kecandhak nandhang gerah ngrekaos, madal sakathahing jampi. Pancen Gusti Allah saweg adamel lelampahan Darba pinundhut ing Pangeran. Nalika panguburipun, kathah sanget ingkang sami nglayad: para luhur, Walandi, Cina, priyantun saha mitra sanesipun

prasasat tanpa wicalan. Saking cariyos babagan kapriyantunan menika saged dipunpanggihi dudutan inggih menika: Darba saged nedahaken bilih pangaji-ajining dhiri menika boten dipuntingali saking tiyang kasebut priyantun menapa boten ananging dumunung marang pedamelanipun saha kapinteranipun ingkang saklajengipun lajeng ndunungaken pakerti.

2. Wujud-Wujud Sikap Hidup Priyayi wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat.

Wujud-wujud sikap hidup priyayi ingkang wonten ing novel *Kirti Njunjung Drajat* gadhah gayutan kaliyan kawontenanipun paraga-paraga minangka *pelaku* cariyos minangka *pembawa tema* utawi minangka *pendukung tema*. Wonten ing novel *Kirti Njunjung Drajat* menika boten sedaya paraga nggambaraken wujud-wujud sikap hidup priyayi namung paraga-paraga tartamtu kemawon ingkang nggambaraken wujud sikap hidup priyayi kasebut, inggih menika paraga Darba ingkang wonten ing novel menika minangka paraga utama, saklajengipun paraga Ki Mas Nayapada, Mas Bei Mangunripta, Mantri Onder Dhistrik. Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken mawi tabel wujud-wujud sikap hidup priyayi ingkang dipunlampahi kaliyan paraga cariyos wonten ing novel *Kirti Njunjung Drajat*.

Tabel 1: Deskripsi Wujud-Wujud Sikap Hidup Priyayi wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat.

No.	Paraga	Wujud Sikap Hidup Priyayi	No. Data
1	Darba, Ki Mas Nayapada, Mantri Onder Dhistrik	Bebuden Luhur	1, 5, 8, 10, 14, 16, 32, 33, 34, 35, 37, 42

Tabel salajengipun

No.	Paraga	Wujud Sikap Hidup Priyayi	No. Data
2	Darba	Tanggél jawab	2, 11, 12, 38
3	Darba	Tanggap Ing Sasmita	3, 19
4	Darba, Ki Mas Nayapada	Wicaksana	4, 20, 22,23, 24, 25, 26, 27, 28, 29, 30, 31, 36, 40, 41
5	Darba, Bandara Aji Puspawicara	Lebda Ing Pamawas	6, 13
6	Darba	Remen Anggegulang Ngelmi	7, 18
7	Darba	Kaprihatosan	9
8	Darba	Lampah Prihatos	15
9	Darba, Ki Mas Nayapada	Enget Dhateng Panguwaosipun Gusti Allah	17, 39
10	Darba	Mbangun Miturut Dhateng Tiyang Sepuh	21

3. *Unsur-Unsur Struktural wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat.*

Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R. Tg. Jasawidagda menika wonten unsur-unsur ingkang nyengkuyung aluripun cariyos supados saged dipunmangertosi tumrap pamaos. Unsur-unsur ingkang dipunmaksud inggih menika unsur-unsur struktural. Unsur-unsur struktural ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Tema

Tema pokok *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika tema sosial babagan priyayi Jawi, saha sub tema ingkang wonten angliputi perkawis lelampahan gesangipun Darba, gesangipun priyayi, saha perkawis pados pangaji-ajining dhiri.

b. Alur

Alur ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* kasusun saking prastawa-prastawa ingkang awujud *realitas faktual* utawi swasana ingkang nyata ing jamanipun. Prastawa-prastawa kasebut gadhah gayutanipun *sebab akibat* kanthi *logis*. *Alur novel* menika kaperang saking *tahap* wiwitan, tengah, pungkasanipun cariyos. *Alur novel* menika kagolong alur ingkang *progresif*.

c. Paraga

Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* wonten paraga utama saha paraga utama tambahan. Paraga-paraga kasebut wigati sanget kawontenanipun wonten ing cariyos satemah paraga-paraga menika saged dipunsebat minangka paraga-paraga *funksional*. Paraga utama wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika Darba, saha paraga tambahanipun ing antawisipun Ki Mas Nayapada, Embok Nayapada, Mas Bei Mangunripta, saha Darya. Paraga utama wonten ing cariyos menika inggih menika Darba gadhah *intensitas pencitraan* ingkang langkung kathah katimbang kaliyan paraga sanesipun.

d. Latar

Latar fisik cariyos wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* awujud papan, wekdal, saha *lingkungan sosial*. Antawis latar papan, wekdal, saha *lingkungan sosial* gadhah *fungsi* piyambak-piyambak, saha tiga latar kasebut gadhah gayutanipun antawis setunggal lan setunggalipun.

Latar papan ingkang dipunginakaken wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika papan-papan ing tanah Jawi, kadosta Setatsiyun Balapan Surakarta, Dlanggu, Setatsiyun Purwosari, Semarang.

Latar wekdal ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika angliputi salebetipun taun Walandi 1899, salebetipun taun Walandi 1903-1908, nalika Perang Donya 1918. Wonten ing taun-taun ingkang sampun dipunsebat ing nginggil kathah ingkang gegayutan kaliyan prastawa-prastawa ingkang dipunlampahi dening paraga-paraga cariyos. Latar lingkungan sosial wonten ing *novel* menika inggih menika lingkungan sosial budaya Jawi.

e. Sudut Pandang

Sudut pandang ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika ngginakaken *sudut pandang persona ketiga*: “*Dia*”. *Novel* menika ngginakaken *sudut pandang persona ketiga*: “*Dia*” amargi narator inggih menika tiyang ingkang wonten ing jawi cariyos ingkang ngandharaken paraga cariyos mawi nyebataken nama, utawi ukara gantipun: *dheweke*, *piyambakipun*, *panjenenganipun*. Saklajengipun *sudut pandang* “*Dia*” menika kalebet “*Dia*” *Mahatahu*.

f. Basa

Panganggenipun basa wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* mliginipun ngginakaken basa Jawi. Perkawis menika nyengkuyung sanget amargi latar cariyos ingkang dipunaturaken inggih menika pagesangan masarakat Jawi. Kejawi basa Jawi, ugi ngginakaken *istilah-istilah Belanda* saha Jawi rikala jaman rumiyin. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika unsur *pencitraan* saha *gaya bahasa* ingkang nyengkuyung gambaranipun kawontenan cariyos ingkang dipunaturaken. *Gaya bahasa* utawi tembung entar ingkang dipunginakaken ing

antawisipun *simile*, *metafora*, *personifikasi*, ugi wonten tembung pepindhan saha bebasan.

4. Wujud Gayutanipun Antawis Tandha kaliyan Acuanipun (*Ikon*, *Indeks*, *Simbol*) wonten ing *Novel Kirti Njunjung Drajat*.

Wonten ing salah satunggaling teks wonten *kemungkinan* wontenipun salah satunggaling jinising wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *ikon*, *indeks*, utawi *simbol*. *Ikon*, *indeks*, saha *simbol* kasebut ageng *perananipun* wonten ing salah satunggaling cariyos. Babagan wujud *ikon*, wonten tiga jinisipun, inggih menika *ikon topologis*, *ikon diagramatik*, saha *ikon metaforis*. Saben jinising ikon menika gadhah titikanipun piyambak-piyambak satemah saged dipunklasifikasiaken. Antawis *ikon*, *indeks*, saha *simbol* wonten ing wujudipun dipungayutaken kaliyan prastawa-prastawa ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*.

a. Wujud Gayutanipun Antawis Tandha kaliyan Acuanipun ingkang Awujud *Ikon* wonten ing *Novel Kirti Njunjung Drajat*

Ingang sapisan dipunandharaken saking asiling panaliten inggih menika wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan acuanipun ingkang awujud *ikon*. Wujud ingkang arupi *ikon* menika kasusun saking tigang warni, inggih menika *ikon topologis*, *ikon diagramatik*, saha *ikon metaforis*. Ing ngandhap menika dipunandharaken wujud *ikon* ingkang arupi *ikon topologis*, *ikon diagramatik*, saha *ikon metaforis* ingkang trep kaliyan prastawa ingkang wonten ing *Novel Kirti Njunjung Drajat*.

Tabel 2: Deskripsi Wujud Ikon Topologis, Ikon Diagramatik, saha Ikon

Metaforis wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat.

No.	Wujud Ikon	Indikator	Kutipan Data	No. Data
1	<i>Ikon Topologis</i> a. Nyebataken salah satunggaling papan, wilayah tartamtu saha kahananipun.	Kahananipun wonten ing setatsiyun Balapan Surakarta	Tetiyang Surakarta ingkang badhé kekésahan mangilèn minggahipun dhateng sepur arebat jucung, usek-usekan kaliyan ingkang saweg mandhap; dipun bengoki déning kondhèktur, supados ngentosi satelasipun ingkang mandhap, boten dipun rèwès, amargi sumelang manawi boten uman papan, agengipun ngantos katilar ing sepur.	1
		Kahananipun nagari Surakarta	Sukunipun redi Merapi ingkang sisih kidul wétan, toyanipun gumpang, tulus ingkang sarwa tinanem. Pasitèn wau kathah ingkang dados kabudidayan, katanenam rosan, tom, pantun. Kedhungipun satunggaling lèpèn, toyanipun bening, dados kaluruganipun laré padhusunan, sami adus aceciblon.	7
	b. Nyebataken paraga cariyos kaliyan sikap saha kahanan fisik.	Kahananipun paraga saha sikapipun Bandara Panji Puspawicara	Panuju wonten ing kantor, Dèn Bèi Prajasusastra dipun sanjani priyantun nènèman bregas, misuwur ahli dhateng kasusastran, punapadéné sugih pangertosan.	14
		Kahananipun paraga saha sikapipun Darba	Satunggaling tiyang nènèman kados pun Darba, jembar sawanganipun, sampun saged nandhing milih, panimbangipun ing samubarang prakawis mawi nalar-nalar ingkang premati, punika pancènipun sampun kénging dipun eculaken, kados pundi pamilihipun	15

Tabel salajengipun

No.	Wujud Ikon	Indikator	Kutipan Data	No. Data
2	<i>Ikon Diagramatik</i> a. Nedahaken papan, palenggahan utawi <i>jabatan</i> mawi dhasaripun.	Jabatan paraga Ki Mas Nayapada	Tetiyang wau wonten ingkang manganggé paméran, asinjang carik latar cemeng, rasukanipun sikepan cemeng cekak, sabukipun dringin, èpèk bludru cemeng. Dhuwungipun ladrang pendhok suwasa. Sawanganipun prasaja, namung saben-saben ketingal timangipun satléraman gebyar-gebyar mawi mripat inten, tetéla ingkang nganggé punika kecekapan. Kejawi punika tiyang wau nganggé kuluk pethak, kénging dipun grayangi bilih abdidalem apangkat drajat.	17
	b. Panyebatan kahananipun saha sikap paraga gayutanipun kaliyan perkawis ingkang dipunlampahi.	kahananipun saha sikap paraga Mas Bèi Mangunripta gayutanipun kaliyan perkawis ingkang dipunlampahi	Mas Bèi Mangunripta nepsu, lajeng ngungel-ungeli tiyang dusun wau, "...Heh, apa ora weruh yén aku priyayi. "	20
3	<i>Ikon Metaforis</i> a. Tembung Entar	Kamiripan kaliyan rasa	Mas Bèi Mangunripta pucet guwayanipun, kèndel tanpa cumuwit, rumaos manggih kawirangan.	21
		Kamiripan kaliyan tumindak utawi sikap tartamtu	Ing saben dinten prasasat boten kendhat pamaosipun ing serat kabar, sampun mesthi kémawon seserapanipun saya mindhak, pikiranipun tansah lumampah.	28
	b. Tembung Pepindhan	Kamiripan kaliyan tetiyang utawi tokoh	Para tamu sapajagongan, purugipun mripat namung dhateng sang pindha déwa lan dèwi.	34

Tabel salajengipun

No.	Wujud Ikon	Indikator	Kutipan Data	No. Data
	c. Bebasan	Kamiripan kaliyan tumindak utawi sikap tartamtu	Kaping kalih, ingkang kathah tetiyang Jawi dèrèng jembar seserepanipun, bebasan kados kodhok kinureban bathok, kang kung, rumaosipun ngebaki jagad, boten sumerep manawi langitipun namung sakurebing bathok.	35

b. Wujud Gayutanipun Antawis Tandha kaliyan Acuanipun ingkang

Awujud Indeks wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat

Wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *indeks* wonten ing *novel* menika trep kaliyan prastawa ingkang wonten ing cariyos. Wujudipun indeks menika gegayutan kaliyan tumindak ingkang sipatipun damel kaget, ngobahaken manah, saha damel duka.

Tabel 3: Deskripsi Wujud Indeks wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat.

No.	Wujud Indeks	Sebab	Akibat	No. Data
1	a. Tumindakipun paraga ingkang damel kaget.	Mas Béi Mangunripta ketingal nepsu, nanging tembungipun boten wonten tiyang mireng, amargi kinrutug ungelipun kondhèktur, kumrecek boten kenging dipun selani: "...ora ngerti aturan, kowé wong apa...."	Mas Béi Mangunripta pucet guwayanipun, kèndel tanpa cumuwit, rumaos manggih kawirangan.	1
		Nalika Mbok Nayapada miring tembungipun Darba, "...dèrèng kantenan. Saupami...."	Nayapada saanakipun sami kagét, wicantenipun Nayapada, "Lo, alon ta, Embokné, kowé	4

Tabel salajengipun

No.	Wujud Indeks	Sebab	Akibat	No. Data
		Mripatipun sampun wiwit abrit, sareng wicanten luhipun carocosan, tembungipun, "Langkung limalas, salawé, sèket, ...Kowé rak arep dadi carik pabrik, ta?"	kuwi kok banjur ngono, rak iya dirungokaké dhisik kandhané anakmu kuwi, jenengé dirembug."	
	b. Tumindakipun paraga ingkang ngobahaken manah.	Sadhatengipun ing griya, Dalil saha Jayus sami dipun clorèngi tir rainipun, tumunten kapurih ngadeg ing bentéran, ancik-ancik témbok ganjel pot.	Laré kalih sami tumungkul, isin dipun tingali laré kathah. Saya dangu rainipun saya kraos bentér, amargi ketaman soroting srengéngé tiripun saya ajèr.	5
		Darba énggal pamitan embokipun, nunten kaajak minggah numpak sepur dhateng Tuwan Masinis.	Mbok Nayapada boten saged ngampet, luhipun carocosan. Angkating sepur Darba sumerep embokipun nangis ngguguk, manahipun sumedhot, lajeng dipun celaki Tuwan Masinis, kaajak gegineman.	7
	c. Tumindakipun paraga ingkang damel duka	Tetiyang wau wonten sawatawis ingkang klèntu, gerbong klas kalih dipun lebeti, ndadosaken nepsunipun ing kondhèktur.	"Buri, buri. Wong Jawa buri." Makaten pambengokipun kondhèktur, kaliyan begita-begitu. Swaranipun keras, timbang kaliyan wujudipun. Mripatipun loyop, bokmanawi sampun sayah, mila kedah nepsu kémawon.	9

Tabel salajengipun

No.	Wujud Indeks	Sebab	Akibat	No. Data
		Dumadakan wonten tiyang dhusun mbekta pikulan, panganggènipun namung kathokan punika dhawah ngebruhi Mas Béi Mangunripta.	Mas Béi Mangunripta nepsu, lajeng ngungel-ungeli tiyang dusun wau, "...Heh, apa ora weruh yén aku priyayi."	10

c. Wujud Gayutanipun Antawis Tandha kaliyan Acuanipun ingkang

Awujud Simbol wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat

Simbol minangka wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud gayutan ingkang sampun awujud *konvensi*. *Simbol* menika minangka tandha ingkang paling *canggih* amargi gadhah *fungsi* kangge *penalaran*, *pemikiran*, *saha pemerasaan*. Tabel ing ngandhap menika ngandharaken wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *simbol* ingkang trep kaliyan prastawa-prastawa ingkang lumampah wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*.

Tabel 4: Deskripsi Wujud Simbol wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat.

No.	Wujud Simbol	Kutipan Data	No. Data
1	Gegayutan kaliyan Priyayi	Tetiyang wau wonten ingkang manganggé paméran, asinjang carik latar cemeng, rasukanipun sikepan cemeng cekak, sabukipun dringin, èpèk bludru cemeng. Dhuwungipun ladrang pendhok suwasa. Sawanganipun prasaja, namung saben-saben ketingal timangipun satléraman gebyar-gebyar mawi mripat inten, tetéla ingkang nganggé punika kecekapan. Kejawi punika tiyang wau nganggé kuluk pethak, kénging dipun grayangi bilih abdidalem apangkat drajat.	1

Tabel salajengipun

No.	Wujud Simbol	Kutipan Data	No. Data
		Ingkang linggih ing bangku ngajengipun: anakipun. Jejaka watawis umur 18 taun anama pun Darba, ugi manganggé paméran, rasukanipun beskap cemeng, sarta duwungan, bebedanipun wiron kéncongan, taksih gelungan acundhuk jungkat penyu mrantandhani bilih taksih magang, dèrèng dados priyantun.	3
2	Gelar Nama	"Nun, badhe panggènanipun Demang Karyabau."	11
		Dipun wangsuli bilih Bandara Panji Puspawicara, Darba inggih lajeng tumut nggatosaken dhateng ngandikanipun priyantun kekalih wau.	14
3	<i>Masa Penjajahan Belanda</i>	Lalampahan ingkang kacariosaken ing Bab 1 saha Bab 2 punika wonten ing salebetipun taun Walandi 1899.	15
		Nalika samanten Surakarta saweg ramé-raménipun ngadeg pang Boedi Oetama énggal.	18

B. Pirembaganipun

Wonten ing perangan pirembagan asiling panaliten dipunandharaken kanthi urutan wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural*, saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)*.

1. Wujud-Wujud *Sikap Hidup* Priyayi wonten ing *Novel Kirti Njunjung Drajat*.

Pirembagan babagan wujud-wujud *sikap hidup* priyayi wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* adhedhasar sikap, tumindak, pandangan hidup, pocapanipun paraga ingkang nyengkuyung wujud-wujud *sikap hidup* priyayi. Kados wonten ing *tabel 1* babagan *deskripsi* wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, paraga ingkang nedahaken *sikap hidup* priyayi inggih menika Darba, Ki Mas Nayapada, Mas Bei Mangunripta, Mantri Onder Dhistrik, saha Bandara Aji

Puspawicara. Paraga Darba wonten ing cariyos menika gadhah *frekuensi* langkung kathah tinimbang paraga sanesipun anggenipun nedahaken wujud-wujud *sikap hidup* priyayi. Paraga sanesipun anggenipun nedahaken wujud-wujud *sikap hidup* priyayi langkung sekedhik amargi wonten ing cariyos menika ingkang dados paragatama inggih menika Darba, pramila anggenipun ngandharaken wujud-wujud *sikap hidup* priyayi inggih *dominan* ingkang Darba.

Asiling panaliten babagan wujud-wujud *sikap hidup* priyayi wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika dipunperang dados sedasa wujud, jumlah menika dipunpanggihi saking anggenipun panaliti pados *data* lajeng dipunklompok-klompokaken miturut wujudipun. Pramila, ing ngandhap menika badhe dipunrembag setunggal-setunggal wujud-wujud *sikap hidup* priyayi wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*.

1. Bebuden Luhur

Paraga Darba wonten ing cariyos menika nggambaraken salah satunggaling tiyang ingkang gadhah pangertosan ingkang wiyar saha majeng boten katilar kaliyan kamajengan jaman. Dipuncariyosaken bilih Darba menika putra saking Ki Mas Nayapada ingkang gadhah jabatan minangka abdidalem apangkat drajat. Darba menika taksih magang wonten ing Kapatihan kaliyan ramanipun dipundherekaken dhateng Raden Ngabei Prajasusastra. Darba minangka putra ingkang panggulu gadhah sikap ingkang sae, kamangka yuswanipun saged dipunsebat taksih enem. Pamanggih ingkang kados makaten saged dipuntingali saking *teks* ing ngandhap menika.

Sareng watawis angsal satengah taun, Darba prasasat boten kéwran dhateng ébahing jaman. Manawi wonten pajagongan utawi gegrombolaning para saged, rembagipun Darba saged sambet punapadéné Darba kerep nyumerepi pamanggihipun para ingkang winastan sarjana. Ingkang makaten punika mahanani dhateng manah tatag, patitis ing ginem, sarta awis ketaman ing tindak clila-clili. (KND: 41)

Teks ing nginggil menika nedahaken bilih Darba gadhah sikap ingkang saged dados tuladha dhateng sinten kemawon. Sikap ingkang dipuntedahaken dening Darba menika nggambaraken bilih Darba menika putra ingkang remen srawung kaliyan sinten kemawon mliginipun kaliyan tiyang-tiyang ingkang winastan sarjana, pramila boten nggumunaken bilih Darba saged sambet rembaganipun kaliyan para sarjana kala wau. Darba ugi gadhah sikap ingkang tansah bener saha pener anggenipun micara, panjenenganipun boten nate ngapus menapa malih ngayawara anggenipun micara utawi nalika maringi salah satunggaling cariyos.

Data ingkang nedahaken babagan wujud *sikap hidup* priyayi ingkang wujudipun bebuden luhur ingkang sanesipun inggih menika:

Darba bingah ing manah, amargi saged sumingkir saking sabab wau, sarana aprasetya temen-temen badhé boten nglampahi tindak ingkang dudu. (KND: 52)

Teks ing nginggil menika nedahaken kanthi cetha bilih Darba menika gadhah sikap bebuden luhur. Ukara ingkang nedahaken bilih teks kasebut kalebet wujud sikap bebuden luhur inggih menika “*saged sumingkir saking sabab wau, sarana aprasetya temen-temen badhé boten nglampahi tindak ingkang dudu.*” Ukara menika ngandharaken bilih Darba saged nebihaken saking tumindak ingkang boten sae, amargi kanthi niat ingkang tememen boten badhe nindakaken tumindak ingkang kados makaten.

Teks menika wonten ing salebeting *novel* nalika nyariosaken Darba ingkang sampun dipunoyak-oyak kaliyan tiyang sepuhipun kapurih rabi, kamangka ing pamanahipun Darba perkawis menika taksih tebih sanget, Darba gadhah sabab piyambak kenging menapa panjenenganipun dereng purun rabi. Ananging tiyang sepuhipun Darba sumelang menawi Darba kenging godha. Lajeng, Darba matur kaliyan bapa biyungipun bilih sampun niat tememen boten badhe nglampahi tumindak ingkang boten bener. Amargi tiyang sepuhipun pitados kaliyan menapa ingkang dipunandharaken Darba, pramila Darba boten dipunoyak-oyak malih kaliyan tiyang sepuhipun kapurih krama.

Sanesipun Darba, paraga wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* ingkang gadhah *sikap hidup* bebuden luhur inggih menika Ki Mas Nayapada saha Mantri Onder Dhistrik. Ki Mas Nayapada inggih menika ramanipun Darba ingkang gadhah jabatan minangka abdidalem apangkat drajat. Ki Mas Nayapada gadhah istri ingkang biyasa dipunsebat Mbok Nayapada, putranipun kalih inggih menika ingkang pambajeng asma Darya saha ingkang panggulu inggih Darba. Ki Mas Nayapada menika anggenipun dados *kepala keluarga* utawi tiyang ingkang dipunajeni dhateng tiyang sanes gadhah sikap bebuden luhur. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika *teks* ingkang nedahaken bilih Ki Mas Nayapada gadhah sikap ingkang luhur inggih menika kados makaten.

Nayapada mangsuli taklim, amargi kejawi wicanten dhateng inggil-inggilanipun, pancèn dhasaripun andhap-asor. Tanganipun kagathukaken satengah ngapurancang, sarta mawi mendhak sawatawis, tembungipun, "Nun badhe njagong dhateng Dlanggu."
(KND: 12)

Teks wonten ing nginggil nedahaken bilih Ki Mas Nayapada menika gadhah bebuden ingkang luhur, sedaya tumindakipun mesthi damel tiyang ingkang nggatosaken dados ngajeni piyambakipun. *Teks* menika nyariosaken nalika Ki Mas Nayapada saanak bojonipun nembe numpak sepur badhe tindak wonten Dlanggu. Nalika samanten wonten priyayi ingkang asma Mas Bei Mangunripta ingkang ugi badhe tindakan. Sumerep Ki Mas Nayapada, Mas Bei Mangunripta lajeng sapa aruh kaliyan Ki Mas Nayapada, lajeng nyuwun priksa badhe tindak wonten pundi. Ki Mas Nayapada mangsuli kanthi taklim saha kanthi tangan ngapurancang pitakenan Mas Bei Mangunripta kala wau bilih piyambakipun badhe tindak njagong wonten Dlanggu. Kanthi cara mangsuli pitakenan ingkang kala wau, Ki Mas Nayapada kalebet tiyang ingkang gadhah sikap hidup ingkang luhur.

Paraga saklajengipun ingkang gadhah sikap hidup ingkang luhur inggih menika Mantri Onder Dhistrik. Mantri Onder Dhistrik inggih menika salah satunggaling priyayi utawi mantra desa ingkang dipunundang wonten ing pajagongan ingkang dipunrawuhi dening Ki Mas Nayapada saanak bojonipun saha Mas Bei Mangunripta. Nalika samanten wonten ing pajagongan kasebut Mas Bei Mangunripta kaliyan Mantri Onder Dhistrik sami padu, prakawis menika dipunsebabaken amargi Mas Bei Mangunripta boten remen kaliyan Mantri Onder Dhistrik. Salajengipun Mas Bei Mangunripta ngajak ngunjuk Mantri Onder Dhistrik, ananging kanthi tembung ingkang sengak. Prastawa ingkang makaten ndadosaken Mantri Onder Dhistrik ngungun kaliyan tumindakipun Mas Bei Mangunripta, ananging polatanipun boten ewah, boten paring walesan dhateng

Mas Bei Mangunripta. Tumindak ingkang makaten menika mrantandhani bilih Mantri Onder Dhistik gadhah budi ingkang luhur. *Teks* ingkang nedahaken bilih Mantri Onder Dhistrik gadhah bebuden luhur inggih menika:

Mantri Onder Dhistrik inggih ngunjuk, nanging tanpa mangsuli sakecap, ing batos sakelangkung ngungun, déné ngantos kataman ing tindak kados makaten. Nanging polatanipun boten éwah, mratandhani priyantun luhur ing budi, boten samar ing patrap agal alus, pancèn bregas, wujudipun boten ageng inggil, nanging saliranipun akas lan kiyeng. (KND: 27)

2. Tanggel Jawab

Tanggél jawab minangka salah satunggaling wujud *sikap hidup* ingkang dipungadhahi kaliyan tetiyang mliginipun priyayi. Tanggél jawab menika salah satunggaling *sikap* ingkang nedahaken bilih tetiyang menika saged nindakaken bab-bab ingkang sampun dados kuwajibanipun utawi ingkang dipunparentahaken dhateng piyambakipun. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika ingkang gadhah *sikap hidup* tanggél jawab inggih menika paraga Darba. Ing ngandhap menika *teks* ingkang nedahaken bilih Darba gadhah *sikap hidup* tanggél jawab.

Ing batos gadhah pangalem, amargi ningali tandangipun Darba nalika minggah ing sepur wau, sanget anggènipun anjagi saha mrenah-mrenahaken biyungipun, punapadéné ingkang nyepeng karcis saha ngulungaken dhateng kondhèktur inggih pun Darba. (KND: 13)

Teks ing nginggil kasebut nyariosaken nalika Darba kaliyan bapa biyungipun badhe tindak njagong wonten ing Dlanggu, anggenipun Darba mrenah-mrenahaken biyungipun nalika minggah wonten ing sepur, lajeng nalika Darba nyepeng karcisipun saha dipunparingaken dhateng kondhektur, tumindak ingkang kados makaten mratandhani bilih Darba gadhah *sikap* tanggél jawab.

Teks sanesipun ingkang nedahaken bilih Darba gadhah sikap tanggel jawab dipunandharaken wonten ing ukara kados makaten.

Saged sanget Darba nata mangsanipun, manawi siyang ngulat-ulataken ingkang sami nyambutdamel, amargi bebaunipun sampun sami saged nindakaken, namung manawi wonten damel ingkang angèl, punika saweg dipun tandangi piyambak. (KND: 98)

Ukara ing nginggil menika nedahaken bilih Darba menika tiyang ingkang gadhah sikap tanggel jawab. Kabukti saking anggenipun Darba nindakaken kuwajibanipun minangka tiyang ingkang gadhah padamelan ndandosi pit. Darba asring ningali saha ngulat-ulataken ingkang dados rewangipun anggenipun nyambut damel, menawi wonten padamelan ingkang angel, kanthi tememen Darba ingkang nandangi piyambak. Prekawis menika ingkang dados tanggel jawab Darba satemah Darba saged nindakaken padamelan kasebut kanthi raos tanggel jawab.

3. Tanggap Ing Sasmita

Wujud *sikap hidup* ingkang salajengipun inggih menika tanggap ing sasmita. Tanggap ing sasmita inggih menika salah satunggaling sikap ingkang saged ningali kawontenan ingkang nembe kadadosan, utawi tanggap kaliyan swasana ingkang wonten ing papan kasebut. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*, paraga ingkang gadhah *sikap hidup* tanggap ing sasmita inggih menika ingkang dados paragatama inggih Darba. Wonten ing *novel* Darba dipunandharaken gadhah sikap tanggap ing sasmita. Ukara ingkang nedahaken bilih Darba gadhah sikap tanggap ing sasmita inggih kados makaten.

Nalika Darba sumerep kathahing lebetipun tiyang punika, énggal ngalih linggih nyisihi biyungipun, dados bangkunipun lajeng jangkep dipun linggihi tiyang tiga. (KND: 15)

Ukara ing nginggil menika nedahaken sikap hidup Darba ingkang awujud tanggap ing sasmita. Nalika samanten sepur nembe mandheg wonten ing setasiun Purwasari. Ing mriku kathah tiyang ingkang badhe mlebet sepur ingkang ing salebetipun wonten Darba saha bapa biyungipun. Amargi sepur anggenipun mandheg namun sedhela, pramila tiyang kathah wau sami rebatan anggenipun minggah sepur. Sumerep bilih tiyang ingkang minggah sepur kathah, lajeng Darba ngalih lenggahipun wonten ing sisihipun biyungipun, andadosaken bangkunipun jangkep dipunlenggahi tiyang tiga trep kaliyan pranatanipun ing gerbong menika inggih setunggal bangku kangge tiga tiyang supados tiyang ingkang minggah sepur menika saged lenggah sedaya. Kanthi makaten saged dipunsebat bilih tumindakipun Darba ingkang kados kala wau menika kalebet sikap tanggap ing sasmita. Darba saged tanggap kaliyan kawontenan ingkang nembe piyambakipun lampahi.

4. Wicaksana

Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda menika ugi wonten sikap hidup wicaksana. Ingkang nedahaken sikap hidup wicaksana wonten ing *novel* menika inggih paraga Darba saha Ki Mas Nayapada. Paraga Darba saha Ki Mas Nayapada menika gadhah sikap wicaksana wonten ing *novel*. Sikap kasebut dipuntedahaken wonten ing pinten-pinten prastawa. Trep kaliyan prastawa ingkang wonten ing *novel*, panaliti saged damel dudutan bilih saking prastawa menika paraga Darba saha Ki Mas Nayapada gadhah sikap ingkang wicaksana. Katitik saking ukara ing ngandhap menika.

Darba boten énggal-énggal mangsuli, awit saupami tembungipun Walandi kondhèktur wau dipun Jawèkaken sadaya, sumelang kepireng tiyang sanèsipun, mendhak amewahi wirangipun Mas Bèi, wasana wangsulanipun namung, "Boten ngertos, awit wicantenipun rikat sanget." (KND: 17)

Ukara ing nginggil menika nyariosaken nalika wonten ing salebeting sepur, Mas Bei Mangunripta padu kaliyan kondhekturipun, lajeng kaliyan kondhektur Mas Bei dipunonek-onekaken ngangge basa Jawi, Malayu, saha wonten tembung Walandinipun. Gandheng Mas Bei Mangunripta boten mangertos menapa ingkang dipunaturaken kondhektur kala wau, lajeng Mas Bei Mangunripta nyuwun priksa dhateng Darba ingkang sampun magang ing Kapatihan saha sumerep menawi Darba mangertos basa Walandi sakedhik-sakedhik, mila Mas Bei Mangunripta kepengen sanget menapa tegesipun ingkang dipunaturaken dening kondhektur kala wau. Sajatosipun Darba mangertos sedaya ingkang dipunpocapaken dening kondhektur kala wau, ananging menawi tembung-tembung kasebut dipunJawekaken, Darba sumelang ingkang kados menika saged damel Mas Bei Mangunripta kawirangan, amargi tembung-tembung kasebut sajatosipun boten pantes dipunpocapaken, pramila Darba wangsulanipun namung boten ngertos. Inggang kados makaten Darba saged dipunsebat tiyang ingkang wicaksana, njagi manahipun tiyang sanes.

Inggang salajengipun inggih menika ukara ingkang nedahaken kawicaksananipun Ki Mas Nayapada, wonten ing perangan ukara menika.

Nayapada saanakipun sami kagét, wicantenipun Nayapada, "Lo, alon ta, Embokné, kowé kuwi kok banjur ngono, rak iya dirungokaké dhisik kandhané anakmu kuwi, jenengé dirembug." (KND: 63)

Ingkang makaten menika nedahaken bilih Ki Mas Nayapada ugi gadhah sikap wicaksana sami kaliyan Darba. Nalika samanten Darba ingkang gadhah pamanggih bilih boten remen dados priyayi badhe matur kaliyan tiyang sepuhipun bilih Darba milih pados pedamelan dipunsambi kaliyan sinau. Nalika Darba matur menapa ingkang dados kepinginanipun, biyungipun boten sarujuk amargi biyungipun Darba pengen Darba dados priyayi supados tiyang sepuhipun saged bingah gadhah anak priyayi. Sumerep bilih biyungipun boten sarujuk saha alot dipunajak wicanten, Ki Mas Nayapada lajeng ngendikan **"Lo, alon ta, Embokné, kowé kuwi kok banjur ngono, rak iya dirungokaké dhisik kandhané anakmu kuwi, jenengé dirembug."** Ingkang makaten menika nedahaken bilih Ki Mas Nayapada menika wicaksana, saged dados *penengah* antawis Darba kaliyan biyungipun supados pirembagan kasebut saged kalampahan kanthi sae.

5. Lebda Ing Pamawas

Lebda ing pamawas utawi sugih ngelmu kalebet wujud *sikap hidup* priyayi ingkang panaliti panggihaken wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika. Sikap lebda ing pamawas kasebut wonten ing paraga Darba saha Bandara Panji Puspawicara. Kejawi bebudenipun luhur, wicaksana, Darba ugi lebda ing pamawas. Katitik saking ukara ing ngandhap menika.

Satunggaling tiyang nènèman kados pun Darba, jembar sawanganipun, sampun saged nandhing milih, panimbangipun ing samubarang prakawis mawi nalar-nalar ingkang premati, punika pancènipun sampun kénging dipun eculaken, kados pundi pamilihipun lampah badhé gesangipun. (KND: 51)

Saking ukara ing nginggil saged dipunandharaken bilih Darba menika tiyang enem ingkang sampun saged milah saha milih kados pundi gesangipun

badhe kalampahaken mawi ngelmu ingkang dipungadhahi. Pramila, boten nggumunaken menawi Darba kanthi yuswanipun ingkang taksih enem menika sampun saged mandhiri, sampun saged dipuneculaken, tiyang sepuhipun boten ajrih ngeculaken Darba supados badhe kados pundi gesangipun ing salajengipun amargi bapa biyungipun pitados menawi Darba menika jembar sawanganipun, sugih pangertosan, saged damel kaputusan kanthi nalar-nalaripun piyambak.

Sasanipun Darba, ingkang gadhah sikap lebda ing pamawas inggih menika Bandara Panji Puspawicara. Wonten ing *novel* paraga Bandara Panji Puspawicara menika namung medal sepisan kemawon, ananging andharan babagan piyambakipun menika kalebet ing sikap hidup priyayi. Bandara Panji Puspawicara menika satunggaling priyayi ingkang rawuh wonten ing kantoripun Den Bei Prajasusastra, anggenipun Darba magang. Ing mriku Bandara Panji Puspawicara wicantenan kaliyan Den Bei Prajasusastra babagan warni-warni. Ukara ingkang nedahaken bilih Bandara Panji Puspawicara menika gadhah sikap lebda ing pamawas inggih kados ing ngandhap menika.

Panuju wonten ing kantor, Dèn Bèi Prajasusastra dipun sanjani priyantun nènèman bregas, misuwur ahli dhateng kasusastran, punapadéné sugih pangertosan. (KND: 35)

Teks ing nginggil ngandharaken kanthi gamblang bilih Bandara Panji Puspawicara menika gadhah sikap lebda ing pamawas. Katingal saking ukara ingkang ngandharaken titikanipun priyayi kala wau, inggih menika misuwur dhateng kasusastran punapadene sugih pangertosan. Wonten ing *novel* dipuncariyosaken bilih Bandara Panji Puspawicara sowan dhateng Den Bei Prajasusastra, anggenipun atur pangandikan priyayi kekalih wau babagan *Serat*

Wiwaha dumugi perkawis ses. Dipuncariyosaken bilih Bandara Panji Puspawicara menika nyerat katrangan babagan ses, ingkang sampun dipunjawekaken. Bandara Panji Puspawicara ngandharaken bab awonipun ses dhateng Den Bei Prajasusastra. Ingkang makaten menika nedahaken bilih Bandara Panji Puspawicara gadhah sikap lebda ing pamawas.

6. Remen Anggegulang Ngelmi

Wujud *sikap hidup* priyayi ingkang kaping enem inggih menika remen anggegulang ngelmi. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika, sikap remen anggegulang ngelmi wonten ing pribadinipun Darba. Katingal saking nalika taksih enem Darba sampun magang wonten ing Kapatihan, ing salajengipun Darba remen maos serat kabar. Karemenaning maos serat kabar ndadosaken Darba asring ngirim seratan wonten ing serat kabar kanthi nama sesinglon Jaka Wiyadi. Saksampunipun nyerat, Darba kepengen nglajengaken sinau dipunsambi kaliyan nyambutdamel dhateng Semarang. Sampun ketingal bilih wonten ing *novel* menika Darba kagambaraken tiyang ingkang remen pados ngelmi. Piyambakipun boten nate mandheg anggenipun sinau, prekawis menapa kemawon dipunsinau, boten ngungun bilih Darba lajeng jembar sawanganipun, saged dipunajak wicantenan kaliyan sinten kemawon saha bab menapa kemawon. Ing ngandhap menika ukara ingkang nedahaken karemenanipun Darba anggenipun anggegulang ngelmi.

Anggènipun Darba maos serat kabar punika dados kasenengan ageng. Ing saben dinten prasasat boten kendhat pamaosanipun ing serat kabar, sampun mesthi kémawon seserepanipun saya mindhak, pikiranipun tansah lumampah. (KND: 41)

Saking ukara ing nginggil menika, nedahaken bilih Darba remen anggegulang ngelmi. Ukara ingkang kapisan nyariosaken karemenanipun Darba anggenipun maos serat kabar. Nalika samanten Darba ingkang biyasanipun sowan dhateng dalemipun Den Bei Prajasusastra kangge ndherekaken Den Bei tindak kantor. Amargi Den Bei Prajasusastra dereng dandan, taksih lenggahan wonten ing kursi, Darba lajeng ngentosi. Wonten ing meja Den Bei Prajasusastra sampun kacawisaken piranti ingkang badhe dipunbekta dhateng kantor, awujud portepel isi serat-serat, ing nginggilipun katumpangan serat kabar lempitang tigang iji. Darba kepengen sanget badhe maos, ananging badhe matur dhateng Den Bei Prajasusastra ajrih menawi boten dipunkeparengaken. Dumadakan, Den Bei Prajasusastra ngendikan, **"Darba, nèk pinuju nganggur ngono kuwi bok kowé maca-maca, supaya mundhak jembar kawruhmu. Layang kabar kuwi kena kokwaca."** Mireng Den Bei Prajasusastra ngendikan kados makaten Darba bingah sanget. Gage-gage Darba mendhet serat kabar *Jawa Kandha*, lajeng kabikak sarta kawaos. Prastawa ingkang kalampahan menika ingkang ndayani Darba remen sanget anggenipun maos serat kabar supados saya mindhak kawruhipun Darba.

7. Kaprihatosan

Kaprihatosan minangka salah satunggaling sikap hidup ingkang dipungadhahi tiyang ingkang pamanahipun ngraosaken *trenyuh* dhateng salah satunggaling prekawis. Saged amargi ningali prastawa utawi miring kabar ingkang damel obah mosiking manah. Wonten ing *novel* menika, sikap kaprihatosan dipuntedahaken dening Darba. Katitik saking ukara ing ngandhap menika.

Darba sumerep nalar makaten punika sakelangkung ngungun, déné wonten tindak sawenang-wenang, sulaya temen kaliyan angger-angger saha pranatanipun Kangjeng Gupernemèn. (KND: 46-47)

Ukara kasebut nyariosaken nalika Darba miring kabar bilih wonten bocah kalih ingkang anama Dalil kaliyan Jayus sami blusukan wonten ing katebon, sami nedha rosan ingkang dereng patos sepuh, kados gadhahanipun piyambak. Ananging dumadakan dhateng Tuwan Sinder Pabrik ingkang nyumerepi Dalil saha Jayus. Kekalihipun dipungetak dening Tuwan Sinder Pabrik, lajeng dipunbeta mantuk. Sadhatengipun ing griya Dalil saha Jayus sami dipunclorengi tir rainipun, lajeng kapurih ngadeg ing benteran, ancik-ancik tembok ganjel pot. Saya dangu saya kraos benter rainipun, amargi kenging soroting srengenge tiripun saya ajer. Dalil saha Jayus namung saged nangis sesenggukan, luhipun dipunusapi mawi tangan, malah bau saha epek-epekanipun ugi kraos benter. Ngantos watawis sejam lare kalih wau kaluwaran, lajeng sami mantuk dhateng griyanipun piyambak-piyambak. Dumugi ing griya Dalil nangis ngantos ngagetaken embokipun ingkang nembe adang, lajeng tiripun dipunicali mawi lisah klenthik kaliyang embokipun.

Prastawa ingkang nembe mawon dipunlampahi dening Dalil saha Jayus kasebut ingkang ndadosaken kaprihatosan tumrap Darba. Darba gadhah pamanggih bilih kenging menapa kedah dipunlampahi ingkang kados makaten. Miturut Darba tumindak ingkang nembe mawon dipunlampahi Tuwan Sinder Pabrik dhateng bocah kekalih wau kalebet tumindak ingkang sawenang-wenang, boten netepi pranatanipun negari ingkang sampun dipuntetepaken. Ingkang kados makaten ingkang damel kaprihatosanipun Darba.

8. Lampah Prihatos

Beda kaliyan sikap kaprihatosan, sikap lampah prihatos menika salah satunggaling sikap ingkang dipunlampahi tetiyang kanthi gesang ingkang prasaja supados menapa ingkang dipunkajengaken saged dipunijabah dening Gusti Allah saha supados gesangipun saya celak dhateng Gusti Allah. *Sikap hidup* lampah prihatos dipuntedahaken Darba wonten ing ukara menika.

Darba saya tetep kepénginipun nyambut damel ingkang mardika, liripun ingkang sakedhik sangkutanipun kaliyan pangageng; namung kadospundi marginipun, punika ingkang dèrèng angsal wewengan, amila Darba sakelangkung prihatos, sarta tansah nyenyuwun ing Gusti Allah. (KND: 53)

Saged dipuntingali bilih tumindakipun Darba menika kalebet sikap lampah prihatos. Nalika samanten Darba ingkang sajatosipun boten remen menawi dados priyayi kepengen nyambutdamel ingkang boten wonten gayutanipun kaliyan pangageng, supados anggenipun nyambutdamel menika saged mardika boten wonten ingkang nguwaosaken. Ananging Darba boten ngertos kedah kados menapa supados kapenginanipun Darba saged kalampahan. Kanthi manah ingkang resik saha kanthi lampah prihatos, Darba nyenyuwun marang Gusti Allah supados menapa ingkang dipunkajengaken saged dipunijabah dening Gusti Allah saha saged angsal wewengan saking Gusti ingkang Maha Agung. Menika wau wujud sikap hidup Darba mawi cara lampah prihatos saha tansah nyenyuwun marang Gusti Allah.

9. Enget dhateng Panguwaosing Gusti Allah

Wujud *sikap hidup* priyayi ingkang saklajengipun inggih menika tansah enget dhateng panguwaosing Gusti Allah. Sikap ingkang kados makaten saged

damel manahipun tetiyang sami tentrem. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika, wujud *sikap hidup* ingkang kados makaten dipunlampahi dening Darba saha Ki Mas Nayapada. Wondene ukara ingkang nedahaken sikap tansah enget dhateng panguwaosing Gusti Allah inggih kados ing ngandhap menika.

Darba kèndel linggih ing sèla ageng celak margi, nyawang redi Merapi kumuluk kukusipun. Manahipun keraos, enget dhateng ingkang nitahaken redi, bumi, surya sapiturutipun, lajeng nyenyuwun ing Gusti Allah, mugi pinaringan wewengan, sagedipun tumunten luwar saking kaprihatosan. (KND: 53)

Kacariyosaken bilih Darba bingung kaliyan prekawis ingkang nembe dipunlampahi. Nalika samanten Darba nembe lelenggahan lajeng nyawang redi Merapi. Manahipun lajeng enget dhateng Gusti Allah ingkang sampun nitahaken redi, bumi, surya, lan sapanunggalanipun. Darba enget dhateng panguwaosipun Gusti Allah, lajeng ndedonga saha nyenyuwun supados Gusti Allah paring wewengan kangge prekawis ingkang nembe dipunlampahi menika satemah lampah prihatos ingkang dipunlampahi dening Darba menika wonten piwelasanipun saking Gusti Allah. Minangka tiyang ingkang ngrasuk agami Islam kadosta Darba menika, tansah enget dhateng panguwaosipun Gusti Allah inggih salah satunggaling sikap ingkang wajib dipuntindakaken dening tiyang kathah, supados tansah enget bilih sedaya ingkang wonten ing bumi menika saha sedaya prastawa ingkang dipunalami dening tiyang kathah menika amargi saking wujud panguwaosipun Gusti Allah.

Ki Mas Nayapada ugi sami kaliyan Darba inggih tansah enget dhateng panguwaosipun Gusti Allah. Katitik saking ukara ing ngandhap menika.

"Dadi gedhé-cilik pangarep-arepmu kuwi wis ana babaré. Mulané, Dhi, saya mantep panuwunmu marang Gusti kang Agung, bisaa lestari sapandhuwuré." (KND: 100)

Ukara menika dipunaturaken Ki Mas Nayapada dhateng ingkang estri nalika sumerep bilih anakipun Darba sakmenika sampun dados tiyang ingkang dipunajeni dhateng sinten kemawon. Nalika Ki Mas Nayapada saha garwanipun nembe mlampah-mlampah ningali parepatan ageng wonten ing Abipraya saking margi ageng. Ing ngriku Mbok Nayapada sumerep piyambak kadospundi kawontenanipun anakipun. Darba ngadeg ing ngajengan nampeni tamu, meh sedayaingkang rawuh mesthi gineman rumiyin, ngaruh-ngaruhi, malah wonten ingkang gegujengan kaliyan Darba. Walandi ingkang rawuh mawi nyukani tabik, ketawis bilih sampun tepang dangu. Mbok Nayapada ing manahipun bingah sanget amargi menapa ingkang nembe mawon piyambakipun sumerepi inggih Darba ingkang sampun katingal sukses, kathah pitepanganipun, sami dipunajeni dhateng tiyang sanes, menika ingkang ndadosaken Mbok Nayapada ngraos bingah dhateng Darba. Ki Mas Nayapada ingkang mangertos bilih Mbok Nayapada bingah lajeng wicanten makaten, ***"Dadi gedhé-cilik pangarep-arepmu kuwi wis ana babaré. Mulané, Dhi, saya mantep panuwunmu marang Gusti kang Agung, bisaa lestari sapandhuwuré."*** Menapa ingkang dipunngendikaaken dening Ki Mas Nayapada menika nedahaken bilih piyambakipun tansah enget dhateng Gusti Allah lajeng Mbok Nayapada kapurih enget dhateng Gusti Allah ugi saha ngaturaken panuwun awit saking panguwaosipun Gusti Allah anakipun Darba sampun pinaringan kabegjan saking Gusti Allah. Sikap ingkang kados

menika mratandhani bilih Ki Mas Nayapada gadhah *sikap hidup* tansah enget dhateng panguwaosipun Gusti Allah.

10. Mbangun Miturut dhateng Tiyang Sepuh

Wujud sikap hidup priyayi ingkang pungkasan inggih menika mbangun miturut dhateng tiyang sepuhipun. Salah satunggaling tiyang ingkang gadhah sikap ingkang sae dipuntingali saking kados pundi sikapipun tiyang wau dhateng tiyang sepuhipun. Minangka anak, kita kedah ngormati saha ngajeni tiyang sepuh kita, amargi bapa biyung kita kanthi ikhlas sampun ngemong saha ngopeni wiwit anak taksih alit dumugi ageng. Anak sampun sakmesthinipun kedah mbangun miturut dhateng tiyang sepuhipun, sedaya kekajenanipun tiyang sepuh dhateng anakipun kedah dipunlampahi dening anak minangka bukti baktinipun anak dhateng tiyang sepuhipun. Sikap ingkang kados makaten menika ingkang dipungadhahi Darba, inggih menika mbangun miturut dhateng tiyang sepuh. Katitik saking ukara ing ngandhap menika.

Darba: "O, Embok, kula inggih sampun sumerep manawi panggalihan panjenengan makaten; mila sadaya ihtiyar, ingkang kula èngeti namung kudangan panjenengan. Cariyosipun rumiyin kajengipun 'kétok'." (KND: 63)

Ukara ing nginggil menika ngandharaken bilih Darba gadhah sikap patuh dhateng bapa biyungipun. Kacariyosaken nalika Darba matur dhateng Ki Mas Nayapada, Mbok Nayapada, saha kakangipun inggih menika Darya anggenipun badhe nyambutdamel saha sinau wonten ing Semarang. Ananging mbokipun boten sarujuk kaliyan kajengipun Darba. Mbok Nayapada pengen supados Darba dados priyayi kados tiyang sanesipun, mbok Nayapada gadhah pamanggih bilih anakipun 'ketok' ndadosaken tiyang sepuhipun bingah, ingkang dipunmaksud

‘ketok’ tumrap mbok Nayapada inggih menika dados priyayi ananging Darba boten remen bilih dados priyayi amargi pangaji-aji tetiyang menika boten namung dipuntingali saking tiyang menika dados priyayi menapa boten dados priyayi. Ingkang ndadosaken tiyang menika dipunajeni inggih padamelan saha tumindak ingkang dipunlampahi dening tetiyang. Darba boten badhe damel kuciwaning mbokipun, lajeng kanthi sopan darba matur dhateng mbokipun bilih sedaya ikhtiyar ingkang dipunlampahi Darba menika tansah enget dhateng kudanganipun mbok Nayapada. Kanthi nalar-nalar ingkang sae saking Darba, mbokipun lajeng sarujuk kaliyan kajengipun Darba. Menika wau salah satunggaling *teks* ing *novel* ingkang nedahaken wujud sikap mbangun miturut dhateng tiyang sepuh.

2. Unsur-Unsur Struktural ingkang wonten ing *Novel Kirti Njunjung Drajat*.

a. Tema

Tema wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika dipunperang dados kalih, inggih menika tema mayor saha tema minor. *Tema pokok* utawi tema mayor *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika tema sosial babagan priyayi Jawi, saha sub tema utawi tema minor ingkang wonten anglimputi perkawis lelampahan gesangipun Darba, gesangipun priyayi, saha perkawis pados pangaji-ajining dhiri. *Novel Kirti Njunjung Drajat* menika nyariosaken babagan satunggaling priyayi ingkang anama Darba, ingkang manggihaken pambengan babagan pagesanganipun. Piyambakipun ngraosaken bilih tiyang menika dipunajeni dening tiyang sanes boten gumantung saking piyambakipun priyayi menapa sanes, ananging saking kapinteran saha tumindakipun. Umpaminipun tiyang menika namung buruh, tani, ananging purun sinau, purun nyambut damel kanthi

mempeng, saha tumindakipun sae, mila tiyang menika saged dipunajeni dening tiyang kathah. Pramila saking menika, saking wosipun cariyos saged dipunpangguhaken tema utawi gagasan pokok saking *novel* menika.

b. Alur

Alur utawi *plot novel Kirti Njunjung Drajat* menika kagolong alur ingkang *progresif*. Dipunsebat alur *progresif* amargi prastawa-prastawa ingkang dipuncariyosaken wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* asipat *kronologis*, prastawa ingkang kapisan ndadosaken prastawa-prastawa ingkang saklajengipun utawi kanthi urutan cariyos dipunwiwiti saking *tahap awal* (*penyituan, pengenalan, pemunculan konflik*), tengah (*konflik, klimaks*), saha *akhir* (*penyelesaian*). Menawi dipunserat mawi *skema*, *alur progresif* awujud kados makaten.

A ——— B ——— C ——— D ——— E

Simbol A nggambaraken *tahap awal* cariyos, B-C-D nggambaraken prastawa-prastawa saklajengipun, *tahap tengah*, ingkang arupa *inti* cariyos, saha E nggambaraken *tahap penyelesaian* cariyos.

Saking tahap awal cariyos dipunandharaken utawi dipuntepangaken kaliyan paraga-paraga. Wiwitanipun cariyos dipuntepangaken paraga Darba, Ki Mas Nayapada, Mbok Nayapada, Mas Bei Mangunripta kaliyan titikan badanipun. Paraga-paraga kasebut wonten ing satunggaling sepur badhe sami tindakan. Saklajengipun wonten ing tahap tengah cariyos wonten konflik ingkang dipunalami dening paraga. Konflik menika dumugi *klimaks*ipun, inggih menika nalika Darba boten remen anggenipun dados priyayi lajeng badhe nyambutdamel

saha dipunsambi sinau ananging lelampahanipun Darba anggenipun pados pangaji-ajining dhiri menika boten gampil, kathah alanganipun.

Pungkasanipun cariyos, Darba anggenipun gesang mawi nilaraken kapriyayanipun menika saged kalampahan kanthi rancag, pungkasanipun Darba gadhah pedamelan ingkang dipunremeni, gesangipun kaliyan kulawarganipun ayem tentrem, saha Darba dipunajeni kaliyan tiyang kathah kamangka piyambakipun boten dados priyayi, ananging tiyang kathah sami ngajeni saha ngurmati dhateng Darba.

c. Paraga

Penokohan wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* gegayutan kaliyan pagesangan masarakat Jawi. Paraga-paraga ing *novel* kasebut gesang wonten ing *lingkungan* masarakat Jawi satemah karakter ingkang dipunandharaken ugi nggambaraken masarakat Jawi. Wonten ing pirembagan babagan paraga menika, panaliti boten nyebataken sedaya paraga ing *novel*, namung paraga-paraga tartamtu kemawon ingkang dipunandharaken. Paraga-paraga ingkang dipunandharaken wonten ing pirembagan menika dipuntingali saking asringipun paraga menika *muncul*, saha asringipun paraga kasebut dipuncariyosaken wonten ing salebeting *novel*. Kanthi makaten dipunpanggihaken gangsal paraga ingkang badhe dipunandharaken.

1) Darba

Paraga utama cariyos wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika Darba. Piyambakipun anak ingkang kaping kalih saking tiyang sepuh ingkang asma Ki Mas Nayapada saha Mbok Nayapada, kangmasipun asma Darya.

Darba yuswanipun 22 taun lajeng sakmenika nembe nglampahi magang wonten ing Kapatihan. Darba menika anak ingkang gadhah bebuden luhur, tatakramanipun sae, hormat, gapyak dhateng sinten kemawon. Darba ugi remen sinau, prekawis menapa kemawon dipunsinau dening piyambakipun, prekawis menika ingkang ndadosaken Darba gadhah pangertosan ingkang wiyar, menawi badhe mutusaken salah satunggaling prekawis piyambakipun tansah ngginakaken nalar-nalar ingkang premati.

Darba ugi remen wicantenan kaliyan sinten kemawon mliginipun para tiyang ingkang winastan sarjana ngrembag salah satunggaling prekawis. Kanthi makaten kawruhipun Darba saya mindhak pikiranipun tansah lumampah. Maos serat kabar ndadosaken karemenan piyambak tumrap Darba, amargi remen maos serat kabar Darba lajeng wiwit nyerat wonten ing serat kabar. Karangan-karanganipun Darba mliginipun ngrembag kabetahanipun tiyang kathah, boten nate nuju dhateng salah satunggaling tiyang menapa malih ngawon-awonaken. Ing serat kabar menika Darba ngginakaken sesinglon Jaka Wiyadi. Kathah alangan anggenipun Darba badhe pados menapa ingkang dipunkajengaken dening piyambakipun.

Darba wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika kalebet paraga protagonis, saha kalebet paraga sederhana. *Teknik pelukisan* paraga Darba dipunandharaken mawi *teknik analitis*.

2) Ki Mas Nayapada

Paraga tambahan wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika ingkang kapisan inggih menika Ki Mas Nayapada. Ki Mas Nayapada inggih menika

ramanipun Darba ingkang pedamelanipun abdidalem apangkat drajat. Dipuncariyosaken bilih Ki Mas Nayapada menika gadhah manah ingkang sumeleh, wicaksana, anggenipun nggulawentah putra-putranipun mawi cara ingkang sae.

Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*, paraga Ki Mas Nayapada kalebet paraga protagonis saha kalebet paraga sederhana. *Teknik pelukisan* paraga Ki Mas Nayapada dipunandharaken mawi *teknik analitis*.

3) Mbok Nayapada

Paraga tambahan saklajengipun inggih menika Mbok Nayapada. Biyungipun Darba wonten ing *novel* menika gadhah sipat ingkang tresna dhumateng kulawarganipun mliginipun kaliyan putra-putranipun. Mbok Nayapada ugi gadhah sipat was sumelang, sipat ingkang kados makaten dipuntedahaken nalika Darba matur dhateng tiyang sepuhipun bilih badhe nilaraken kapriyayanipun saha saklajengipun badhe pados pedamelan ingkang sambet kaliyan kaluwihanipun Darba, Darba ugi kepengen ngangsu kawruh supados seserepanipun langkung wiyar. Mireng kados makaten Mbok Nayapada waunipun boten sarujuk menawi Darba nilar kapriyayanipun amargi biyungipun kepengen sanget Darba dados priyayi ingkang sami dipunajeni kaliyan tiyang sanes. Mbok Nayapada sumelang menawi Darba pados pedamelan sane ing tembe burine Darba namung dipunanggep asor dhateng tiyang sanes, ananging kanthi andharan Darba ingkang sareh saha damel pitadosipun mbokipun. Pungkasanipun mbok Nayapada sarujuk kaliyan menapa ingkang dipunkajengaken Darba.

Mbok Nayapada wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* kalebet paraga protagonis saha kalebet paraga sederhana. *Teknik pelukisan* paraga Mbok Nayapada dipunandharaken mawi *teknik analitis*.

4) Darya

Paraga Darya wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* dipunandharaken minangka tiyang ingkang bebuden luhur. Darya minangka kangmasipun Darba, piyambakipun sampun gadhah garwa saha putra. Darya menika sampun dados priyayi. Darya ugi ingkang biyantu Darba nalika mbokipun boten patos sarujuk anggenipun kekajenganipun Darba. Darya tumut nyukani andharan-andharan dhateng mbokipun supados mbokipun sarujuk.

Wonten ing *novel* menika Darya kalebet paraga protagonis saha kalebet paraga sederhana. *Teknik pelukisan* paraga Darya dipunandharaken mawi *teknik dramatik*.

5) Mas Bei Mangunripta

Mas Bei Mangunripta menika minangka priyayi ingkang gadhah *gengsi* ingkang ageng. Piyambakipun gadhah pamanggih bilih priyayi menika kedah dipunkormati saha dipunajeni tumrap sinten kemawon. Nalika wonten tiyang ingkang boten sengaja dhawah lajeng ngembruhi Mas Bei Mangunripta, piyambakipun nepsu lajeng ngungel-ungeli tiyang wau ngantos tiyang-tiyang ing sacelakipun sami ajrih. Mas Bei Mangunripta wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika kalebet paraga antagonis saha paraga bulat. *Teknik pelukisan* paraga Mas Bei Mangunripta dipunandharaken mawi *teknik dramatik*.

d. Latar

Latar menika dipunperang dados tiga inggih menika latar papan, latar wekdal, saha latar sosial. Tiga latar wau gadhah gayutan ingkang celak saha nyengkuyung cariyos ingkang dipunandharaken inggih menika babagan pagesanganipun tetiyang ingkang gadhah *status sosial* ingkang inggil ing lingkungan padhusunan.

Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika latar papan ingkang wonten ing cariyos inggih menika papan-papan utawi dhaerah ingkang taksih wonten ing tanah Jawi. Papan-papan ingkang dipunmaksud inggih menika Semarang, setatsiyun Balapan Surakarta, setatsiyun Purwasari, Dlanggu, Surakarta.

1) Setatsiyun Balapan Surakarta

Latar papan ingkang sapisan dipuntedahaken wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika wonten ing setatsiyun Balapan Surakarta. Pethikan *datanipun* inggih kados makaten.

Wanci jam gangsal sonten, karéta latu ingkang saking Semarang dhateng Ngayogyakarta, sampun dumugi ing setatsiyun Balapan Surakarta. (KND: 11)

Data kasebut nedahaken bilih latar papan ingkang wonten ing cariyos inggih menika wonten ing setatsiyun Balapan Surakarta. Kacariyosaken nalika Darba sakulawarganipun badhe tindak dhateng Dlanggu nitih sepur, pramila piyambakipun wonten ing setatsiyun Balapan Surakarta.

2) Setatsiyun Purwasari

Data ingkang nedahaken latar papan setatsiyun Purwasari inggih menika.

Kacariyos ing setatsiyun Purwasari, kathah sanget ingkang badhé numpak sepur, ingkang kathah kanca dhusun mentas sesadéandhateng nagari, bebektanipun sarwa rowa, senik isi angsal-angsal: roti, dolanan. Tiyangipun jaler taksih sami mbekta pikulan, panganggènipun salong wonten ingkang namung kathokan thok. (KND: 14-15)

Ukara ing nginggil nedahaken bilih latar papan wonten ing cariyos menika inggih menika wonten ing setatsiyun Purwasari nalika sepur ingkang dipuntumpaki dening Darba sakulawarga mandheg wonten ing setatsiyun Purwasari.

3) Dlanggu

Latar papan saklajengipun inggih menika Dlanggu. Wonten ing cariyos Dlanggu inggih menika papan ingkang badhe dipundhatengi dening Darba sakulawarga kangge njagong wonten ing dalemipun Demang Karyabau. Pethikan *data* ing ngandhap menika nedahaken babagan latar papan ingkang wonten ing Dlanggu.

Namung ing tengah, punika seratanipun wonten ing blabag sampun lami, déné ungelipun: MAS DEMANG KARYABAU, DEMANG PAMAOSAN ING DLANGGU. (KND: 19)

4) Surakarta

Latar papan ingkang saklajengipun inggih menika wonten ing Surakarta. Kacariyosaken bilih Surakarta menika kitha anggenipun Darba sakulawarga gesang. Darba kaliyan bapak biyungipun asalipun saking Surakarta saha dalemipun ugi wonten ing Surakarta. Data ingkang nedahaken babagan latar papan ingkang wonten ing Surakarta inggih menika kados makaten.

Sukunipun redi Merapi ingkang sisih kidul wétan, toyanipun gumpang, tulus ingkang sarwa tinanem. Pasitèn wau kathah ingkang dados kabudidayan, katanenam rosan, tom, pantun. Inkang kalebet ing cariyos ngriki,

kabudidayan ingkang nggadhahi pabrik gendhis, wewengkon ing Kabupaten Klathen, dados inggih dhawah nagari Surakarta. (KND: 44)

5) Semarang

Semarang inggih menika kitha anggenipun Darba nyambut damel saha sinau. Wonten ing Semarang ugi Darba manggihaken jodhonipun lajeng krama saha damel dalem wonten ing Semarang. Kathah perkawis ingkang Darba tindakaken wonten ing Semarang menika. salah satunggalipun inggih menika Darba gadhah pedamelan inggih menika ndandosi pit. Pedamelan ingkang dipuntindakaken dening Darba menika mbeta rejeki kagem Darba sakulawarga. Kejawi ndandosi pit, panggenanipun Darba ugi sade pit, sampun kathah tiyang ingkang tumbas wonten ing tokonipun Darba. *Data* ingkang nedahaken papan wonten ing Semarang kados ing ngandhap menika.

Nalika dhatengipun Darba ing Semarang, punika lajeng dipun pondhokaken ing griyanipun salah satunggaling mandhoripun Linde-Teves. (KND: 89)

Latar wekdal wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika angliputi nalika taun Walandi 1899, nalika salebetipun taun Walandi 1903-1908, saha nalika taun 1918 utawi nalika Perang Donya. Sedaya latar wekdal ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika ugi saged dipunwastani nalika *masa penjajahan Belanda*. Saged dipunwastani makaten menika amargi saking cariyosipun lajeng saking basa ingkang dipunginakaken saperangan ngginakaken istilah-istilah Walandi.

Latar lingkungan sosial wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* gegayutan kaliyan papan para paraga nglampahi prastawa satemah *fungsional* sanget. Papan-papan kados Kapatihan, Abipraya, dhusun Surakarta menika nedahaken bilih

cariyos ingkang wonten ing *novel* menika babagan tiyang Jawi mliginipun priyayi. Saged dipunwastani makaten amargi Kapatihan menika papan anggenipun para priyayi saha papan anggenipun magang kangge tiyang ingkang badhe dados priyayi. Abipraya inggih menika papan pamulangan cara Walandi kangge tetiyang ingkang mliginipun saking kulawarga ingkang kinormatan. Cariyos wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika latar ingkang kathah dipunginakaken inggih menika ing Surakarta mliginipun ing dhaerah padhusunan. Rikala semanten tiyang dhusun Surakarta menika taksih kathah ingkang dipunwastani priyayi, kejawi celak kaliyan Kapatihan ingkang mliginipun papan para priyayi, tiyang dhusun ugi taksih gadhah sipat tetulung, raos pasedherekanipun taksih rumaket. Pramila makaten menawi dipuntingali saking papan-papan kasebut bilih dipungayutaken kaliyan lingkungan sosial satemah saged dipunpangguhaken lingkungan sosial wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika lingkungan sosial budaya Jawi.

e. Sudut Pandang

Sudut pandang ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika ngginakaken *sudut pandang persona ketiga: "Dia"*. *Novel* menika ngginakaken *sudut pandang persona ketiga: "Dia"* amargi *narator* inggih menika tiyang ingkang wonten ing jawi cariyos ingkang ngandharaken paraga cariyos mawi nyebataken nama, utawi ukara gantipun, ingkang wonten ing cariyos kadosta, piyambakipun, panjenenganipun. Nama-nama paraga wonten ing cariyos mliginipun ingkang paraga utama asring dipunsebat supados pamaos saged mangertos sinten paraga ingkang dipuncariyosaken utawi sinten ingkang

tumindak, minangka gantosipun nyebataken nama, *narator* ugi saged nyebataken ukara gantosipun.

Saklajengipun adhedhasar tingkat kamardikan saha gayutanipun panganggit dhateng cariyosipun, *sudut pandang* “*Dia*” menika kalebet “*Dia*” *Mahatahu*. Dados, *narator* saged kanthi mardika nyariosaken sedaya perkawis ingkang gegayutan kaliyan paraga “*Dia*”, ingkang asipat “*mahatahu*”.

Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika, *narator* nyariosaken mawi nyebataken nama paraganipun, umpaminipun Darba, Ki Mas Nayapada, Mbok Nayapada, Darya lan sapanunggalanipun, sanesipun nyebataken nama paraga, *narator* ngginakaken ukara gantosipun, kadosta piyambakipun, panjenenganipun, kanca-kancanipun lan sapanunggalanipun.

f. Basa

Basa ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika ngginakaken basa Jawi ingkang ing wekdal sakmenika sampun awis dipunginakaken, kejawi menika, ing *novel Kirti Njunjung Drajat* ugi wonten *istilah-istilah* Walandi. Sedaya menika kangge nedahaken wekdal satunggaling karya kaserat supados pamaos saged ngraosaken swasana ingkang langkung nyata ing jamanipun. Basa ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda menika wonten ingkang ngginakaken tembung entar. Tembung entar ingkang dipunginakaken wonten ing cariyos inggih menika, *metafora*, *personifikasi*, *saha simile*.

g. Gayutanipun Antawis Unsur Karya Sastra

Gayutanipun antawis unsur karya sastra saged damel saenipun satunggaling cariyos. Gayutanipun antawis unsur kasebut inggih menika gayutanipun antawis *alur*, paraga, saha *latar* ingkang dipundadosaken setunggal kaliyan *tema* minangka dhasaring damel karya sastra. *Tema* minangka gagasan pokok saking cariyos ingkang dipunpangguhaken saking latar, paraga, saha prastawa-prastawa ingkang kadadosan wonten ing satunggaling cariyos.

Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika *temanipun* babagan priyayi Jawi. Saking tema dipunpangguhaken alur ingkang kronologis utawi maju. Saking alur wonten prastawa-prastawa ingkang dipunlampahi dening paraga cariyos ingkang kalampahan wonten ing satunggaling papan, wekdal, saha lingkungan tartamtu. Wonten ing salebeting cariyos panganggit ngginakaken *sudut pandang* saha basa ingkang saged dipunmangertosi dening pamaos, supados menapa ingkang dados kekajenganipun panganggit saged dipuntampi dening masarakat wiyar.

3. Wujud Gayutanipun Antawis Tandha kaliyan Acuanipun (*Ikon, Indeks, Simbol*) wonten ing *Novel Kirti Njunjung Drajat*.

a. Wujud Gayutanipun Antawis Tandha kaliyan Acuanipun ingkang Awujud *Ikon* wonten ing *Novel Kirti Njunjung Drajat*

Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika, wonten wujud gayutanipun tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *ikon*. *Ikon* ing mriki dipunperang dados tiga, inggih menika *ikon topologis*, *ikon diagramatik*, saha *ikon metaforis*. Saking tiga jinising *ikon* kala wau dipunpangguhaken asiling

panaliten ingkang gayutanipun kaliyan prastawa ingkang dipunlampahi kaliyan paraga ingkang wonten ing cariyos.

Ing mriki badhe dipunrembag tiga jinising *ikon* kala wau mawi tuladhanipun. Ingkang sapisan inggih menika *ikon topologis*, ingkang adhedhasar saking nyebataken salah satunggaling papan, wilayah tartamtu saha kahananipun, saha nyebataken paraga cariyos kaliyan sikap saha kahanan fisik. Ingkang adhedhasar saking nyebataken salah satunggaling papan, wilayah tartamtu saha kahananipun dipunpanggiaken *data* saking *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika kados makaten.

Tetiyang Surakarta ingkang badhé kekesahan mangilèn minggahipun dhateng sepur arebat jucung, usek-usekan kaliyan ingkang saweg mandhap; dipun bengoki déning kondhèktur, supados ngentosi satelasipun ingkang mandhap, boten dipun rèwès, amargi sumelang manawi boten uman papan, agengipun ngantos katilar ing sepur.
(KND: 11)

Saking pethikan *data* ing nginggil saged dipunwastani bilih ukara kasebut kalebet *ikon topologis* ingkang nedahaken salah satunggaling papan, wilayah tartamtu saha kahananipun. *Data* menika nggambaraken bilih cariyos ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika wonten ing setatsiyun Balapan Surakarta. Ukara kasebut ugi ngandharaken kahananipun setatsiyun Balapan Surakarta ingkang kathah tiyang badhe kekesahan lajeng sami rebatan anggenipun minggah ing sepur, usek-usekan kaliyan ingkang saweg mandhap, amargi sumelang bilih boten angsal papan menapa malih bilih ngantos dipuntilar sepur. Saking andharan kahanan papan tartamtu pramila *data* menika kalebet jinising *ikon topologis*.

Saklajengipun ukara ingkang nedahaken *ikon topologis* ingkang nyebataken paraga cariyos kaliyan sikap saha kahanan fisikipun. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* dipunpangguhaken *data* ingkang kados makaten.

Satunggaling tiyang nènèman kados pun Darba, jembar sawanganipun, sampun saged nandhing milih, panimbangipun ing samubarang prakawis mawi nalar-nalar ingkang premati, punika pancènipun sampun kénging dipun eculaken, kados pundi pamilihipun lampah badhé gesangipun. (KND: 51)

Ukara ing nginggil menika ngandharaken babagan sikap saha kahananipun paraga Darba. Dipunandharaken bilih Darba menika satunggaling tiyang ingkang taksih enem ingkang jembar sawanganipun, panimbangipun babagan samubarang prekawis mawi nalar-nalar ingkang premati, nedahaken bilih Darba menika tiyang enem ingkang sampun saged mandiri saha sampun mangertos lampah gesangipun badhe kados pundi. Ukara menika kanthi cetha ngandharaken babagan paraga Darba satemah saged dipungolongaken bilih pethikan data kala wau kalebet *ikon topologis* ingkang adhedhasar nyebataken paraga cariyos kaliyan sikap saha kahanan fisikipun.

Inkang angka kalih wonten ing pirembagan menika, badhe dipunrembag babagan *ikon diagramatik*. *Ikon diagramatik* menika dipunperang dados kalih, inggih menika nedahaken papan, palenggahan utawi *jabatan* mawi dhasaripun, saha nyebataken kahanan saha sikap paraga gayutanipun kaliyan perkawis ingkang dipunlampahi. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika dipunpangguhaken *data* ingkang kalebet *ikon diagramatik* adhedhasar saking nedahaken papan, palenggahan utawi *jabatan* mawi dhasaripun. Pethikan *datanipun* kados makaten.

Tetiyang wau wonten ingkang manganggé paméran, asinjang carik latar cemeng, rasukanipun sikepan cemeng cekak, sabukipun dringin, èpèk bludru cemeng. Dhuwungipun ladrang pendhok suwasa. Sawanganipun prasaja, namung saben-saben ketingal timangipun satléraman gebyar-gebyar mawi mripat inten, tetéla ingkang nganggé punika kecekapan. Kejawi punika tiyang wau nganggé kuluk pethak, kénging dipun grayangi bilih abdidalem apangkat drajat. (KND: 11-12)

Ukara ing nginggil menika ngandharaken babagan *jabatan* satunggaling tiyang mawi dhasaripun. Wonten ing ukara kasebut dipunandharaken bilih wonten satunggaling tiyang ingkang mangangge pameran, asinjang carik latar cemeng, rasukanipun sikepan cemeng cekak, sabukipun dringin, epek bludru cemeng. Dhuwungipun ladrang pendhok suwasa. Tiyang wau ngangge kuluk pethak, kenging dipun grayangi bilih abdidalem apangkat drajat. Saking andharan menika saged dipuntingali bilih tiyang kala wau kalebet satunggaling priyayi. Saged dipunsebat priyayi amargi menawi dipuntingali saking agemanipun ingkang kados dipunsebataken ing nginggil kala wau, tiyang menika kalebet priyayi. Wonten ing jaman rumiyin tiyang ingkang agemanipun kados makaten saged dipunsebat priyayi. Pramila pethikan *data* menika kagolong *ikon diagramatik* adhedhasar saking *jabatan* satunggaling tiyang mawi dhasaripun.

Saklajengipun inggih menika *data* ingkang kalebet *ikon diagramatik* adhedhasar saking nyebataken kahanan saha sikap paraga gayutanipun kaliyan perkawis ingkang dipunlampahi. Pethikan *datanipun* kados makaten.

Mas Bèi Mangunripta nepsu, lajeng ngungel-ungeli tiyang dusun wau, "...Heh, apa ora weruh yén aku priyayi. " (KND: 16)

Saking ukara ing nginggil menika dipuncariyosaken bilih paraga Mas Bei Mangunripta nalika wonten ing lebet ing sepur dipunbruhi kaliyan tiyang dhusun ingkang mbekta pikulan. Anggenipun ngebruhi menika boten sengaja amargi

kathahing tiyang ing salebeting sepur lajeng dipunjorog-jorogaken. Prastawa ingkang kados makaten andadosaken Mas Bei Mangunripta duka lajeng tiyang dhusun ingkang ngebruhi kala wau dipundukani dening Mas Bei Mangunripta.

Kanthi andharan ingkang kados makaten, mila pethikan *data* kasebut kalebet *ikon diagramatik* amargi ngandharaken kahanan saha sikap paraga gayutanipun kaliyan perkawis ingkang dipunalami. Prastawa ingkang dipunalami dening Mas Bei Mangunripta menika nedahaken bilih sikap panjenenganipun anggenipun nglampahi satunggaling perkawis kanthi sikap nepsu.

Jinising *ikon* ingkang kaping tiga inggih menika *ikon metaforis*. *Ikon metaforis* ingkang dipunpanggihaken menika angliputi, tembung entar, tembung pepindhan, saha bebasan. Ingkang sepisan inggih menika tembung entar, pethikan *datanipun* kados ing ngandhap menika.

Mas Bèi Mangunripta pucet guwayanipun, kèndel tanpa cumuwit, rumaos manggih kawirangan. (KND: 17)

Ukara ing nginggil kasebut nedahaken satunggaling ukara ingkang ngandhut tembung entar, inggih menika *metafora*. Tembung ingkang nedahaken bilih wonten tembung entaripun inggih menika “***pucet guwayanipun***”. Tembung “***pucet guwayanipun***” kasebut kalebet tembung entar ingkang tegesipun kaget utawi isin.

Tembung entar saklajengipun ingkang dipunpanggihaken inggih menika *personifikasi*, pethikan *datanipun* inggih kados makaten.

Ing saben dinten prasasat boten kendhat pamaosipun ing serat kabar, sampun mesthi kémawon seserapanipun saya mindhak, pikiranipun tansah lumampah. (KND: 41)

Pethikan *data* ingkang dipunpanggihaken menika nedahaken satunggaling tembung entar inggih *personifikasi*. Ingkang nedahaken tembung entar *personifikasi* inggih menika ”***pikiranipun tansah lumampah***”. Ingkang dipunmaksud saking tembung “***pikiranipun tansah lumampah***” menika boten lajeng lumampah wonten ing teges ingkang sajatosipun, ananging pikiranipun tansah lumampah tegesipun pikiranipun saged dipunginakaken kanthi sae, kangge damel nalar-nalar ingkang premati. Wonten manpangatipun supados saged mikir kanthi tliti.

Tembung entar ingkang angka tiga ingkang dipunginakaken wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika *simile*. Pethikan *data* ingkang nedahaken tembung entar *simile* inggih menika.

Kaping kalih, ingkang kathah tetiyang Jawi dèrèng jembar seserepanipun, bebasan kados kodhok kinureban bathok, kang kung, rumaosipun ngebaki jagad, boten sumerep manawi langitipun namung sakurebing bathok. (KND: 83)

Ukara kasebut kalebet bebasan, ananging ngandhut tembung entar *simile*, inggih menika tembung “***bebasan kados kodhok kinureban bathok***”. Kalebet bebasan amargi wonten titikanipun inggih menika tembung “***bebasan***”, ingkang tegesipun kaya, minangka, mirip lan sapanunggalanipun. Tembung menika ugi ngandhut tembung entar *simile*.

Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* ugi wonten ingkang ngginakaken tembung pepindhan. Pethikan *datanipun* inggih menika.

Para tamu sapajagongan, purugipun mripat namung dhateng sang pindha déwa lan dèwi. (KND: 23)

Tembung “*pindhha déwa lan dèwi*” wonten ing ukara ing nginggil minangka titikanipun ukara kasebut kalebet tembung pepindhan ingkang tegesipun boten kados teges ingkang sajatosipun utawi namung *perumpamaan*.

b. Wujud Gayutanipun Antawis Tandha kaliyan Acuanipun ingkang Awujud Indeks wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat

Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika, dipunpangguhaken wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *indeks*. *Indeks* menika adhedhasar *sebab akibat* saking prastawa wonten ing cariyos. *Indeks* dipunperang dados tiga jinising, inggih menika, tumindak paraga ingkang damel kaget, tumindak paraga ingkang ngobahaken manah, saha tumindak paraga ingkang damel duka. *Data-data* ingkang dipunpangguhaken adhedhasar saking tiga perangan kala wau gayut kaliyan prastawa-prastawa ingkang wonten ing cariyos.

Ingang sepisan adhedhasar tumindak paraga ingkang damel kaget. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* dipunpangguhaken *data* ingkang gayut kaliyan prastawa ingkang dipunlampahi satunggaling paraga ingkang damel kaget. Pethikan *datanipun* kados makaten.

Sebab: Mas Béi Mangunripta ketinggal nepsu, nanging tembungipun boten wonten tiyang mireng, amargi kinrutug ungelipun kondhèktur, kumrecek boten kenging dipun selani: "...ora ngerti aturan, kowé wong apa...."

Akibat: Mas Béi Mangunripta pucet guwayanipun, kèndel tanpa cumuwit, rumaos manggih kawirangan. (KND: 16-17)

Saking pethikan *data* ing nginggil saged dipuntingali bilih sikap paraga Mas Béi Mangunripta damel kaget. Anggenipun damel kaget amargi nalika Mas

Béi Mangunripta saweg duka kaliyan perkawis ingkang nembe dipunlampahi, lajeng dipunswanteni dening kondhektur ingkang damel wirangipun Mas Béi Mangunripta. Panjenenganipun boten nyangka bilih kondhektur kasebut wantun anggenipun nywanteni kamangka Mas Bei punika satunggaling priyayi ingkang dipunkurmati dening sinten kemawon, pramila Mas Béi Mangunripta manggih kawirangan saking tumindakipun kondhektur kala wau.

Jinising *indeks* ingkang saklajengipun inggih menika tumindakipun paraga ingkang ngobahaken manah. Pethikan *data* ingkang dipunpanggihaken inggih menika.

Sebab: Darba énggal pamitan embokipun, nunten kaajak minggah numpak sepur dhateng Tuwan Masinis.

Akibat: Mbok Nayapada boten saged ngampet, luhipun carocosan. Angkating sepur Darba sumerep embokipun nangis ngguguk, manahipun sumedhot, lajeng dipun celaki Tuwan Masinis, kaajak gegineman. (KND: 69)

Pethikan *data* kados ing nginggil menika nedahaken jinising indeks ingkang adhedhasar tumindakipun paraga ingkang ngobahaken manah. Kacariyosaken bilih nalika Darba pamitan dhateng Mbokipun badhe tindak dhateng Semarang, Mbok Nayapada boten saged ngampet anggenipun nangis, luhipun sami carocosan. Sumerep Mbokipun nangis Darba ngraosaken sumedhot, boten tega anggenipun nilar Mbokipun ananging sedaya menika kangge kabetahanipun Darba ugi kangge damel tiyang sepuhipun bingah. Prastawa ingkang kados makaten ndadosaken ingkang maos cariyos menika ugi tumut sedhih saha kados tumut ngraosaken menapa ingkang dipunraosaken dening paraga cariyos menika.

Jinising *indeks* ingkang saklajengipun inggih menika adhedhasar tumindakipun paraga ingkang damel duka. *Data* ingkang dipunpanggiaken inggih menika kados makaten.

Sebab: Tetiyang wau wonten sawatawis ingkang klèntu, gerbong klas kalih dipun lebeti, ndadosaken nepsunipun ing kondhèktur.

Akibat: "Buri, buri. Wong Jawa buri."

Makaten pambengokipun kondhèktur, kaliyan begita-begitu. Swaranipun keras, timbang kaliyan wujudipun. Mripatipun loyop, bokmanawi sampun sayah, mila kedah nepsu kémawon. (KND: 15)

Saking pethikan *data* ing nginggil, saged dipuntingali bilih ukara menika nedahaken tumindak paraga ingkang damel duka. Kacariyosaken wonten ing salebeting sepur wonten tiyang ingkang klentu anggenipun mlebet gerbong ingkang ndadosaken kondhekturipun duka, lajeng mbengoki mawi swanten ingkang sora dhateng tiyang kasebut supados pindah anggenipun mapan.

c. Wujud Gayutanipun Antawis Tandha kaliyan Acuanipun ingkang

Awujud Simbol wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat

Wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *simbol* wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika adhedhasar *data* ingkang dipunpanggiaken wonten tiga wujud *simbol*. Tiga wujud *simbol* ingkang dipunpanggiaken inggih menika ingkang gegayutan kaliyan priyayi, ingkang gegayutan kaliyan gelar nama, saha ingkang gegayutan kaliyan *masa penjajahan Belanda*. Saking tiga wujud simbol kasebut saben wujud wonten pethikan *datanipun* ingkang gegayutan kaliyan prastawa ingkang dipunlampahi dening paraga wonten ing cariyos. Wujud *simbol* ingkang sepisan ingkang dipunpanggiaken wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika ingkang

gegayutan kaliyan priyayi. Pethikan *datanipun* ingkang nedahaken *simbol* kasebut inggih menika kados makaten.

Tetiyang wau wonten ingkang manganggé paméran, asinjang carik latar cemeng, rasukanipun sikepan cemeng cekak, sabukipun dringin, èpèk bludru cemeng. Dhuwungipun ladrang pendhok suwasa. Sawanganipun prasaja, namung saben-saben ketingal timangipun satléraman gebyar-gebyar mawi mripat inten, tetéla ingkang nganggé punika kecekapan. Kejawi punika tiyang wau nganggé kuluk pethak, kénging dipun grayangi bilih abdidalem apangkat drajat. (KND: 11-12)

Pethikan *data* kados ing nginggil kasebut nedahaken wujud simbol ingkang gegayutan kaliyan priyayi. Ukara ingkang ***manganggé paméran, asinjang carik latar cemeng, rasukanipun sikepan cemeng cekak, sabukipun dringin, èpèk bludru cemeng. Dhuwungipun ladrang pendhok suwasa. Sawanganipun prasaja, namung saben-saben ketingal timangipun satléraman gebyar-gebyar mawi mripat inten, tetéla ingkang nganggé punika kecekapan. Kejawi punika tiyang wau nganggé kuluk pethak, kénging dipun grayangi bilih abdidalem apangkat drajat,*** menika satunggaling simbol satunggaling tiyang dipunwastani priyayi. Jaman rumiyin tiyang ingkang panganggenipun kados ingkang wonten ing pethikan *data* menika inggih tiyang ingkang gadhah kawibawan ingkang ageng, lajeng dipunajeni tumrap tiyang kathah, amargi miturut tiyang kathah tiyang ingkang makaten menika dipunwastani priyayi, inggih menika satunggaling tiyang ingkang sami dipunajeni saha dipunkormati dhateng tiyang sanes. *Simbol* ingkang kados makaten sampun dipunmangertosi saha sampun dados pasarujukan tumrap masarakat wiyar.

Wujud *simbol* ingkang angka kalih inggih menika ingkang gegayutan kaliyan gelar nama. Wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* wonten paraga-

paraga ingkang saperangan ngginakaken gelar nama. Gelar nama kasebut dipunginakaken kangge nedahaken *identitas* saha *status* saking paraga kasebut. Pethikan *datanipun* kados makaten.

"Nun, badhe panggènanipun Demang Karyabau."

Tembung ***Demang*** wonten ing ukara ing nginggil nedahaken satunggaling gelar nama. ***Demang*** menika satunggaling gelar ingkang dipungadhahi dening priyayi ingkang saking jabatan wonten ing pamarentah, biyasanipun saking rakyat biyasa ingkang amargi pangabektinipun piyambakipun gadhah hak ngginakaken gelar kasebut. Pethikan *data* ingkang sanesipun babagan simbol gelar nama inggih menika.

Dipun wangsuli bilih Bandara Panji Puspawicara, Darba inggih lajeng tumut nggatosaken dhateng ngandikanipun priyantun kekalih wau.
(KND: 35)

Tembung ***Bandara Panji*** wonten ing ukara ing nginggil ugi satunggaling gelar ingkang dipunginakaken dening priyayi ingkang sami kaliyan gelar ***Demang*** kala wau inggih menika priyayi ingkang gadhah gelar makaten inggih priyayi ingkang bekti dhateng pamarentah, angsal gelar kasebut saking jabatan wonten ing pamarentah.

Wujud *simbol* ingkang angka tiga utawi ingkang pungkasan inggih menika ingkang gegayutan kaliyan *masa penjajahan Belanda*. Cariyos ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika kadadosan nalika *masa penjajahan Belanda*. Perkawis menika saged dipuntingali saking prastawa-prastawa ingkang wonten ing cariyos ingkang temtunipun ingkang awujud *simbol*. Kados ingkang sampun dipunpanggihaken inggih menika.

Nalika samanten Surakarta saweg ramé- raménipun ngadeg pang Boedi Oetama énggal. (KND: 93)

Pethikan data ing nginggil menika nedahaken bilih wujud *simbol* ingkang wonten ing ukara kasebut inggih nggambaraken nalika *masa penjajahan Belanda*. Organisasi Boedi Oetama kadadosan taun 1908 ingkang panggasipun inggih menika satunggaling priyayi dhokter Jawi ing Ngayogyakarta, nama Mas Ngabei Sudirahusada. Organisasi menika gadhah ancas supados tiyang Jawi saged gesang kanthi makmur. Nalika samanten pamulangan ingkang wonten ingkang kangge tiyang Jawi namung pamulangan dhusun lajeng wonten pamulangan cara Walandi ingkang dipunwastani HIS. Adhedhasar *data* kasebut mila dipunpangguhaken dudutan bilih Boedi Oetama menika satunggaling *simbol* ingkang nedahaken bilih prastawa ingkang kadadosan ing cariyos menika nalika *masa penjajahan Belanda*.

Saking asiling panaliten saha pirembagan babagan wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural*, saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil menika, saged dipunpangguhaken bilih wujud-wujud *sikap hidup* priyayi ingkang wonten ing *novel* cacahipun sedasa. *Data* kasebut adhedhasar teori ingkang gayutan kaliyan *sikap hidup* priyayi, umpaminipun saking tumindakipun, pangandikanipun lan sapanunggalanipun.

Sikap hidup priyayi wonten ing *novel* kasebut dipungadhahi dening para paraga, ananging boten sedaya paraga nedahaken *sikap hidup* priyayi namung paraga tartamtu ingkang gadhah sikap kasebut. Sikap hidup priyayi ingkang dipunpangguhaken inggih menika bebuden luhur, tanggeljawab, tanggap ing

sasmita, wicaksana, lebda ing pamawas, remen anggegulan ngelmi, kaprihatosan, lampah prihatos, enget dhateng panguwaosipun Gusti Allah, saha mbangun miturut dhateng tiyang sepuh.

Asiling panaliten saha pirembagan babagan *unsur-unsur struktural* wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*, dipunperang dados enem, inggih menika tema, alur, paraga, latar, sudut pandang, saha basa. Saking tema ingkang dipunpanggihaken inggih menika wonten kalih, *tema pokok* utawi tema mayor *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika tema sosial babagan priyayi Jawi, saha sub tema utawi tema minor ingkang wonten anglimputi perkawis lelampahan gesangipun Darba, gesangipun priyayi, saha perkawis pados pangaji-ajining dhiri.

Alur ingkang dipunpanggihaken saking *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika alur *progresif*. Saklajengipun paraga ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih Darba minangka paragatama, saha paraga tambahanipun ing antawisipun Ki Mas Nayapada, Embok Nayapada, Mas Bei Mangunripta, saha Darya. Saklajengipun inggih menika saking lataripun dipunperang dados tiga inggih menika latar papan ingkang dipunginakaken wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* inggih menika papan-papan ing tanah Jawi.

Latar wekdal ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* menika nalika jaman *penjajahan Belanda*. Latar lingkungan sosial wonten ing *novel* menika inggih menika lingkungan sosial budaya Jawi. Saking *Sudut pandang* ingkang wonten ing *novel* inggih menika ngginakaken *sudut pandang persona ketiga*: “*Dia*”. Panganggenipun basa wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*

mliginipun ngginakaken basa Jawi. Kejawi basa Jawi, ugi ngginakaken *istilah-istilah Belanda* saha Jawi rikala jaman rumiyin.

Ingang pungkasan saking pirembagan wonten ing bab menika inggih menika wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*. Dipunpangguhaken bilih saben acuan gadhah titikanipun piyambak-piyambak. Ingang awujud *ikon* dipunperang dados tiga, inggih menika *ikon topologis, ikon diagramatik, saha ikon metaforis*. *Ikon topologis* adhedhasar nyebataken salah satunggaling papan, wilayah tartamtu saha kahananipun, saha nyebataken paraga cariyos kaliyan sikap saha kahanan fisik. Ingang awujud *indeks* dipunperang dados tiga inggih menika tumindakipun paraga ingkang damel kaget, tumindakipun paraga ingkang ngobahaken manah, saha tumindakipun paraga ingkang damel duka. Ingang awujud simbol dipunperang dados tiga inggih menika gegayutan kaliyan kapriyayan, gegayutan kaliyan gelar nama, saha gegayutan kaliyan *masa penjajahan Belanda*.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten kaliyan pirembagan wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural novel* saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*, saged dipunpendhet dudutan wonten ing ngandhap menika.

1. Wujud sikap hidup priyayi ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* wonten sedasa jinising sikap hidup, inggih menika, bebuden luhur, tanggeljawab, tanggap ing sasmita, wicaksana, lebda ing pamawas, remen anggegulan ngelmi, kaprihatosan, lampah prihatos, enget dhateng panguwaosipun Gusti Allah, saha mbangun miturut dhateng tiyang sepuh.
2. *Unsur-unsur struktural* ingkang wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat* anggitanipun R. Tg. Jasawidagda angliputi, tema, alur, paraga, latar, sudut pandang, saha basa.
3. Wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *ikon* dipunpangguhaken wonten tiga jinising *ikon*, inggih menika, *ikon topologis*, *ikon diagramatik*, saha *ikon metaforis*. Wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *indeks* dipunpangguhaken tiga jinising *indeks* inggih menika, tumindakipun paraga ingkang damel kaget, tumindakipun paraga ingkang ngobahaken manah, saha tumindakipun paraga ingkang damel duka. Wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun* ingkang awujud *simbol* wonten tiga jinis ingkang dipunpangguhaken inggih

menika, gegayutan kaliyan kapriyayan, gegayutan kaliyan gelar nama, saha gegayutan kaliyan *masa penjajahan Belanda*.

B. Implikasi

Panaliten menika ngrembag babagan wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural novel* saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*. Adhedhasar asiling panaliten menika, saged dipunimplikasiaken kados ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika saged suka kawruh babagan panaliten wonten ing bidang sastra, mliginipun bidang kritik sastra ingkang ngrembag kajian struktural-semiotik.
2. Panaliten menika saged dados tambahan bahan ajar wonten ing bidang kritik sastra.

C. Pamrayogi

Adhedhasar asiling panaliten kaliyan pirembagan wonten ing panaliten menika, wonten pamrayogi ingkang kedah dipungatosaken inggih menika:

1. Panaliten menika namung ngrembag bab wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural novel* saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* wonten ing *novel Kirti Njunjung Drajat*, satemah taksih dipunperlukaken panaliten ingkang langkung detail. Pramila panaliti suka pamrayogi supados panaliti sanesipun saged nliti babagan struktural semiotik ingkang sanesipun.

2. Panaliten menika namung winates ing wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural novel* saha wujud gayutanipun antawis tandha kaliyan *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* wonten ing satunggaling *novel Kirti Njunjung Drajat*, satemah kangge panaliti ingkang remen kaliyan sastra saged ngawontenaken panaliten mawi bidang kajian ingkang sami ananging objek kajianipun beda.

KAPUSTAKAN

- Barina, Siti. 1995. *Kepriyayian Dalam Novel Para Priyayi Karya Umar Kayam Sebuah Kajian Struktural Semiotik*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Etika Hidup Orang Jawa: Pedoman Beretika dalam Menjalani Kehidupan Sehari-hari*. Yogyakarta: NARASI.
- _____. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS.
- _____. 2013. *Metodologi Kritik Sastra*. Yogyakarta: Ombak.
- Geertz, Clifford. 1983. *Abangan, Santri, Priyayi*. (Terjemahan Aswab Mahasin). Jakarta : Pustaka Jaya.
- Jasawidagda, R. Tg. 2012 (Cetakan Kedua). *Kirti Njunjung Drajat*. Bandung: PT Kiblat Buku Utama.
- Jassin, H. B. 1965. *Tifa Penyair Dan Daerahnya*. Jakarta: PT. Gunung Agung.
- Kartodirdjo, Sartono dkk. 1993. *Perkembangan Peradaban Priyayi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Luxemburg, Jan Van dkk. 1984. *Pengantar Ilmu Sastra*. (Terjemahan Dick Hartoko). Jakarta: Gramedia.
- Nurdiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Nurdiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 1995. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, Dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2013. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, Dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Suparman. 1998. *Gaya Ironi Dalam Novel Byarpet Karya Putu Wijaya (Sebuah Kajian Struktural Semiotik)*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.

Zoest, Aart van. 1990. *Fiksi dan Nonfiksi dalam Kajian Semiotik*. (Terjemahan Manoekmi Sardjoe). Jakarta: Intermasa.

LAMPIRAN

LAMPIRAN 1
SINOPSIS *KIRTI NJUNJUNG DRAJAT*

Wonten satunggaling kulawarga ingkang badhe kekesahan ngginakaken sepur jurusan Semarang-Yogyakarta. Kulawarga kasebut wonten ing gerbong kelas 3, kangge tiyang Jawi. Kulawarga kasebut bilih dipuntingali saking cara agemanipun kalebet tiyang cekapan. Kulawarga ingkang menika wau anama Darba (paragatama) saha tiyang sepuhipun anama Ki Mas Nayapada saha Mbok Nayapada. Dene ing sangajengipun, wonten penumpang kakung kaliyan abdinipun jaler setunggal, bilih dipuntingali saking ageman saha patrapipun, nedahaken bilih tiyang kasebut satunggaling priyantun anama Mas Bei Mangunripta. Wonten ing bab 1 nggambaraken kadadosan ingkang damel kaget Darba babagan Mas Bei Mangunripta ingkang kaliyan patrapipun ketinggal ngremehaken dhateng sasaminipun, klebet dhateng bapakipun Darba inggih menika Ki Mas Nayapada, menapa malih kaliyan tiyang alit. Darba mangertosi piyambak nalika Mas Bei Mangunripta, priyantun ingkang umuk wibawa wau, dipunpeksa “mandhap” wibawane dening kondhektur Landa kanthi dipunlenggahaken jejer kaliyan tiyang alit. Tumrap Darba, kadadosan menika nedahaken bilih wibawa priyantun menika namung winates ing sasaminipun, boten tumrap pedamelanipun. Mas Bei, ingkang waunipun umuk sakmenika boten gadhah daya, amargi piyambakipun ngremehaken aturan numpak sepur. Makaten ugi ing bab 2, Mas Bei ingkang gumedhe saha remen umuk menika ugi dipunlorod malih wibawanipun dening Mantri Ondher Dhistik, ingkang ing pasamuwan dipunsepelekaken dening Mas Bei Mangunripta.

Saking prastawa ingkang bibar dipunlampahi dening Darba, damel keraos-raosipun Darba, utaminipun babagan pangaji-ajining ingkang dipundarbeni priyantun. Miturut pamanggihipun Darba, ajining tiyang menika dumunung tumrap pedamelanipun saha kapinteranipun ingkang saklajengipun ndunungaken pakerti. Menawi para sudagar, tani, saha tukang purun ngangsu kawruh, saha purun srawung kanthi wiyar, ugi bakal inggil ajinipun (gadhah *arti*) saha kathah artanipun (*arta*). Wiwit sakmenika, Darba lajeng langkung sregep maos serat kabar saha kalawarti basa Jawi minangka sarana wiyaraken kawruh. Piyambakipun malah lajeng ndarbeni krenteg badhe nyobi nyerat pawartos, utawi urun rembag ing serat kabar, kanthi nama singlon Jaka Wiyadi. Anggenipun nyerat wonten ing serat kabar ndadosaken Darba gadhah pepenginan badhe nilaraken kapriyantunanipun. Pamanggih menika ndadosaken kuciwaning manahipun Mbok Nayapada, amargi mbokipun gadhah pangajab bilih Darba menika kedah dados priyantun. Ananging, kanthi nalaring pikir ingkang sae saking Darba, biyungipun saged nampi pamanggihipun Darba anggenipun nilar kapriyantunan lan badhe ngangsu kawruh saha pados pedamelan ingkang mardika.

Anggenipun Darba badhe ngangsu kawruh saha pados pedamelan saged kaijabah. Darba sakmenika gadhah pedamelan inggih menika sade pit saha ndadosi pit wonten ing Semarang. Anggenipun nyambut damel Darba ndadosaken bingah manahipun Darba. Cekakipun Darba rumiyin kaliyan sakmenika sampun beda. Darba dados tiyang ingkang dipunkenal kaliyan tiyang kathah, pedamelanipun ugi sansaya dangu sansaya majeng. Ngelmunipun Darba

ugi sansaya wiyar, menapa malih ing pasrawungan Budi Utomo Darba ugi kathah rembagipun. Perkawis menika ingkang ndadosaken Ki Mas Nayapada saha Mbok Nayapada bingah gadhah putra ingkang saged dipunajeni tumrap tiyang kathah sanajan Darba boten dados priyantun. Pungkasan cariyos nalika saweg rame-ramenipun wonten *penyakit* ingkang nama *influenza*, kathah tiyang ingkang nandhang gerah kasebut. Marasepuhipun Darba ugi kalebet ingkang kenging *penyakit* kasebut. Let sawetawis dinten lajeng Darba kecandhak nandhang gerah ngrekaos, madal sakathahing jampi. Pancen Gusti Allah saweg adamel lelampahan Darba pinundhut ing Pangeran. Nalika panguburipun, kathah sanget ingkang sami nglayad: para luhur, Walandi, Cina, priyantun saha mitra sanesipun prasasat tanpa wicalan. Saking cariyos babagan kapriyantunan menika saged dipunpanggihi dudutan inggih menika: Darba saged nedahaken bilih pangaji-ajining dhiri menika boten dipuntingali saking tiyang kasebut priyantun menapa boten ananging dumunung marang pedamelanipun saha kapinteranipun ingkang saklajengipun lajeng ndunungaken pakerti.

LAMPIRAN 2

Tabel 1: Wujud-Wujud Sikap Hidup Priyayi Wonten Ing Novel Kirti Njunjung Drajat

No. Data	Paraga	Pethikan Data	Wujud Sikap <i>Hidup</i> Priyayi	Kaca
1	Nayapada	Nayapada mangsuli taklim, amargi kejawi wicanten dhateng inggil-inggilanipun, pancèn dhasaripun andhap-asor. Tanganipun kagathukaken satengah ngapurancang, sarta mawi mendhak sawatawis, tembungipun, "Nun badhe njagong dhateng Dlanggu."	Bebuden luhur	12
2	Darba	Ing batos gadhah pangalem, amargi ningali tandangipun Darba nalika minggah ing sepur wau, sanget anggènipun anjagi saha mrenah-mrenahaken biyungipun, punapadéné ingkang nyepeng karcis saha ngulungaken dhateng kondhèktur inggih pun Darba.	Tanggéljawab	13
3	Darba	Nalika Darba sumerep kathahing lebetipun tiyang punika, énggal ngalih linggih nyisihi biyungipun, dados bangkunipun lajeng jangkep dipun linggih tiyang tiga.	Tanggap Ing Sasmita	15
4	Darba	Darba boten énggal-énggal mangsuli, awit saupami tembungipun Walandi kondhèktur wau dipun Jawèkaken sadaya, sumelang kpireng tiyang sanèsipun, mendhak amewahi wirangipun Mas Bèi, wasana wangsulanipun namung, "Boten ngertos, awit wicantenipun rikat sanget."	Wicaksana	17
5	Mantri Onder Dhistrik	Mantri Onder Dhistrik inggih ngunjuk, nanging tanpa mangsuli sakecap, ing batos sakelangkung ngungun, déné ngantos kataman ing tindak kados makaten. Nanging polatanipun boten éwah, mratandhani priyantun luhur ing budi, boten samar ing patrap agal alus, pancèn bregas, wujudipun boten ageng inggil, nanging saliranipun akas lan kiyeng.	Bebuden luhur	27

Tabel salajengipun

No. Data	Paraga	Pethikan <i>Data</i>	Wujud Sikap <i>Hidup</i> Priyayi	Kaca
6	Bandara Panji Puspawicara	Panuju wonten ing kantor, Dèn Bèi Prajasusastra dipun sanjani priyantun nènèman bregas, misuwur ahli dhateng kasusastran, punapadéné sugih pangertosan.	Lebda ing pamawas	35
7	Darba	Anggènipun Darba maos serat kabar punika dados kasenangan ageng. Ing saben dinten prasasat boten kendhat pamaosanipun ing serat kabar, sampun mesthi kémawon seserepanipun saya mindhak, pikiranipun tansah lumampah.	Remen anggegulang ngelmi	41
8	Darba	Sareng watawis angsal satengah taun, Darba prasasat boten kéwran dhateng ébahing jaman. Manawi wonten pajagongan utawi gegrombolaning para saged, rembagipun Darba saged sambet punapadéné Darba kerep nyumerepi pamanggihipun para ingkang winastan sarjana. Ingkang makaten punika mahanani dhateng manah tatag, patitis ing ginem, sarta awis ketaman ing tindak clila-clili.	Bebuden luhur	41
9	Darba	Darba sumerep nalar makaten punika sakelangkung ngungun, déné wonten tindak sawenang-wenang, sulaya temen kaliyan angger-angger saha pranatanipun Kangjeng Gupernemèn.	Kaprihatosan	46-47
10	Darba	"Sanajan kula kerep damel karangan wonten ing serat kabar, nanging boten naté nuju tiyang, agengipun ngawon-awon. Ingkang kula rembag mesthi kabetahaning ngumum."	Bebuden luhur	47
11	Darba	Darba nyambeti, "Ingkang perlu, amrih karaharjaning tiyang alit. Manawi kula, kedah dipun antepi menapa sumpahipun nalika kaangkat dados priyantun."	Tanggjawab	49
12	Darba	Darba: "Terangipun ajrih wayanganipun piyambak. Mangka piwulang Jawi, menawi nglampahi ayahaning ratu punika boten badhé ajrih rekaos, sampun malih sakit, dumugining pejah dipun antepi."	Tanggjawab	50

Tabel salajengipun

No. Data	Paraga	Pethikan <i>Data</i>	Wujud Sikap <i>Hidup</i> Priyayi	Kaca
13	Darba	Satunggaling tiyang nènèman kados pun Darba, jembar sawanganipun, sampun saged nandhing milih, panimbangipun ing samubarang prakawis mawi nalar-nalar ingkang premati, punika pancènipun sampun kénging dipun eculaken, kados pundi pamilihipun lampah badhé gesangipun.	Lebda ing pamawas	51
14	Darba	Darba bingah ing manah, amargi saged sumingkir saking sabab wau, sarana aprasetya temen-temen badhé boten nglampahi tindak ingkang dudu.	Bebuden luhur	52
15	Darba	Darba saya tetep kepénginipun nyambut damel ingkang mardika, lripun ingkang sakedhik sangkutanipun kaliyan pangageng; namung kadospundi marginipun, punika ingkang dèrèng angsal wewengan, amila Darba sakelangkung prihatos, sarta tansah nyenyuwun ing Gusti Allah.	Lampah prihatos	53
16	Darba	Darba kèndel linggih ing séla ageng celak margi, nyawang redi Merapi kumuluk kukusipun. Manahipun keraos, ènget dhateng ingkang nitahaken redi, bumi, surya sapiturutipun, lajeng nyenyuwun ing Gusti Allah, mugi pinaringan wewengan, sagedipun tumunten luwar saking kaprihatosan.	Ènget dhateng panguwaosipun Gusti Allah	53
17	Darba	Darba nampik dhateng pawèwèh punika, wicantenipun alus, "Tuwan, sampun dados panggalih, kula boten ngalap épah, aluwung manawi kepareng, sinyo punika kula géndhongipun, panjenengan nuntun pit. Mangga kula dhèrèkaken dhateng pabrik."	Bebuden luhur	54

Tabel salajengipun

No. Data	Paraga	Pethikan Data	Wujud Sikap <i>Hidup</i> Priyayi	Kaca
19	Darba	Salebetipun makaten, Mbok Nayapada ngedalaken wédang saha pacitan katata ing méja andhap, nunten sami ngombé saha macit. Darba sumerep pasemoning tiyang sepuhipun kados énggal kepéngin mireng, punapa rembagipun Darba. Pramila Darba inggih lajeng mbukani, tembungipun dhateng Darya, "Nek kowe krungu, Mas, kapriyé kabaré Kapatihan?"	Tanggap ing sasmita	62
20	Ki Mas Nayapada	Nayapada saanakipun sami kagét, wicantenipun Nayapada, "Lo, alon ta, Embokné, kowé kuwi kok banjur ngono, rak iya dirungokaké dhisik kandhané anakmu kuwi, jenengé dirembug."	Wicaksana	63
21	Darba	Darba: "O, Embok, kula inggih sampun sumerep manawi panggalihan panjenengan makaten; mila sadaya ihtiyar, ingkang kula èneti namung kudangan panjenengan. Cariyosipun rumiyin kajengipun 'kétok'."	Mbangun miturut (patuh) dhateng tiyang sepuh	63
22	Ki Mas Nayapada	Ki Mas Nayapada pancèn pamanahipun kathah panjomplangipun dhateng Darba, mila lajeng numpangi wicanten, "Sababé kapriyé bokné, kandhané anakmu kuwi rasakna, sarta timbang-timbangan. Nèk pancèn ora bener, iya padha digondhèli. Wis Darba tutugna kandhamu."	Wicaksana	64
23	Darba	Darba: Béda kaliyan para pandhé, sudagar, para tani sasaminipun, punika kasagedanipun namung mligi tumrap padamelanipun. Mila inggih tansah kasor ing prabawa kaliyan ingkang sami dados priyantun. Nanging sapunika sampun kathah pamulangan, Bénjing watawis taun malih, saged ugi ingkang dados juru serat punika upaminipun wedalan pamulangan angka loro, ingkang dados pandhé malah wedalan pamulangan angka siji, ingriku kajènipun mesthi gumantung wonten kathahing pamedal, ingkang dados priyantun mesthi boten wani lanyak-lanyak dhateng ingkang dados pandhé.	Wicaksana	64

Tabel salajengipun

No. Data	Paraga	Pethikan <i>Data</i>	Wujud Sikap <i>Hidup</i> Priyayi	Kaca
24	Darba	Lah makaten kawontenanipun Walandi ing sapunika. Upaminipun komis kaliyan setatir pabrik. Komis punika priyantun ing kantor karésidénan, ageng cecepeganipun, punika saged dipun lampahi tiyang wedalan pamulangan andhap kémawon. Béda kaliyan setatir pabrik, sasampunipun medal saking pamulangan andhap kedah lajeng sekolah raja gangsal taun, lajeng sinau malih dhateng nagari Walandi, tiga-kawan taun. Mila saupami tiyang kalih wau ajeng-ajengan, ingkang satunggal priyantun (komis) satunggalipun tiyang pabrik (setatir), pun komis prasasat sampun nyembah piyambak, amargi rumaos sarwa kawon sabarang-barangipun."	Wicaksana	64-65
25	Darba	Darba: Keparenga kula matur inggih, Mbok, ingkang sami kamanah punika badan kula, kados pundi badhénipun, tegesipun kadadosanipun ing Bénjing. Bénjing punika dèrèng kalampahan, mila sapunika sami karembag, supados tembé boten manggih piduwung. Sinten ingkang saged sumerep sabarang ingkang dèrèng kelampahan, boten wonten. Nanging manusa wajib manah-manah saha nandhing-nandhing, punapadéné nenitèni. Panjenengan mesthi pitados, bilih jaman Kartasura punika béda kaliyan jaman Surakarta, jaman larénan panjenengan, béda kaliyan larénan kula. Manawi makaten, padamelan ingkang dipun lampahi Bapak mesthi béda kaliyan ingkang badhé kula lampahi.	Wicaksana	65-66

Tabel salajengipun

No. Data	Paraga	Pethikan <i>Data</i>	Wujud Sikap <i>Hidup</i> Priyayi	Kaca
27	Ki Mas Nayapada	Pak Nayapada: "Iya, pancèn jamane kudu salin. Lah, kaé ta, Embokné, nèk aku ngadhepi para panèwu mantri sing padha temen maca layang kabar. Olèhé ngrasani lan ngajèni marang ing sesinglon Jaka Wiyadi, kuwi kaya ora menyang sapepadhané, ora sumurup nèk Jaka Wiyadi iku sajatiné anakmu Si Darba."	Wicaksana	66
28	Darba	"Dados anggèn kula badhé dhateng Semarang punika, niat kula sinau, déné hanyambutdamel kula punika malah nama sambèn, pamedalipun kénging kula anggè wragad anggèn kula sinau wau."	Wicaksana	67
29	Darba	Darba: "Prakawis makaten sampun panjenengan galih sanget-sanget, Embok. Anggèn kula gadhah kekencengan medal dhateng ngamanca punika sampun mawi sabab warni-warni, sapisan perlu ngupados kasagedan. Kaping kalih, wonten kula ing Semarang wonten ingkang kula gondhèli, inggih punika Tuwan Masinis. Kaping tiga, panjenengan sakalihan bapak sampun wonten ingkang rumeksa, inggih punika Mas Darya saha mbakyu, tuwin sanak-sadhèrèk sanèsipun.	Wicaksana	68
30	Darba	Sawenèhipun priyantun ingkang boten buruk manahipun tansah ngudi kalepataning bekel, perlunipun manawi saged kakèndelan, lajeng santun bekel, tampi bekti malih. Sadaya bab punika mahanani raos bilih tiyang alit punika wonten tekmanipun priyantun.	Wicaksana	71

Tabel salajengipun

No. Data	Paraga	Pethikan <i>Data</i>	Wujud Sikap <i>Hidup</i> Priyayi	Kaca
32	Darba	Nanging Darba ngèneti, bilih gesangipun punika boten tumrap awakipun piyambak, bapa-biyungipun ingkang sami taksih gesang, punika ugi wajib tumut ngraosaken.	Bebuden luhur	90
33	Darba	Inkang sampun rumaos wajib mbingahaken tiyang sepuhipun, sarananipun boten sanès kejawi piyambakipun ngalih dhateng Sala. Inkang èstri dipun tari purun. Tiyang sepuhipun jaler nalika samanten sampun ajal, kanton ingkang èstri, dipun ajak kepara malah bingah, amargi kepéngin sanget dados tiyang Sala. Darba lega manahipun, mesthi badhé bingah nyawang saéning gesangipun anak.	Bebuden luhur	90
34	Darba	Panyambutdamelipun mèmèng. Gesangipun prasaja, ananging badanipun dipun ajèkaken, manawi perlu ngedali pasamuwan, kajagi sampun ngantos kuciwa momoran kaliyan tiyang saé-saé, lirisun manganggé pantes, tatakramanipun jangkep. Upaminipun kepeksa kekésahan numpak sepur, utawi neningali kemidhi gambar sorot sasaminipun, linggihipun boten sapurun-purun kémawon, mawi nglaras kawontenan, pamanggènipun wonten ing klas satunggal utawi kalih. Inggih leres makaten punika mewahi ragad, ananging ngrembag bab ajining dhiri, sampun kedah makaten.	Bebuden luhur	91
35	Darba	Darba kulina netepi wewalering tatakrama. Éwasamanten manawi dipun diksurani ing sanès, boten saged nepsu, amargi pamanahipun, tiyang ingkang patrap makaten punika namung kabekta saking bodhonipun, utawi ketarik saking boten sumerepipun. Amila tindakipun Darba punika namung tansah rumaket saha manis dhateng sinten-sintena.	Bebuden luhur	91

Tabel salajengipun

No. Data	Paraga	Pethikan <i>Data</i>	Wujud Sikap <i>Hidup</i> Priyayi	Kaca
36	Darba	Tandangipun Darba sarèh, polatanipun ayem, ungelipun cetha, anggènipun ngucapaken tembung, ingkang ngéngingi prakawis perlu dipun sorakaken.	Wicaksana	94
37	Darba	Wiwit nalika samanten Darba ketingal mampeng sanget anggènipun manah prekawis ingkang maédahi ing akathah, tumut ngedegaken soos, griya sakit, ngadani adegipun pamulangan neutraal, sapanunggilanipun.	Bebuden luhur	98
38	Darba	Saged sanget Darba nata mangsanipun, manawi siyang ngulat-ulataken ingkang sami nyambutdamel, amargi bebaunipun sampun sami saged nindakaken, namung manawi wonten damel ingkang angèl, punika saweg dipun tandangi piyambak.	Tanggjawab	98
39	Ki Mas Nayapada	"Dadi gedhé-cilik pangarep-arepmu kuwi wis ana babaré. Mulané, Dhi, saya mantep panuwunmu marang Gusti kang Agung, bisaa lestari sapandhuwuré."	Ènget dhateng panguwaosipun Gusti Allah	100
40	Ki Mas Nayapada	"Kuwi mung saka durung bisané ndunungaké awaké. Anakmu biyèn rak tutur, ajining dhiri kuwi saka arta lan arti. Artané wis ana, mung artiné sing durung. Arti kuwi asalé ora mung saka sekolah baé, saka sesrawungan, dhemen tetakon, dhemen nitèni. Wong bisa ndunungaké awaké kuwi, wong sing sugih sangu. Sangu mono ora wujud dhuwit. Mesthi baé tumrapping wong lelungan, sanguné dhuwit. Sanguné wong arep ketemu priyayi gedhé, tatakrama. Sanguné urip wong ana praja, ngerti marang pranataning nagara, kaya ta aku lan kowé omah-omah manggon ana bumining Ratu, pancèné aku kudu meruhi, apa ta undhang-undhang lan pranatané panggunan kuwi, mesthiné kudu mbayar pajeg, kudu ngresiki papan-pomahan, ora kena gawé swara kang dudu mangsané. Manawa wis netepi mangkono, arep dikapakaké manèh."	Wicaksana	100

Tabel salajengipun

<i>No. Data</i>	Paraga	Pethikan <i>Data</i>	Wujud Sikap <i>Hidup</i> Priyayi	Kaca
41	Ki Mas Nayapada	Saiki wis akèh wong nonoman sing weton pamulangan. Panggolèké pangupa jiwa ora mesthi mung niat dadi priyayi baé, kang lumrahé diarani tukung kajèn kèringan. Amarga pamikiré, pangaji-aji iku gampang tinemu ing buri, sing perlu awaké dhéwé dhisik dipikir bisané urip patut sarana olèh pametu kang nyukupi, sabanjuré diarah bisaa netepi wajibing ngaurip ngélingi urip bebarengan karo wong akèh. Yèn wis mangkono, pangaji-aji lan kèringan iku rak teka dhéwé, tur metu saka rila legawaning ati suci.	Wicaksana	101
42	Darba	Piyambakipun inggih mireng, bilih dipun rembag, dipun gumuni, dipun alem, nanging makaten punika boten klebet ing pamanahan.	Bebuden luhur	105

LAMPIRAN 3

Tabel 2: Wujud *Ikon Topologis*, *Ikon Diagramatik*, saha *Ikon Metaforis* wonten ing *Novel Kirti Njunjung Drajat*

<i>Wujud Ikon</i>	<i>Indikator</i>	<i>Pethikan Data</i>	<i>No. Data</i>
<i>Ikon Topologis</i> a. Nyebataken salah satunggaling papan, wewengkon tartamtu saha kahananipun.	Kahananipun wonten ing setatsiyun Balapan Surakarta	Tetiyang Surakarta ingkang badhé kekésahan mangilèn minggahipun dhateng sepur arebat jucung, usek-usekan kaliyan ingkang saweg mandhap; dipun bengoki déning kondhèktur, supados ngentosi satelasipun ingkang mandhap, boten dipun rèwès, amargi sumelang manawi boten uman papan, agengipun ngantos katilar ing sepur.	1
	Kahananipun wonten ing setatsiyun Purwasari	Kacariyos ing setatsiyun Purwasari, kathah sanget ingkang badhé numpak sepur, ingkang kathah kanca dhusun mentas sesadéandhateng nagari, bebektanipun sarwa rowa, senik isi angsal-angsal: roti, dolanan. Tiyangipun jaler taksih sami mbekta pikulan, panganggènipun salong wonten ingkang namung kathokan thok.	2
	Kahananipun wonten ing setatsiyun Purwasari	Sadhatengipun sepur saking Balapan, swaranipun sakelangkung umyung, pating grubyug pating bilulung. Saben kontening gerbong, ngajengipun bentet tiyang dhedhesekan rebat ngadjeng.	3
	Kahananipun gerbong sepur	Sanalika gerbong-gerbong klas tiga Jawi kebak jejel, kados tinetel. Makaten ugi gerbong panggènanipun priyantun kalih ingkang badhé jagong, waunipun ngglodhag, samangké inggih bentet.	4
	Wonten ing setatsiyun Gawok	Karéta latu mandheg ing setatsiyun Gawok, salebeting gerbong pinanggih sela malih, Mas Bèi Mangunriptalajeng mapan linggih, tandang tanduk saha polatanipun béda kaliyan ingkang wau-wau.	5

Tabel salajengipun

<i>Wujud Ikon</i>	<i>Indikator</i>	<i>Pethikan Data</i>	<i>No. Data</i>
	Kahananipun dalemipun Darba	Panuju ing wanci sonten sami jejagongan, Ki Mas Nayapada linggih celak méja ngadhep wédang, ingkang èstri nglinting rokok, linggihipun Darba kepara tebih asesèndhèn saka.	6
	Kahananipun nagari Surakarta	Sukunipun redi Merapi ingkang sisih kidul wétan, toyanipun gumpang, tulus ingkang sarwa tinanem. Pasitèn wau kathah ingkang dados kabudidayan, katanenam rosan, tom, pantun. Kedhungipun satunggaling lèpèn, toyanipun bening, dados kaluruganipun laré padhusunan, sami adus aceciblon.	7
	Kahananipun kitha Surakarta	Ing dinten Sabtu sonten, surya sampun boten ketingal, lentéra-lentéra ing margi ageng salebetipun kitha Surakarta wiwit dipun sumedi.	8
	Kahananipun dalemipun Darba ing Semarang	Watawis ing taun 1912 ing kampung salebetipun bawah Mangkunagaran wonten griya mentas dipun dandosi énggal, dumunung ing sapinggiring margi. Bagéan griya ingkang ngajeng katata resik, ingkang sasisih wonten pitipun sawatawis kadhasaraken, taksih énggal-énggal apèni, malah wonten ingkang taksih buntelan. Sasisihipun malih wonten méjanipun panyeratan kinubeng ing kursi saha dhingklik sawatawis. Sawingkingipun punika ketingal wonten pirantos-pirantos tosan sami kados mesin, terkadang wonten ingkang medal kukusipun kumelun. Ing tritising griya wonten balabagipun wiyar, kaecèt cemeng mawi seratan pethak acetha.	9

Tabel salajengipun

<i>Wujud Ikon</i>	<i>Indikator</i>	<i>Pethikan Data</i>	<i>No. Data</i>
b. Nyebataken paraga cariyos kaliyan sikap saha kahanan fisik.	Kahananipun paraga Ki Mas Nayapada saha sikapipun	Nayapada mangsuli taklim, amargi kejawi wicanten dhateng inggil-inggilanipun, pancèn dhasaripun andhap-asor. Tanganipun kagathukaken satengah ngapurancang, sarta mawi mendhak sawatawis, tembungipun, "Nun badhe njagong dhateng Dlanggu."	10
	Kahananipun paraga saha sikapipun Mas Bèi Mangunripta	"Inggih, ta. (Anggènipun wicanten makaten punika kaliyan ngowahi linggihipun, dhuwungipun kainger, kakempit ing bau tengen, lajeng asesèndhèn, sukunipun kalih pisan kaslonjoraken, tumumpang ing bangku ngajengipun)... Wah nanging radi rèbyèg, Mas, lah tiyang mangké panggihé pangantèn jam nem; mila kula punika wiwit saking griya sampun dandos mathithit."	11
	Kahananipun paraga saha sikapipun Darba	Mireng pitakèn punika, Darba lajeng ngéwahi linggihipun, sakawit ngungkuraken Mas Bèi Mangunripta, sapunika miring mawi méngo, wangsulanipun cekak nanging taklim, "Kapatihan."	12
	Kahananipun paraga saha sikapipun Dèn Bèi Dhistrik	Dèn Bèi Dhistrik lajeng wiwit medhar sabda, swaranipun cetha, mranani dhateng ingkang mirengaken, dhasar priyantun micara.	13
	Kahananipun paraga saha sikapipun Bandara Panji Puspawicara	Panuju wonten ing kantor, Dèn Bèi Prajasusastra dipun sanjani priyantun nènèman bregas, misuwur ahli dhateng kasusastran, punapadéné sugih pangertosan.	14
	Kahananipun paraga saha sikapipun Darba	Satunggaling tiyang nènèman kados pun Darba, jembar sawanganipun, sampun saged nandhing milih, panimbangipun ing samubarang prakawis mawi nalar-nalar ingkang premati, punika pancènipun sampun kénging dipun eculaken, kados pundi pamilihipun lampah badhé gesangipun.	15

Tabel salajengipun

<i>Wujud Ikon</i>	<i>Indikator</i>	<i>Pethikan Data</i>	<i>No. Data</i>
	Kahananipun paraga saha sikapipun Darba	Panyambutdamelipun mèmèng. Gesangipun prasaja, ananging badanipun dipun ajèkaken, manawi perlu ngedali pasamuwan, kajagi sampun ngantos kuciwa momoran kaliyan tiyang saé-saé, lripun manganggé pantes, tatakramanipun jangkep. Upaminipun kepeksa kekésahan numpak sepur, utawi neningali kemidhi gambar sorot sasaminipun, linggihipun boten sapurun-purun kémawon, mawi nglaras kawontenan, pamanggènipun wonten ing klas satunggal utawi kalih. Inggih leres makaten punika mewahi ragad, ananging ngrembag bab ajining dhiri, sampun kedah makaten.	16
<i>Ikon Diagramatik</i> a. Nedahaken papan, palenggahan utawi jabatan mawi dhasaripun.	Jabatan paraga Ki Mas Nayapada	Tetiyang wau wonten ingkang manganggé paméran, asinjang carik latar cemeng, rasukanipun sikepan cemeng cekak, sabukipun dringin, èpèk bludru cemeng. Dhuwungipun ladrang pendhok suwasa. Sawanganipun prasaja, namung saben-saben ketingal timangipun satlérman gebyar-gebyar mawi mripat inten, tetéla ingkang nganggé punika kecekapan. Kejawi punika tiyang wau nganggé kuluk pethak, kénging dipun grayangi bilih abdidalem apangkat drajat.	17
	Jabatan paraga Darba	Ingkang linggih ing bangku ngajengipun: anakipun. Jejaka watawis umur 18 taun anama pun Darba, ugi manganggé paméran, rasukanipun beskap cemeng, sarta duwungan, bebedanipun wiron kéncongan, taksih gelungan acundhuk jungkat penyu mrantandhani bilih taksih magang, dèrèng dados priyantun.	18

Tabel salajengipun

<i>Wujud Ikon</i>	<i>Indikator</i>	<i>Pethikan Data</i>	<i>No. Data</i>
	Jabatan paraga Mas Ngabèi Mangunripta	Wonten malih priyantun, linggihipun kaliyan abdidalem jajar wau kepara tebih, nanging kaleres ajeng-ajengan. Panganggènipun sairib jajar wau, nanging kulukipun cemeng, punika abdidalem mantri, nama Mas Ngabèi Mangunripta, mbekta pandhèrèk laré jaler satunggal.	19
b. Nyebatan kahanan saha sikap paraga gayutanipun kaliyan perkawis ingkang dipunlampahi.	Kahananipun saha sikap paraga Mas Bèi Mangunripta anggenipun nglampahi perkawisipun	Mas Bèi Mangunripta nepsu, lajeng ngungel-ungeli tiyang dusun wau, "...Heh, apa ora weruh yén aku priyayi. "	20
	Sikap Mas Bèi Mangunripta nalika dipunswanteni dening kondhektur sepur	Mas Bèi Mangunripta pucet guwayanipun, kèndel tanpa cumuwit, rumaos manggih kawirangan.	21
	Kahanan saha sikap Mas Bèi Mangunripta nalika wonten ing pajagongan	Inkang makaten punika saya ndadosaken nepsunipun Mas Bèi Mangunripta, mila sanajan sadaya tamu sami ngadeg ngepang ingkang beksa, urun keplok sawènèh nggérong, Mas Bèi Mangunripta lenggah kémawon, malah lajeng ngombé jenèwer plepak-plepek, ngantos rainipun abrit manang-manang.	22
	Sikap Mantri Onder Dhistik mangertosi sikap ingkang boten sae saking Mas Bèi Mangunripta	Mantri Onder Dhistik inggih ngunjuk, nanging tanpa mangsuli sakecap, ing batos sakelangkung ngungun, déné ngantos ketamaning tindak kados makaten. Nanging polatanipun boten éwah, mratandhani priyantun luhur ing budi, boten samar ing patrap agal alus, pancèn bregas, wujudipun boten ageng inggil, nanging saluranipun akas lan kiyeng.	23

Tabel salajengipun

<i>Wujud Ikon</i>	<i>Indikator</i>	<i>Pethikan Data</i>	<i>No. Data</i>
	Sikap Darba nalika wonten prekawis ingkang boten sae	Darba sumerep nalar makaten punika sakelangkung ngungun, déné wonten tindaak sawenang-wenang, sulaya temen kaliyan angger-angger saha pranatanipun Kangjeng Gupernemèn. Manahipun nguneg-uneg, sarta Darba gadhah panginten bilih bab punika badhé dados prakawis ageng.	24
	Sikapipun Mbok Nayapada nalika mireng wicantenipun Darba	Dumugi samanten wicantenipun Darba, pedhot dipun selani embokipun. Nalika Mbok Nayapada miring tembungipun Darba, "...dèrèng kantenan. Saupami...." Mripatipun sampun wiwit abrit, sareng wicanten luhipun carocosan, tembungipun, "Langkung limalas, salawé, sèket, ...Kowé rak arep dadi carik pabrik, ta?"	25
<i>Ikon Metaforis</i> a. Tembung Entar	Kamiripan kaliyan tumindak saha sikap tartamtu	Mas Bèi Mangunripta pucet guwayanipun, kèndel tanpa cumuwit, rumaos manggih kawirangan.	26
	Kamiripan kaliyan tumindak saha sikap tartamtu	Inggang makaten punika saya ndadosaken nepsunipun Mas Bèi Mangunripta, mila sanajan sadaya tamu sami ngadeg ngepang ingkang beksa, urun keplok sawènèh nggérong, Mas Bèi Mangunripta lenggah kémawon, malah lajeng ngombé jenèwer plepak-plepek, ngantos rainipun abrit manang-manang.	27
	Kamiripan kaliyan tumindak saha sikap tartamtu	Ing saben dinten prasasat boten kendhat pamaosipun ing serat kabar, sampun mesthi kémawon seserapanipun saya mindhak, pikiranipun tansah lumampah.	28
	Kamiripan kaliyan rasa	Kaya aku iki kudu golèk ati saka Lurah Dhistrik, saka ingkang Bupati, gampangané saka Préntah Jawa.	29
	Kamiripan kaliyan rasa	Onderipun ambekuh, "Iyah, sing kokweruhi iku tetembunganing layang, durung sapiraa olèhmu ngrasakaké asiné uyah."	30

Tabel salajengipun

<i>Wujud Ikon</i>	<i>Indikator</i>	<i>Pethikan Data</i>	<i>No. Data</i>
	Kamiripan kaliyan tumindak saha sikap tartamtu	Satunggaling tiyang nènèman kados pun Darba, jembar sawanganipun, sampun saged nandhing milih, panimbangipun ing samubarang prakawis mawi nalar-nalar ingkang premati, punika pancènipun sampun kénging dipun eculaken, kados pundi pamilihipun lampah badhé gesangipun.	31
	Kamiripan kaliyan rasa	Nanging manahipun Darba tansah peteng, dèrèng saged manggih tékad ingkang dipun antepi.	32
	Kamiripan kaliyan tumindak saha sikap tartamtu	"Mung baé anakmu ora megar payungé (dadi priyayi)."	33
b. Tembung Pepindhan	Kamiripan kaliyan tiyang saha tokoh	Para tamu sapajagongan, purugipun mripat namung dhateng sang pindha déwa lan dèwi.	34
c. Bebasan	Kamiripan kaliyan tumindak saha sikap tartamtu	Kaping kalih, ingkang kathah tetiyang Jawi dèrèng jembar seserepanipun, bebasan kados kodhok kinureban bathok, kang kung, rumaosipun ngebaki jagad, boten sumerep manawi langitipun namung sakurebing bathok.	35

LAMPIRAN 4

Tabel 3: Wujud Indeks wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat

Wujud Indeks	Sebab	Akibat	No. Data	Kaca
a. Tumindak paraga ingkang damel kaget	Mas Béi Mangunripta ketingal nepsu, nanging tembungipun boten wonten tiyang mireng, amargi kinrutug ungelipun kondhèktur, kumrecek boten kenging dipun selani: "...ora ngerti aturan, kowé wong apa...."	Mas Béi Mangunripta pucet guwayanipun, kèndel tanpa cumuwit, rumaos manggih kawirangan.	1	17
	Saweg dheleg-dheleg makaten, Mas Demang kagét dipun jawil ingkang celak linggih, mratélakaken Bandara Onder rawuh.	Mas Demang Karyabau gita-gita ngadeg amethukaken onderipun kaacaran lenggah ingandhap talang sisih kiwa.	2	21
	Anggènipun mungel makaten punika kaliyan gumujeng, Jayus inggih tumut kekelen. Nanging sapinten kagètipun déné nalika punika dipun getak déning Tuwan Sinder pabrik.	Laré kalih sami pucet cahyanipun, Tuwan Sinder wicanten sereng, tembungipun, "Kurang ajar! Layak tandurané tebu padha rusak."	3	45
	Nalika Mbok Nayapada miring tembungipun Darba, "...dèrèng kantenan. Saupami...." Mripatipun sampun wiwit abrit, sareng wicanten luhipun carocosan, tembungipun, "Langkung limalas, salawé, sèket, ...Kowé rak arep dadi carik pabrik, ta?"	Nayapada saanakipun sami kagét, wicantenipun Nayapada, "Lo, alon ta, Embokné, kowé kuwi kok banjur ngono, rak iya dirungokaké dhisik kandhané anakmu kuwi, jenengé dirembug."	4	63
b. Tumindak paraga ingkang ngobahaken manah	Sadhatengipun ing griya, Dalil saha Jayus sami dipun clorèngi tir rainipun, tumunten kapurih ngadeg ing bentéran, ancik-ancik témbok ganjel pot.	Laré kalih sami tumungkul, isin dipun tingali laré kathah. Saya dangu rainipun saya kraos bentér, amargi ketaman soroting srengéngé tiripun saya ajèr.	5	46

Tabel salajengipun

Wujud Indeks	Sebab	Akibat	No. Data	Kaca
	Dhatengipun Dalil njungkel ing patileman, kaliyan nangis ingkang sanget, amargi boten betah ngraosaken bentéring rainipun.	Embokipun panuju adang, kagèt miring panangising anak, lajeng tumut nangis akekitrang, ndadosaken sami nuwèni.	6	46
	Darba énggal pamitan embokipun, nunten kaajak minggah numpak sepur dhateng Tuwan Masinis.	Mbok Nayapada boten saged ngampet, luhipun carocosan. Angkating sepur Darba sumerep embokipun nangis ngguguk, manahipun sumedhot, lajeng dipun celaki Tuwan Masinis, kaajak gegineman.	7	69
	Let sawulan kaliyan anggènipun wilujengan Dèn Bèi Prajasusastra, marasepuhipun Darba tilar donya, jalaran sakit influénza, let sawatawis dinten malih Darba kecandhak nandang sakit ngrekaos, madal sakathahing jampi.	Pancèn Gusti Allah saweg adamel lelampahan... Darba pinundhut ing Pangéran.	8	106
c. Tumindak paraga ingkang damel duka	Tetiyang wau wonten sawatawis ingkang klèntu, gerbong klas kalih dipun lebeti, ndadosaken nepsunipun ing kondhèktur.	"Buri, buri. Wong Jawa buri." Makaten pambengokipun kondhèktur, kaliyan begita-begitu. Swaranipun keras, timbang kaliyan wujudipun. Mripatipun loyop, bokmanawi sampun sayah, mila kedah nepsu kémawon.	9	15
	Dumadakan wonten tiyang dhusun mbekta pikulan, panganggènipun namung kathokan punika dhawah ngebruhi Mas Béi Mangunripta.	Mas Béi Mangunripta nepsu, lajeng ngungel-ungeli tiyang dusun wau, "...Heh, apa ora weruh yén aku priyayi."	10	16

Tabel salajengipun

<i>Wujud Indeks</i>	<i>Sebab</i>	<i>Akibat</i>	<i>No. Data</i>	Kaca
	Buntelanipun Mas Béi dipun sendhal dipun sèlèhaken longan.	Mas Béi Mangunripta ketingal nepsu, nanging tembungipun boten wonten tiyang mireng, amargi kinrutug ungelipun kondhèktur, kumrecek boten kenging dipun selani: "...ora ngerti aturan, kowé wong apa...."	11	16
	Jenèweripun mawut nyiprat dhateng rainipun Mas Bèi Mangunripta.	Mas Bèi Mangunripta nepsu, wicantenipun kumruwuk, lajeng badhé males mbithi rai, nanging kénging katangkis.	12	28

LAMPIRAN 5

Tabel 4: Wujud Simbol wonten ing Novel Kirti Njunjung Drajat

No.	Wujud Simbol	Pethikan Data	Kaca	No. Data
1	Kapriyantun	Tetiyang wau wonten ingkang manganggé paméran, asinjang carik latar cemeng, rasukanipun sikepan cemeng cekak, sabukipun dringin, èpèk bludru cemeng. Dhuwungipun ladrang pendhok suwasa. Sawanganipun prasaja, namung saben-saben ketingal timangipun satléraman gebyar-gebyar mawi mripat inten, tetéla ingkang nganggé punika kecekapan. Kejawi punika tiyang wau nganggé kuluk pethak, kénging dipun grayangi bilih abdidalem apangkat drajat.	11-12	1
		Inggang linggih jèjèr nunggil sabangku, bojonipun patrap panganggènipun inggih prasaja: sinjang bathik, rasukan gulon dhasar cemeng, sléndhangipun ngaweng wonten ing dhadha, gelunganipun tekuk, asengkang; linggih grompol mripat berliyan.	12	2
		Inggang linggih ing bangku ngajengipun: anakipun. Jejaka watawis umur 18 taun anama pun Darba, ugi manganggé paméran, rasukanipun beskap cemeng, sarta duwungan, bebedanipun wiron kéncongan, taksih gelungan acundhuk jungkat penyu mrantandhani bilih taksih magang, dèrèng dados priyantun.	12	3
		Wonten malih priyantun, linggihipun kaliyan abdidalem jajar wau kepara tebih, nanging kaleres ajeng-ajengan. Panganggènipun sairib jajar wau, nanging kulukipun cemeng, punika abdidalem mantri, nama Mas Ngabèi Mangunripta, mbekta pandhèrèk laré jaler satunggal.	12	4
		Panuju wonten ing kantor, Dèn Bèi Prajasusastra dipun sanjani priyantun nènèman bregas, misuwur ahli dhateng kasusastran, punapadéné sugih pangertosan.	35	5
		Ing wanci énjing tiyang ingkang manggèn ing griya punika lumampah ngeteraken anakipun jaler kekalih, sami sakolah Walandi dhateng loji wétan, panganggènipun cara sinyo, déné tiyang wau manganggé jas pethak, udheng-udhengan wiron cara Sala, wujudipun gagah amriyantuni.	86	6

Tabel salajengipun

No.	Wujud Simbol	Pethikan Data	Kaca	No. Data
		Panyambutdamelipun mepeng. Gesangipun prasaja, ananging badanipun dipun ajèkaken, manawi perlu ngedali pasamuwan, kajagi sampun ngantos kuciwa momoran kaliyan tiyang saé-saé, liripun manganggé pantes, tatakramanipun jangkep. Upaminipun kepeksa kekésahan numpak sepur, utawi neningali kemidhi gambar sorot sasaminipun, linggihipun boten sapurun-purun kémawon, mawi nglaras kawontenan, pamanggènipun wonten ing klas satunggal utawi kalih. Inggih leres makaten punika mewahi ragad, ananging ngrembag bab ajining dhiri, sampun kedah makaten.	91	7
		Darba kulina netepi wewalering tatakrama. Éwasamanten manawi dipun diksurani ing sanès, boten saged nepsu, amargi pamanahipun, tiyang ingkang patrap makaten punika namung kabekta saking bodhonipun, utawi ketarik saking boten sumerepipun. Amila tindakipun Darba punika namung tansah rumaket saha manis dhateng sinten-sintena.	91	8
2	Gelar Nama	Wonten malih priyantun, linggihipun kaliyan abdidalem jajar wau kepara tebih, nanging kaleres ajeng-ajengan. Panganggènipun sairib jajar wau, nanging kulukipun cemeng, punika abdidalem mantri, nama Mas Ngabèi Mangunripta, mbekta pandhèrèk laré jaler satunggal.	12	9
		Nalika sampun sami mapan linggih, Mas Ngabèi Mangunripta sumerep jajar wau, inggih lajeng aruh-aruhan, lagunipun ing wicanten ketawis sanget bilih dhateng sor-soran, tembungipun, "Lo, Ki Mas Nayapada...	12	10
		"Nun, badhe panggènanipun Demang Karyabau."	13	11
		"Punika Mantri Onder Dhistrik ing"	21	12
		Ing saben énjing pangkatipun Darba sowan dhateng kantor mesthi mampir dhateng dalemipun Dèn Bèi Prajasusastra.	35	13
		Dipun wangsuli bilih Bandara Panji Puspawicara, Darba inggih lajeng tumut nggatosaken dhateng ngandikanipun priyantun kekalih wau.	35	14
3	Masa Penjajahan Belanda	Lalampahan ingkang kacariosaken ing Bab 1 saha Bab 2 punika wonten ing salebetipun taun Walandi 1899.	29	15

Tabel salajengipun

No.	Wujud <i>Simbol</i>	Pethikan <i>Data</i>	Kaca	No. <i>Data</i>
		Ingang ndadosaken tumratabing manahipun Darba, déné sacelakipun Darba Walandi wau wonten sinyo alit kumureb	54	16
		Dumugi taun 1903 wontenipun pamulangan Jawi namung tiga, inggih punika pamulangan angka I satunggal ing Kapatihan, saha pamulangan angka II kalih ing Pasar Kliwon saha Mangkuyudan.	70	17
		Nalika samanten Surakarta saweg ramé- raménipun ngadeg pang Boedi Oetama énggal.	93	18